Dusubiye kwihweza itegeko nshikiranganji ryo ku wa 25 Ruhuhuma 1943 ryemejwe gukurikizwa mu Burundi n'itegeko ry'Urwanda n'Uburundi inomeru 54/T.F. ryo ku wa 10 Munyonyo 1943, nkuko ryahinduwe, ryerekeye kugurisha n'ugukotesha amatongo y'Igihugu ;

Dusubiye kwihweza itegeko ryo ku wa 12 Ruheshi 1951 nkuko ryahinduwe kandi ryemejwe gukurikiza mu Burundi n'itegeko ry'Urwanda n'Uburundi inomeru 42/45 ryo ku wa 28 Ntwarante 1952 n'itegeko ry'Urwanda n'Uburundi inomeru 42/93 ryo ku wa 17 Rusama 1934 ryerekeye ababa mu matongo ku buryo buteye kubiri batabirekuriwe n'amategeko ;

Dusubiye kwihweza itegeko ryo ku wa 24 Mukakaro 1956 ryerekeye kwaka amatongo beneyo ku neza ya bose ;

Dusubiye kwihweza itegeko ryo ku wa 20 Ruheshi 1957 ryerekeye imigambi y'ukuringaniza amatongo y'Igihugu ;

Dusubiye kwihweza itegeko ry'Umwami w'Uburundi inomeru 5 ryo ku wa 10 Myandagaro 1961 ritunganya ivyerekeye kwandika amatongo yiganziwe n'abantu ;

Twihweje itegeko-bwirizwa inomeru 1/48 ryo ku wa 29 Ruhuhuma 1972 rihagarika amasezerano y'ugutiza amatongo mu kiringo kitarenza imyaka 99 yabaye hagati ya Leta n'abantu imbere y'uko Uburundi buronka intahe y'ukwikukira ;

Twihweje itegeko-bwirizwa inomeru 1/19 ryo ku wa 30 Kigarama 1976 risubiza Leta amatongo yatanzwe hadakurikijwe amategeko ;

Twihweje itegeko-bwirizwa inomeru 1/19 ryo ku wa 30 Ruheshi 1977 rikuraho ubugererwa ;

Dusubiye kwihweza itegeko-bwirizwa inomeru 1/20 ryo ku wa 30 Ruheshi 1977 ritegekanya ko n'amatongo agengwa n'amategeko atanditswe ashingiye ku mico n'imigenzo y'Igihugu ashobora kwegukira umuntu kubera igihe amaze ayabamwo ;

Twihweje itegeko ry'Umukuru w'Igihugu inomeru 100/225 ryo ku wa 28 Gitugutu ritunganya ukundi gusha ibijewe ubuyobozi bw'ivyerekeye amatongo n'ukuyapima ;

Twihweje itegeko ry'Umukuru w'Igihugu inomeru 100/19 ryo ku wa 10 Ruhuhuma 1983 rishinga Ubuyobozi bw'ivyerekeye guhagarikira amasezerano, kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza ububasha ku matongo, mu Bushikiranganji bw'Ubutungane ;

Inama-Nshikiranganji imaze kuvyihweza ;  
Inama-Nshingamateka imaze kuvyemeza ;

## **TURATANGAJE IRI BWIRIZWA**

## **IKIGABANE CA MBERE : INGINGO NGENDERWAKO**

### **Ingingo ya 1**

Iki gitabu gishinga ingingo zikwirikizwa ku vyerekeye ububasha bwemewe canke bushobora kwemerwa ku matongo n'amazi biri ku butaka hamwe n'ibiriko kamere canke ku bundi buryo.

### **Ingingo ya 2**

Hatirengagijwe ububasha bwe-merewe abantu, Leta niyo ifise ububasha ntangere mw'iringanizwa ry'amatongo yose ari mu Gihugu ikabukoresha ku neza ya bose kugira ngo ubutunzi n'imibano bitere imbere hakurikijwe indinganizo n'uburyo bitegekanijwe n'amategeko.

Harashobora gushingwa amabwi-rizwa ahariwe iringanizwa, itunganywa n'ikoreshwa ry'amatongo amwe amwe canke uturere tumwe tumwe tugenye.

### **Ingingo ya 3**

Kubw'iki gitabu ububasha busho-boka ku matongo yubatswe canke atubatswe ni ubwerekeye amatongo atunzwe bwegu, intizo y'itongo mu kiringo kitarenza imyaka mirongo icenda n'icenda, ukwifashisha itongo ry'uwundi, gukoresha no kuba mu nzu y'uwundi, ingabanya-bubasha n'ingwati kw'itongo.

### **Ingingo ya 4**

Ibintu bitimuka ni amatongo n'ivyubatswe ko ivyatewe n'ivyimejeje hamwe n'ivyo vyose nyene agataka yageneye kutimurwa.

### **Ingingo ya 5**

Agataka, ubutare n'amazi ni ibintu bitimuka kubera akamere kavyo.

### **Ingingo ya 6**

Ibitimuka kubera bifatanye n'isi ni ibi :

1° Amazu n'ibindi bikenewe canke vya nkenerwa kuri yo nk'imiringoti itwara amazi, imyuka n'intsinga z'umuyaga nkuba ;

2° Ivyo vyose vyubatswe bifatanye n'isi ;

3° Ibintu n'ibindi biterwa ivyarivyo vyose bitarandurwa ;

4° Ivyamwa n'ivyimburwa bitaraso-romwa.

## **Ingingo yi 7**

Ivyitwa ko vyagenewe kutimurwa ni ivyo vyose bishobora kwimurwa bikaba vyashizwe na nyene vyo mu kitimuka ciwe canke afise ko ububasha mu gihe bica bimworohereza kubikoresha canke bikagumaho kubera akamaro kavyo canke ko bihimbaye.

Navyo ni nk'ibi :

1° Ibitungwa bikoresha mu kurima, ibikoresho bindi bifasha mw'irima, ibitungwa, imashini n'ibindi bikoresho bifasha mu rudandazwa canke mu mahinguriro ;

2° Ibintu vyubakiwe mu mpome, ibidashobora gukurwamwo bitamenetse canke ngo vyononekare canke hatabomotse canke ngo hononekare igice c'inyubakwa biriko, ivyirori, ibicapwa n'ibindi bisharizo, iyo icyumviro ca nyene vyo cari ico kubirekeraho bibonekera ku kuntu bingana naho biherereye ;

Uko kutimurwa kubera gushaka kwa nyene ho ntikurenza ububasha ahafiseko kandi guherana na bwo.

## **Ingingo ya 8**

Amatongo y'Uburundi agizwe n'amatongo aganzwa n'igihugu n'ayafise beneyo. Amatongo aganzwa n'igihugu n'aya Leta, ay'amakomine n'ay' amashirahamwe ya Leta ay'ariyo yose.

Amatongo y'igihugu ari kubiri : hariho ayagenewe gukoreshwa ku neza ya bose, atagurishwa kandi ntagabwe, n'ayandi yiganzira ubwayo. Ayandi matongo yose yitwa ko afise beneyo, yegukira abantu canke amashirahamwe yigenga.

## **Ingingo ya 9**

Amatongo y'igihugu canke y'abandi bantu agizwe n'ayari mu bisagara n'ayatari mu gisagara nk'uko bitomowe n'akarongo gakurikira : Amatongo yo mu bisagara ni ayo yose ari mu mbibe z'igisagara zishinzwe n'itegeko ry'umukuru w'igihugu. Ayasigaye yose si ayo mu gisagara.

## **Ingingo ya 10**

Hatarinze kwisungwa imirwi y'amatongo iri mu ngingo y'icenda, amatongo yitwa ayo kuba mwo, ayo kwubaka mwo amahinguriro, ayo gukoreramwo urudandazwa, uburimyi, ubworozi n'ibindi bishoboka bivuye ku co ayo matongo yagenewe.

Ivyo navyo bigenwa na nyene itongo, ariko bishobora gushingwa n'ubutegetsu be n'ingingo z'iki gitabu zerekeye imigambi y'iringanizwa n'itunganywa ry'amatongo y'igihugu hisunzwe kuyakoresha ico yagenewe igihe yatangwa canke yatizwa.

## **Ingingo ya 11**

Ukuba ufise ububasha kw'itongo ntibituma ugira ubwo bubasha ku biri muni y'agataka, amategeko abigenga ashingwa n'izindi ingingo zivyerekeye.

Kuba ufise ububasha kw'itongo ntibituma kandi ugira ubwo bubasha ku mazi ari muni y'agataka canke ku gataka akaba atashinzweho na nyene itongo.

Ububasha bwo kuyakoresha ni ubwa bose. Ntawushobora kuyihariza kiretse ubutegetsu bubitangiye uruhusha kandi hakwirikijwe amabwirizwa n'amategeko yerekana ububasha ayafise ko n'ingene ayakoresha.

## **Ingingo ya 12**

Umuntu wese, canke ishirahamwe ashobora kuronka ububasha bwose butegekanijwe n'iki gitabu akabukoresha mu mwidegemvyo mugabo atarenze ku bubasha abandi bafise n'ivyo amabwirizwa n'amategeko abuza.

## **Ingingo ya 13**

Abanyamahanga canke amashi-rahamwe mvamahanga bafise ubwo bubasha kandi bakubahirizwa nk'abavukagihugu ; barashobora guhabwa canke bagatizwa amatongo y'igihugu nk'uko bitegekanijwe kandi biringanijwe n'iki gitabu c'amabwirizwa.

Ariko ntibashobora kwegurirwa amatongo kiretse bagomba kuyakore-ramwo ivy'amahinguriro, urudandazwa, ivyerekeye imibano, akaranga, ubumenyi canke kuyabamwo.

Amatongo yo kurima canke yo kwororeramwo ntibashobora kuyegurirwa kiretse mu kuyatizwa mu myaka itarenga 99, canke kuyifashisha no kuyakoresha gusa.

## **Ingingo ya 14**

Mw'ikwirikizwa ry'ibitegekanijwe n'iki Gitabu c'amabwirizwa, umunyama-hanga ni umuntu wese adafise ubwengehugu bw'Uburundi hakurikijwe amabwirizwa avyerekeye.

Ryitwa kandi ko ari imvamahanga ishirahamwe ryose riri muri iyi mirwi :

a) Amashirahamwe yose yashinzwe hata-kurikijwe amabwirizwa yo mu Burundi ;

b) Amashirahamwe y'abanyamahanga canke agizwe ahanini n'abanyamahanga

## **Ingingo ya 15**

Ibitegekanijwe n'ingingo zihuruka ntibishobora kubuza ikurikizwa ry'amategeko ari mu masezerano mpuzamakungu Uburundi bwemeje, ategukanya canke

azotegekaniriza akarusho imvamahanga canke amashirahamwe mvamahanga mu gihe ayo mategeko yemera ko n’Abarundi baronka ako karusho.

Ni co kimwe n’iyo ata sezerano mpuzamakungu ririho ; abanyamahanga ntibashobora kwishimikiza ibitege-kanijwe n’iki gitabu c’amabwirizwa, mu gihe igihugu baturukamwo gikurikiza ku banyamahanga bakibamwo amategeko atanga akarusho kari muni y’agatege-kanijwe muri iki gitabu.

### **Ingingo ya 16**

Igihugu c’Uburundi kibaguwemwo uturere tw’amatongo tungana uko intara zingana, utwo natwo turongowe n’uwuje-jwe kwandika n’ugushingura inkaratasi zitanga ububasha ku matongo ; akoreshwa kandi akagenzurwa n’umuyobozi ajejwe kwubahiriza amabanga n’amasezerano, no gushingura inkaratasi zitanga ububasha ku matongo.

### **Ingingo ya 17**

Iyo akazi kahari kadasaba ko hoshingwa uwujewe kwandika n’ugushi-ngura inkaratasi zitanga ububasha ku matongo, haca haba haragenwa umufasha w’imfatakibanza, atorwa mu bakozi ba Leta b’aho hantu.

### **Ingingo ya 18**

Uwujewe kwandika n’ugushingura inkaratasi zitanga ububasha ku matongo afise ubushobozi muvyerekeye :

1° Iyandikwa ry’amatongo hakurikijwe ingene bitegekanijwe n’iki Gitabu ;

2° Igurishwa icamunara ry’amazu canke amatongo ryategetswe na Sentare mw’ikurikizwa ry’urubanza canke hakurikijwe ubuhinga buba bwazizwe mu masezerano canke hakurikijwe ingingo ya Sentare yemeza ko habaye ubuhombe.

Uwujewe kurangura ayo mabanga ni uwukorera aho ayo mazu canke amatongo aherereye.

### **Ingingo ya 19**

Hari mu karere kamwe kamwe :

1° Igitabu c’inzandiko zemeza bene amatongo uko zagiye ziratangwa n’uwubijewe, urwandiko rumwe rumwe rufise inomeru y’urutonde kandi urwandiko rwemeza nyene itongo rwisangiza urupapuro muri ico gitabu ;

2° Igitabu c’inzandiko zigenewe bene amatongo gisigarana ibishitsi iyo izo nzandiko zitanzwe, urupapuro rumwe rumwe rukagira inomeru y’urutonde isa n’iyiri muri ca gitabu c’inzandiko zemeza bene amatongo;

3° Igitabu c'urutonde rw'amazina akurikizwa urudome ku rudome y'abantu bose bahawe inzandiko zemeza ko ari bene amatongo ;

4° Igitabu candikwamwo ku musi ku musi, inzandiko zemeza bene amatongo zatanzwe, inzandiko zongeweko n'inzandiko zose zashikirijwe uwujejwe kuzandika no kuzishingura.

### **Ingingo ya 20**

Uwujejwe kwandika no gushingura izo nzandiko ategerezwa kwama ashikiriza uko ukwezi gutashe umuyobozi ajejwe kwubahiriza amabanga, amasezerano, kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo, iyimuriro y'izo nzandiko zemejwe n'uwazitanze, n'ivyo yasabwe kwongerako canke guhanagura.

Iryo yimuriro ni ryo ryemerwa iyo ico gitabu catakaye canke cazimanganye.

## **IKIGABANE CA KABIRI : UBUBASHA KU MATONGO**

### **IGICE CA MBERE : ITONGO BWEGU**

***Agace ka mbere : Ibiranga itongo bweru***

### **Igingo ya 21**

Itongo bwegu ni itongo nyene ryo afise ko ububasha bwo kurikoresha ico ashaka ata nkomanzi, kiretse ibibuzwa n'amategeko canke ububasha bwemewe bufiswe n'uwundi muntu kuri iryo tongo.

### **Igingo ya 22**

Hatirengangijwe ibitegekaniywe n'ingingo ya 11 y'iki gitabu, uganza itongo niwe aganza ibiri hejuru y'agataka, ku gataka no musi y'agataka.

Ariko nyene itongo bwegu ntashobora kubuza ibikorwa ku kirere kiri hejuru y'itongo ryiwe canke muni y'agataka k'iryo tongo ryiwe ata nyungu n'imwe afise yo kubibuza.

### **Igingo ya 23**

Nyene itongo nta bubasha na bumwe afise ku nzuzi canke kuri ivyo vyose bishobora gutizwa hakurikijwe amategeko abigenga nk'ayerekeye ubutare.

## **Igingo ya 24**

Nyene itongo bwege ni we aganza ibirivuyemwo vyose bikaguma ari rwiwe naho bitoba bikiri kuri iryo kiretse icyo hari amabwirizwa yabitegekaniye ukundi.

## **Igingo ya 25**

Nyene itongo bwegu niwe aganza ibiriko vyose n'ivyiyongereyeko mu buryo ubw'aribwo bwose.

Nyene itongo bwegu aryubakishijemwo ibikoresho canke agateramwo ibiterwa bitari rwiwe ategerezwa kuriha igiciro cavyo mbere bikenewe hakajako n'indishi, ariko nyene ivyo bikoresho canke ibiterwa nta burenganzira afise bwo kubikuraho.

## **Igingo ya 26**

Ivyubatswe canke ibiterwa vyashizwe kw'itongo ry'uwundi muntu mugabo nyene kubishirako akoresheje ibikoresho n'ibiterwa vyawe ata buryarya abigiranye, ivyo bigiye kuri iryo tongo, bica biba ivya nyeneryo.

Nyene itongo ntashobora gushinga ko biva ho kandi aca ategerezwa gusubiza nyene vyo ikiguzi c'ibikoresho canke ibiterwa n'agahembo k'ababishizeho n'akarusho iryo tongo ryoba ryaciye rigira kubera vyo.

## **Igingo ya 27**

Iyo nyene gokora ivyo bikorwa yari azi ko atari nyene itongo canke yari azi ko azoshobora kuryakwa umwanya uwariwo wose, maze akaba yagize uburyarya, nyene itongo ashobora gushinga ko bisamburwa canke birandurwa bikavanwaho vyose hakoreshejwe uburyo bwa nyene kubishiraho, mbere n'indishi igatangwa bikenewe canke ashimye ko bihaguma agasubiza ivyakoreshejwe canke akarusho itongo ryahakuye.

## **Igingo ya 28**

Iyo nyene itongo mu kwubaka canke mu kurima yarengereye kw'itongo atari rwiwe mugabo ata buryarya yabigiranye, nyene kurengererwa ntashobora gushinga ko bivaho mu gihe biboneka ko agahombo yagize kari munsi kure y'agahombo nyene kubishiraho yogira mu gihe vyokurwaho.

Muri icyo gihe aho yarengereye haca haba rwiwe ariko akahatangira indishi.

## **Igingo ya 29**

Uwuronse ikitimuka akagikoresha ata nkomanzi imyaka mirongo itatu gica kimwegukira.



Uwufise ikintu kitimuka c'uwundi ntigishobora kuba rwiwe bwegu yitwaje umwanya yoba akimaranye.

***Agace ka kabiri : Amatongo rusangi***

**Ingingo ya 30**

Kiretse iyo amasezerano ategukanya ukundi ingene hakoreshwa, hagatunganywa ibintu rusangi, ugasangira itongo gutunganyijwe n'ingingo zikurikira.

**Ingingo ya 31**

Iyo itongo risangiwe n'abantu benshi, banganya canke batanganya, umwe umwe muri bo arashobora kurikoresha ryose ariko yisunze ico ryagenewe kandi ntabere intabamyi abo barisangiye.

Ibivuye muri iryo tongo birasa-ngirwa ku rugero rw'ububasha umwe umwe wese arifise ko. Umwe wese arashobora kurikorera mu kurisibura no mu kuririma.

Ivyo nkenerwa biraba umwe wese hakurikijwe uruhara afise kw'itongo.

Batavyumvikanye ntanumwe muba-sangiye itongo ashobora guhindura ico ryagenewe kibure arimaze ibirengeye ububasha arifise ko.

**Ingingo ya 32**

Umwe wese mu basangiye itongo arashobora gusaba ko rigaburwa n'aho hoba hari amasezerano canke ikindi kibibuza. Ariko abasangiye itongo barashobora kwumvikana kutazogabura mu kiringo bishingiye.

**Ingingo ya 33**

Ingingo ya 32 ntiyerekeye inzitiro rusangi, amariba, ibigega vy'amazi, imbuga, imihora canke inzira vyose bihuriweko n'amatongo menshi.

**Ingingo ya 34**

Ibintu bitumurwa rusangi bikaba vyagenewe gukoreshwa nk'imperekeza na bene amatongo atandukanye bose, ntibishobora kugaburwa.

Ivyo bintu ntibishobora gutangwa, gukoreshwa ico arico cose canke gufatwa bitari kumwe n'itongo biherekeza nk'ivyavuye nkenerwa kuri ico kintu kitumurwa, nk'ivyakoreshejwe mu kukibungabunga, mu kugisibura bigaburwa hakurikijwe ico itongo rimwe rimwe muryo giherekeza riciye.

Biremerewe mu bitegekanywa n'uturungo tubiri twa mbere tw'iyi ngigo ko umwe umwe wese mu basangiye itongo ashobora guhindura akoresheje uburyo bwiwe ingene itongo rimeze, kiretse guhindura ico ryagenewe no kwononera abo barisangiye.

### **Ingingo ya 35**

Iyo ibihimba vy'ikitimuka ari ivyo abantu batandukanye, ibiri muri ivyo bihimba bihurirwa ko na bose nk'isi, imishinge, impome nini nini, ibisenge, ibibuga, ibishimu, imirere, ingazi n'inderuzo zo mu magorofa, imiringoti, imivo n'ibindi biba ari ivya bose.

### **Ingingo ya 36**

Ingingo zerekeye gusangira ikitumuka hagati y'abatorana, abubakanye n'abanyamashirahamwe zishingwa n'ayandi mategeko.

### ***Agace ka gatatu : Gusangira urubibe***

### **Ingingo ya 37**

Ugusangira urubibe kuvugwa muri iki Gitabu ni ubundi buryo bwo gusangira ikintu gitandukanya amatongo afatanye ariko yegukira babiri.

### **Ingingo ya 38**

Umwimbu canke ivya nkenerwa ku ruzitiro ruri ku mbibe bisangigwa na bose ku rugero rw'ububasha umwe wese arufise ko.

Ariko, kiretse ibitegekanijwe k'uburyo butomoye n'amategeko, umwe wese mu barusangiye arashobora kureka kurusanura maze akaba ahevye kuruganza, kiretse iyo uruhome rusangiye rushigikiye inzu yiwe.

Uko guheba ikintu kiri ku rubibe bigirwa mu kubishira mu nzandiko zose zemeza abo bene amatongo.

### **Ingingo ya 39**

Umwe mu babanyi ahinduye uruzitiro rugize urubibe mu kurusanura, mu kuruduza canke kumvo yindi yose, niwe yagira ingaruka mbi bizana irengeye iyo ababana basanzwe bihangana. Umubanyi wese arafise uburenganzira bwo kwanka igikorwa ico arico cose gituma arenganywa kandi arashobora kwaka indishi kubera ivyononekaye.

### **Ingingo ya 40**

Umwe wese mu basangiye urubibe arashobora kubakira uruhome rusangi akanashiramwo inkingi canke imishoro ariko umubanyi afise uburenganzira bwo gusaba kubigabanya gushika kugice c'intimatimba mu gihe nawe agomba kuhakorera nk'ivyo.

### **Ingingo ya 41**

Umwe wese mu basangiye uruzitiro ruri mu rubibe arashobora kwungura uruhome rusangiye ; iyo urwo ruhome rudashobora kudugirizwako uwugomba kurwungura aca

arwubaka rwose akoresheje uburyo bwiwe, kandi intibatimba irenze ko itumbera ku ruhande rwiwe.

Muri icyo gihe, urwo ruhome rushasha rusangiwe gushika ku burebure ni intibatimba urwa mbere rwagerako.

#### **Ingingo ya 42**

Umubanyi adafashije mu kuduza urwo ruhome arashobora kuronka uburenganzira bwo kurusangira n'ubarwunguye mu kuriha icya kabiri c'igiciro c'urhome rushasha, n'icunguwe n'agataka gashasha kakenewe mu kurwungura.

#### **Ingingo ya 43**

Uwufise itongo rihana urubibe n'urhome rw'uwundi arashobora gusaba ko barusangira rwose, canke igice carwo, asubije igice c'igiciro c'igihimba agomba n'igice c'igiciro c'isi rwubatseko.

Ariko ubwo burenganzira ntibwemererwa umubanyi yahevy ububasha bwo gusangira urubibe.

#### **Ingingo ya 44**

Iyo iryo tongo rikoteshejwe canke riri mu minwe y'uwundi mu bundi buryo, ububasha bwo gusangira bwo urubibe burashoboka bisabwe n'uwo ari muri ryo ashobora canke azashobora kuba nyene-ryo.

Iyo iryo tongo ritegukiye uwo yaronse urubibe rusangi aramutse arivuyemwo araheza akaronka inshu-mbusho ingana n'igiciro c'ako karusho.

Uri muri iryo tongo ububasha n'ivyo ajejwe kuri urwo ruhome rusangiwe ni nk'ivyo asanganywe kuri nya tongo.

#### **Ingingo ya 45**

Kuri ibi vyerekeye ingingo ya 44 ako karusho ntigashobora kuba nyene itongo bitamuciyeko ngo avyemere ; ariko, ntashobora kuvyanka kiretse icyo gashobora kumwononera.

#### **Ingingo ya 46**

Iyo iryo tongo ryatijwe imyaka itarenga 99 canke icyo ryabaye ririfa-shishwa, ububasha bwo gusangira urubibe burashobora kuronkwa buciye ku bari muri ryo. Iyo barivuyemwo naho kubera ububasha bari barifiseko burangiye, ubwo bubasha bwo kuganzira hamwe urubibe burahaguma kandi nyene itongo ataco atanze.

**IGICE CA KABIRI. IVYEREKEYE INTIZO Y'ITONGO MU GIHE KITARENGA**  
**IMYAKA 99**

**Ingingo ya 47**

Intizo y'itongo mu gihe kitarenga imyaka 99 ni ububasha bwo gukoresha itongo ry'uwundi, hagategerezwa ko rikorerwa, ribungabungwa hakarihwa amafaranga canke hagatangwa ivyi-mburwa iyo vyasezeranywe. Iyo ntizo ntishobora kurenza imyaka 99. N'iyi amasezerano ategukanya igihe kirenga aho, amategeko aca ayigarukana ku myaka 99.

**Ingingo ya 48**

Hisunzwe ibitegekanyijwe mu ngingo zikurikira, kandi hatirengagijwe ingingo z'ayandi mabwirizwa abitegekanya ukundi, nyene kuronka itongo niwe aganza ivyimbura vyose bivamwo. Niwe wenyene ahafitiye ububasha bwo guhiga no kuroba.

Arashobora kwicira ibiti agomba kuryubakamwo canke agomba kwigirira akandi kunguko.

Arashobora gukoresha ibiti birimwo akabikorera neza nka nyenevyo, canke agatera ibindi bibisubirira. Arashobora guhindura ico itongo ryagenewe kugira aryongere agaciro.

**Ingingo ya 49**

Nyene gutizwa itongo arashobora gutiza ububasha arifise ko, kurigwaturiza no kuryemera ko ivyo abandi barikeneye ko mugabo vyose bitarenga umwanya nawe arifitiye ububasha.

**Ingingo ya 50**

Nyene gutizwa itongo ategerezwa gusanura ico cose gikenewe nico yoba yariyubakiye.

Hagize uwundi muntu ariyagira, nyene kuritizwa ategerezwa kubimenyesha nyene ryo.

**Ingingo ya 51**

Nyene gutizwa itongo ntashobora gusaba kudasubira kuriha ivyo yategerezwa gutanga yishimikije ko yatakaje igice c'itongo, ko atimbuye canke iyo si itamera kubera ivyaduka.

**Ingingo ya 52**

Nyene gutizwa itongo ntashobora kwitwaza kuba yararihevyeye ngo ntatange canke ngo akore ivyo yategerezwa.

Ariko arashobora kugondoza nyene itongo kwemera ko yoriheba, iyo icaduka cononye ibiterwa canke ibindi bikorwa vyatuma iryo tongo rigira agaciro, bigatuma atamwimbu ukwiye akirironkamwo kugira atange ivyo yahora atanga.

### **Ingingo ya 53**

Igihe iyo ntizo y'itongo ihana-hanywe n'abakiriho canke bivuye k'urupfu, ivyategerezwa vyose kuri iryo tongo bica vyega bidatandukanijwe umwe wese muri abo barironse.

Mu gihe iyo ntizo ihanahanye abakiriho, uwuyitanze niwe yishinga uwo ayihaye.

### **Ingingo ya 54**

Uwaronse iyo ntizo arashobora kuyakwa mbere akanatanga indishi bikenewe :

1° Iyo atarishe ivyo yategerezwa gutanga ku mwaka ku mwaka, incuro zitatu zikurikirana, mbere n'iyi aretse kuriha bivuye ku gahombo canke ubukene.

2° Iyo yiyobagije bikomeye gukorera no kubungabunga itongo.

3° Iyo yimonogoje mu buryo arekuriwe bwo gukoresha itongo.

Abo baheraniwe n'uwaronse iyo ntizo barashobora gufasha kugirango ububasha bafise ntibutakare ; barashobora kuriha ivyo yari aheranye, kugorora ivyo yoba yarononye no kwishinga ivyo muri kazoza.

### **Ingingo ya 55**

Iyo ububasha kuri iyo ntizo burangiye ku mvo iyariyo yose, nyene kurironka ntaco akuraho vyaba ibiterwa canke ivyo yoba yarongeye kuri iryo tongo, ariko ashobora gusaba indishi ingana n'akunguko kahabaye.

Ivyo yoba yarubatse navyo nyene ntabikuraho, ariko nyene itongo amuha indishi ingana n'igicro cavyo murinya gihe, canke igicro bisanganywe. Iyo ndishi ikoreshwa ubwa mbere mu kuriha abari bararonse ingwati y'iyi ntizo, kandi bashizwe ku rwandiko rwemeza iyo ntizo.

### **Ingingo ya 56**

Kiretse ivyerekeye igihe iyo ntizo imara, ibitegekanijwe muri iki gice birashobora guhindurwa n'ingingo ziri mu rwandiko rwashinze ko haba iyo ntizo.

## **IGICE CA GATATU. IVYEREKEYE KWIFASHISHA ITONGO RY'UWUNDI**

### ***Agace ka mbere : Ingingo ngenderwako***

#### **Ingingo ya 57**

Kubw'iki gitabu, kwifashisha itongo ry'uwundi muntu ni ububasha bwo kurikoresha nka nyene ryo ariko rikaguma uko ryari rimeze.

#### **Ingingo ya 58**

Kwifashisha itongo ry'uwundi bishingwa n'amabwirizwa canke bikava k'ugushaka kw'abantu.

#### **Ingingo ya 59**

Kwifashisha itongo ry'uwundi bishobora kuba atagisabwe kindi, ku gihe cumvikanyweko canke harangutse ibintu bimwe bimwe. Ukwo kwifashisha itongo ry'uwundi gushobora kuba ku kintu cose kitimuka kiri kuri ryo.

### ***Agace ka kabiri : Ivyerekeye ububasha bw'uwifashisha itongo ry'uwundi***

#### **Ingingo ya 60**

Uwifashisha itongo ry'uwundi aganza umwimbu ushobora kuva muri ryo tongo waba uwizanye, uwuhinguwe canke uturuka ku masezerano.

#### **Ingingo ya 61**

Umwimbu wizanye n'uwuvuye mu vyimeza. Ibivuye mu bitungwa n'uruvyaro rwavyo navyo nyene ni umwimbu wizanye.

Umwimbu uhinguye uvuye mw'itongo n'uwuvuye mu burimyi.

#### **Ingingo ya 62**

Umwimbu uvuye mu masezerano ugizwe n'uwuvuye mw'ikoteshwa ry'a-mazu, inyungu y'imyenda, amafaranga aza arishurwa ku gihe k'umutahe watanzwe n'ayavuye mu gukotesha itongo.

#### **Ingingo ya 63**

Umwimbu wizanye be n'uwu-hinguye uri ku biti canke mu kuzimu mu gihe iryo tongo ryatangwa uca uba uwa nyene kurironka ngo aryifashishe.

#### **Ingingo ya 64**

Umwimbu uvuye mu masezerano witwa ko uza uraboneka ku musi ku musi ugaca uba uwanyene kwifashisha iryo tongo, ku rugero rwaho azoba agejeje kuryifashisha. Iyo

ningingo irakurikizwa no kuvyerekeye gukotesha itongo, amazu no ku myimbu yindi ivuye ku masezerano.

### **Ingingo ya 65**

Ububasha bwo kwifashisha ama-faranga avuye mw'itongo ubuzima bwose biha uwaronse ubwo bubasha uruhusha rwo kwakira ayo mafaranga kandi ntiyigere ayasubiza.

### **Ingingo ya 66**

Iyo muvyo kwifashisha harimwo ibintu bidaca bihera ariko bigenda biratiturwa uko bikorehwa, nk'impuzu, ibikoreho vyo mu nzu, nyene kubironka arafise ububasha bwo kubikoreha ico vyagenewe, kandi akazobisubiza uko bizoba bimeze igihe basezeranye kirangiye, bitononekaye kubera amakosa yiwe.

### **Ingingo ya 67**

Iyo mw' itongo ryifashishwa harimwo ibiti vyankanishijwe, uwuryi-fashisha ategerezwa kuvyicira akurikije urutonde n'igitigiri nk'uko nyene itongo yamye abigira. Aba uwaritijwe canke abamutorana nta ndishi baronka ku biti bataciye mu kuvyankanisha.

Ingemwe z'ibiti zishobora kubaturwa mw'ituta ritononekaye ntizegukira uwifashisha itongo atari mu gihe yishinze kuzisubiriza hakurikijwe ingiro yaho hantu.

### **Ingingo ya 68**

Uwifashisha itongo naho nyene yisunze ingiro ya bene itongo, arikenyuka kandi ibiti vyateretswe ngo bize vyicirwe ku rugero, ku bihe n'uburinganire kanaka canke hakurikijwe igitigiri c'ibiti ivyo arivyo vyose kw'itongo ryose.

### **Ingingo ya 69**

Ntabundi buryo buriho kugira uwaronse iryo tongo ngo rimufashe akora ku biti vyateretswe. Ashobora gusa gukoresha ibiti vyarandutse canke ivyavunitse kubera impanuka iyo agomba gusanura ivyo yategerezwa, mbere muri ico gihe iyo bikenewe, arashobora kwiciza ibiti mugabo agategerezwa kwereka nyene itongo ko vyari bikenewe.

### **Ingingo ya 70**

Uwifashisha itongo arashobora kwikora kuri ivyo vyose biri ku biti nk'ibiterwa birandarara, arashobora kandi kwamura ku biti ivyama ku mwaka canke ku gihe, muri vyose akisunga ingiro yaho hantu.

## **Ingingo ya 71**

Ibiti vy'ivyamwa vyumye, ivyara-ndutse canke vyavunaguritse bivuye ku mpanuka bica biba ivy'ugaronse iryo tongo ngo rimufashe ariko agategerezwa kubisubiriza.

## **Ingingo ya 72**

Uwifashisha itongo arashobora kurikoresha wenyene, kurikotesha, mbere akanagurisha ububasha arifiseko canke akanabutanga atagitanzwe

Iyo ukwifashisha guhagaze igihe kitaragera, ugukotesha kwagizwe n'uwarifashisha, nyene itongo akwubahiriza mu mwanya wari usigaye kuwo bari bumvikanye n'uwo yari yararitije.

Uwaronse iryo tongo ngo arifashishe ntashobora, kiretse avyemerewe na nyeneryo gukotesha itongo ritari mu gisagara, inzu yo kudandarizamwo canke yo guhinguri-ramwo canke yo gukoreramwo imyuga.

Iyo nyenevyo atabimurekuriye, uwufise ububasha bwo kwifashisha itongo ashobora kurekurirwa na Sentare kubikora.

## **Ingingo ya 73**

Uwifashisha itongo afise ububasha bwo gukoresha ahunguwe n'ivyasheshwe n'isuri. Arakoresha ingabanyabubasha yo kuronka inzira, hamwe n'ubundi bubasha bwose nyene iryo tongo yoshobora kuronka.

## **Ingingo ya 74**

Nyen'itongo ntashobora bimuvu-yeko canke mu buryo ubwaribwo bwose, kubera intambanyi uwuryifashisha. Uwaronse iryo tongo ngo arifashishe nawe,; iyo igihe kirangiye ntashobora kwaka indishi kuvyo yoba yarongeyemwo naho vyoba biriho.

Uwarironse ngo arifashishe canke abamutorana bashobora ariko gukurako imperekeza zaryo mugabo bagategerezwa kurisubiza nkuko ryari rimeze.

***Agace ka gatatu : Ivyo uwifashisha itongo ry'uwundi ajejwe***

## **Ingingo ya 75**

Uwifashisha itongo ry'uwundi aryakira uko riri; ariko arashobora gutangura kurikoresha atabanje kugirisha urutonde rw'ivyimuka n'ukwerekana ingene ibintu bitimuka bimeze akabigirira imbere ya nyene itongo canke naho yoba atahari akaba yatumweko.

## **Ingingo ya 76**

Uwifashisha itongo ry'uwundi, kiretse iyo abirekuriwe n'amasezerano yo kurironka, aratanga ingwati yemeza ko azorikoresha neza nk'iryiwe. Ariko abavyeyi bafise uburenganzira bahabwa n'amategeko bwo kwifashisha itongo ry'abana babo, canke iyo



ubwo burenganzira bufiswe n'abana kw'itongo ry'abavyeyi, uwagurishije canke uwagavye itongo akagumana uburenga-nzira bwo kuryifashisha, abo bose ntibategerezwa gutanga ingwati.

### **Ingingo ya 77**

Ntibubujijwe ko uwatevye gutanga ingwati yifashisha ibivuye muri iryo tongo afitiye ububasha. Abirekuriwe kuva umusi aronka ububasha bwo kuryifashisha.

### **Ingingo ya 78**

Uwifashisha itongo ry'uwundi ategetswe gusanura gusa ibintu bitobito. Ivyononekaye bisaba uburyo bwinshi bisanurwa na nyeneryo, kiretse iyo uko kwononekara cane kwatewe n'uko, kuva aho nyene kuryifashisha arironkeye atitayeho kuribungabunga canke kurisanura bikigendeka.

### **Ingingo ya 79**

Ivyitwa ko bisaba uburyo bwinshi mugusanura ni nk'ivyerekeye impome nini nini, impome z'imiheto, inkingi, ibisenge, ingomero, impome zo gushigikira n'izi nzitiro.

### **Ingingo ya 80**

Yaba nyene itongo, yaba uwuryifashisha gusa, nta numwe ategetswe gusubira kwubaka ivyasenyuwe n'ugusaza canke ivyasambuwe n'impa-nuka.

### **Ingingo ya 81**

Uwifashisha itongo ry'uwundi ategerejwe, gutanga ku gihe ibisabwa vyose vyerekeye iryo tongo vyitwa ko bifatiye ku mwimbu hakurikijwe imigenzo, nk'amakori.

### **Ingingo ya 82**

Uwifashisha itongo ry'uwundi ategerejwe kuriha amagarama y'imanza zerekeye uko kwifashisha hamwe n'ivyo yotsindirwa kuriha muri izo manza.

### **Ingingo ya 83**

Mugihe iryo tongo ririko ririfa-shishwa, hagize uwurirengera canke uwuryihagira, nyene kuryifashisha ategerezwa guca abimenyeshya nyeneryo. Atabigize, niwe abazwa ivyo nyene itongo yahomvye nkuko yobazwa ivyo yononye we nyene.

### **Ingingo ya 84**

Iyo icifashishwa ari igitungwa, kigapfa bidaturutse kuwucifashisha ntategerezwa kugisubiriza ikindi canke gutanga igiciro caco.

## **Ingingo ya 85**

Iyo icifashishwa ari ubusho bw'ibitungwa, bugahona bwose biturutse ku mpanuka canke ingwara kandi bitavuye k'uwubwifashisha uyo abwifashisha ategerezwa gusa kumenyeshya nyenebwo icoba gisigaye canke igiciro c'ivyasigaye giharurwa ku musu wo gusubizwa.

Iyo ubusho butahonye bwose, uwabwifashisha ategerezwa gusubiriza ibitungwa vyapfuye n'uruvyaro rw'ivyasigaye.

### **Agace ka kane : Ingene kwifashisha itongo ry'uwundi kurangira**

## **Ingingo ya 86**

Ukwifashisha itongo ry'uwundi kurangira :

- Iyo nyene kuryifashisha apfuye ;
- Iyo igihe casezeranywe co kuryifashisha kirangiye ;
- Iyo nyene kwifashisha itongo aryegukiye ;
- Iyo uwahawe ubwo bubasha atabu-koresheje mu kiringo c'imyaka 30 ;
- Iyo icifashishwa kizimanganye cose.

## **Ingingo ya 87**

Ukwifashisha itongo ry'uwundi ku-rashobora kandi kurangira iyo nyene kuryifashisha arikoreshye nabi, haba mu kuryonona canke mu kureka rigasiba.

Abaheraniwe n'uwuryifashisha barashobora kugira ico bavuze mu matati aryerekeye kugira ntibarenganywe, barashobora kwiyemeza gusanura ivyononekaye mbere bakishinga n'ivyos-hika mu nyuma.

Hihwejwe uko ibintu vyunyutse, nyene itongo arashobora kurisubirako, bikenewe akaza arariha ku mwaka amafaranga agenywe, akayaha nyene kwifashisha itongo canke abamutoranye gushika aho ikiringo co kwifashisha casezeranywe corangiriye.

## **Ingingo ya 88**

Ukwifashisha itongo ry'uwundi kwatanzwe gushika aho umuntu kanaka azoshikanira imyaka minaka kuraheza kukagera kuri iyo myaka naho uyo muntu yopfa atarayishikana.

## **Ingingo ya 89**

Iyo itongo ryo kwifashisha riguri-shijwe, ntagihinduka k'uwuryifashisha, abandanya kuryifashisha iyo atagaragaje ko arihevyeye.

Abaheraniwe n'uwuryifashisha barashobora kwankisha uko gusubiza itongo iyo kubatera agahombo.

## **Ingingo ya 90**

Iyo ari igice kimwe gusa c'itongo ryifashishwa kizimanganye, ububasha bwo kwifashisha bubandaniriza ku gice gisigaye.

## **Ingingo ya 91**

Iyo icifashishwa ari inzu, nayo igasha, igahura n'iyindi mpanuka canke igasenyuka kubera gusaza, uwari yarayihawe ntabubasha afise bwo gukoresha agataka canke ibikoresho vyari biyubatse.

Iyo icifashishwa ari itongo iyo nzu yarimwo, uwaryifashisha arakoresha agataka n'ibikoresho vyari vyubatse iyo nzu.

## **IGICE CA KANE. IVYEREKEYE UBUBASHA BWO GUKORESHA ITONGO N'UBWO KUBA MU NZU VY'UWUNDI**

### **Ingingo 92**

Ububasha bwo gukoresha itongo n'ubwo kuba mu nzu vy'uwundi buronkwa kandi bugahera co kimwe n'ubwo kwifashisha itongo ry'uwundi.

Kireste bitegekanijwe ukundi mu masezerano, ntawushobora gukoresha ubwo bubasha atabanje gutanga ingwati kandi hatagizwe urutonde rw'ibiriho n'ingene bimeze nkuko bigenda mu kwifashisha itongo ry'uwundi.

### **Ingingo 93**

Uwufise ububasha bwo gukoresha itongo n'uwufise ubwo kuba mu nzu vy'abandi bategerezwa kubikoresha neza nk'ivyabo.

### **Ingingo 94**

Ububasha bwo gukoresha itongo ry'uwundi n'ubwo kuba mu nzu y'uwundi bwisunga urwandiko rubitegekanya kandi nirwo mu ngingo zarwo rwerekana urugero rw'ubwo bubasha.

Iyo urwo rwandiko rudatomora urugero rw'ubwo bubasha, hakurikizwa ibitegekanijwe mu ngingo ya 95 gushika ku ya 99.

### **Ingingo ya 95**

Uwufise ububasha bwo gukoresha ibivuye mw'itongo ry'uwundi ntashobora gusaba ibirengeye ivyo akeneye be n'umuryango wiwe. Ashobora gusaba ivyankenerwa vy'abana vyiyongereye kuva aho aronkeye ubwo bubasha.

## **Ingingo ya 96**

Uwufise ububasha bwo kuba mu nzu y'uwundi muntu, arashobora kuyigu-mamwo yubatse urwiwe, n'aho yoba yaronse ubwo bubasha atararongora.

## **Ingingo ya 97**

Uwuba mu nzu y'uwundi afise ububasha bw'aho akeneye kuba wenyene n'umuryango wiwe gusa.

## **Ingingo ya 98**

Ububasha bwo gukoresha itongo ry'uwundi n'ubwo kuba mu nzu y'uwundi ntibushobora guheberwa uwundi muntu, gukotesha, kugwatirizwa n'uwabuhawe.

## **Ingingo ya 99**

Iyo uwukoresha itongo canke aba mu nzu vy'uwundi akoresha ibivuye mw'itongo vyose canke iyo aba mu nzu yose, niwe ariha amafranga y'ukurimisha, gusanura ivyononekaye buhorobuhoro hamwe n'ibintu vyose bitegetswe kurangurwa kuri iryo tongo, co kimwe n'uwifashishije itongo ry'uwundi. Iyo akoresha igice c'ibivuye muri iryo tongo canke aba mu gice c'iyi nzu, aterera ku rugero rungana n'ivyo akoresha.

## **IGICE CA GATANU. IVYERE-KEYE INGABANYABUBASHA**

### ***Agace ka mbere : Ingingo ngenderwako***

#### **Ingingo yi 100**

Ingabanyabubasha n'umuzigo ushirwa kw'itongo ry'umuntu, kugira ngo uwundi atari nyeneryo arikoreshe kandi rimugirire akamaro.

#### **Ingingo yi 101**

Ingabanyabubasha zerekeye amazu canke amatongo. Izo mu murwi wa mbere zitwa ingabanyabubasha zo mu bisagara, ayo mazu aba ayo mu bisagara canke atari mu bisagara. Izo mu murwi wa kabiri zitwa ko atari izo mu bisagara.

#### **Ingingo yi 102**

Ingabanyabubasha zishobora kuba izamaho canke izitamaho. Ingabanya-bubasha zamaho ni izo zikoresha canke zishobora gukoreshwa umwanya wose, ata muntu abanje kugira ico akoze : ni nk'imigende y'amazi, aho amazi atembera n'ibibanza bituma uwundi muntu abona aho ashaka.

Ingabanyabubasha zitamaho ni izo zikenera ko umuntu agira ico akora kugira zishobore gukoreshwa : ni nk'ububasha bwo guca mw'itongo ry'uwundi, n'ubwo kurivomamwo no kuriragiramwo.

### **Ingingo yi 103**

Ingabanyabubasha zishobora kuba iziboneka canke izitaboneka.

Ingabanya-bubasha ziboneka n'izo zose ziseruwe n'ibintu vyubatse, nk'umwango, idirisha canke umugende w'amazi.

Ingabanyabubasha zitaboneka nizo zidafise ikimenyetso cerekana ko ziriho, nko kubuza kwubaka kw'itongo, canke kwubaka utarengeje ikirere kinaka.

### **Ingingo yi 104**

Ingabanyabubasha iva kuri kamere k'ahantu, uko amategeko abitunganya canke ku masezerano ya bene amatongo. Hihwejwe uko ibintu biri yitwa kamere, iyishimikiye ku mategeko canke ku masezerano.

### ***Agace ka kabiri : Ivyerekeye ingabanyabubasha kamere***

### **Ingingo yi 105**

Amatongo ari hepfo niryo shokero ry'amazi aturutse ku matongo ari ahakirurutse, agatamba bivuye kuri kamere kaho atawuyahaye inzira

Nyene itongo riri hepfo ntashobora kugomera ayo mazi ngo ayabuze gutemba. Nyene itongo riri ahakirurutse nawe ntashobora kugira ikintu na kimwe congereza ingabanyabubasha ry'itongo riri hepfo.

### **Ingingo yi 106**

Nyene itongo arafise ububasha bwo gukoresha no gukoza ico ashaka amazi y'imvura agwa kw'itongo ryiwe. Iyo ikorehwa ry'ayo mazi canke inzira yayahaye vyongereza ingabanyabubasha kamere y'ingene asanzwe atemba, indishi ihabwa nyene itongo ryo hepfo. Iyo ngingo nyene niyo ikurikizwa ku vyerekeye amazi y'amasoko yubutse kw'itongo.

Iyo nyene itongo yubuye amazi muriryo, biturutse ku bikorwa vyo gucukura canke ibikorewe mu kuzimu, ben'amatongo yo hepfo bategerezwa kuyaha inzira ; ariko barafise ubure-nganzira bwo kuronka indishi mu gihe itemba ry'ayo mazi rigize ivyo ribononera. Amazu, ibibuga, imirima, ibibanza vy'ubutemberero n'inzitiro vyegeranye n'amazu, ntibishobora kwononerwa n'itemba ry'ayo mazi, bishitse naho benevyo baca baronka indishi.

### **Ingingo yi 107**

Kiretse ibibujijwe n'iki gitabu, uwufise isoko ry'amazi mw'itongo ryiwe arashobora gukoresha ayo mazi uko ashaka gushika kuyo akeneye.

Nyen'isoko ry'amazi ntashobora kurikoresha mu buryo bwononera bene amatongo yo hepfo y'iryiwe barangije kwubaka ibintu biri ahabona kandi vyamaho bigenewe gukoresha ayo mazi canke kuyaha inzira mu matongo yabo.

### **Ingingo yi 108**

Iyo amazi y'isoko, kuva yubutse mw'itongo, acitse umugende, nyen'itongo ntashobora kuyahushisha inzira yayo kamere igihe vyononera abari hepfo yiwe.

### **Ingingo yi 109**

Uwufise itongo riri ku nkengera y'uruzi, arashobora kurukoresha arufatiye aho ruca mu kuvomera itongo ryiwe. Uwo urwo ruzi rucira mw'itongo arashobora kurukoresha mu gice rucamwo, ariko, rugeze kurengana iryo tongo, ategerezwa kurureka rukabandanya inzira yarwo.

### **Ingingo yi 110**

Nyen'itongo wese arashobora gutegeka umubanyi wiwe gushinga akarimbi mu rubibe rw'igice c'itongo bahereraniye bakarihira hamwe ivyakoreshejwe.

### **Ingingo yi 111**

Nyen'itongo agomvye kurizitira aba ahevyeye uburenganzira bwo guca ahantu hangana n'aho yazitiye.

## ***Agace ka gatatu : Ivyerekeye ingabanya bubasha zitegekanijwe n'amabwirizwa***

### **Ingingo yi 112**

Ingabanyabubasha zishingwa n'amabwi-rizwa zifatira ku buzi bufitiye akamaro bose canke abandi biraba.

### **Ingingo yi 113**

Ubwuririzo bwubatswe ku nkengera z'inzuzi zicamwo amato canke ibindi bireremba, ukwubaka canke ugusanura amabarabara, inzira n'ibindi vyubatswe ku neza ya bose, ni ingabanya bubasha zishingwa n'amabwirizwa.

Ico cose cerekeye ubwo bwoko bw'ivyabanya-bubasha kiringanizwa n'ama bwi rizwa n'amategeko azerekeye.

Amabwirizwa ashingira ivyo benamatongo bategetswe hatirengagijwe ibigira amasezerano ayariyo yose.

### **Ingingo yi 114**

Uruhume urwo arirwo rwose ru-tandukanya inyubakwa zimananye gushika ahatumberanye n'isonga ry'inzu ngufi, canke hagati y'ikibuga n'imirimu canke mbere

ruri hagati y'inzitiro ziri mu mirima, rwitwa ko ari rusangi kandi ruriko ingabanyabubasha iyo ata rwandiko n'ikimenyetso vyerekana ko atari ko biri.

### **Ingingo yi 115**

Iyo hasubiye kwubakwa uruhome rusangiwe rushasha canke inzu nshasha, ingabanyabubasha zirabandanya kuri urwo ruhome n'iyi nzu nshasha ariko ntizishobora kwongerezwa, uko gusubira kwubaka kukagirwa imbere y'uko igihe gitegekanijwe n'amategeko c'uko nyene kwubaka inzu imwegukira gishika.

### **Ingingo yi 116**

Ibishimu vyose biri hagati y'amatongo abiri amananye vyitwa ko ari rusangi kandi biriko ingabanyabubasha igihe ata rwandiko n'ikimenyetso vyerekana ko atari ko biri.

### **Ingingo yi 117**

Ntibirekuwe kugira ibiti, be n'uduti ahagereye urubibe rw'itongo ry'umubanyi atari ku ntambwe yashinzwe n'amategeko abigenga canke n'imigenzo isanzwe iriho kandi ikurikizwa.

Iyo hariho uruhome rutandukanya amatongo abiri abangikanije, ibiti n'utundi duti tw'ubwoko bwose birashobora guterwa ku mirongo, ku ruhande rwose ata ntambwe n'imwe bitwararitse ariko uburebure bwavyo ntibusumbe uruhome.

Iyo uruhome atari rusangi nyenerwo we- nyene niwe arekuriwe kuhatera muri ubwo buryo.

### **Ingingo yi 118**

Umubanyi arashobora gutegeka ko ibiti n'uduti vyatewe ku ntambwe ziri musi y'izategekanijwe n'amategeko birandurwa canke bigabanywa gushika ku burebure bwategekanijwe n'ingingo yi 117, kiretse hari urwandiko, ingingo yashinzwe na nyen'urugo ibitegekanya ukundi canke igihe gitegekanijwe n'amategeko c'uko iryo tongo rindi rimwegukira gishitse.

Iyo ibiti bihonye, vyibwe canke bikarandurwa, umubanyi ntashobora kubisubiriza atisunze intambwe zitegekanijwe n'amategeko.

### **Ingingo yi 119**

Iyo amashami y'ibiti n'uduti vy'umubanyi bireretera kw'itongo ry'uwundi, uno arashobora kubica. Ivyamwa vyikoroye kuri ayo mashami bica bimwegukira.

Iyo hari imizi ishorera mw'itongo iwe, ibirandarandira kuriryo, arafise uburenganzira bwo kubica we nyene gushika ku rubibe rubatandukanya.

## **Ingingo yi 120**

Uwugomba gushira iruhande y'uruhome rutandukanya itongo ryiwe n'irindi tongo, ikinogo, akazu ka surwumwe canke ikindi kintu cubatse, nk'umuringoti ujana imyotsi, iziko, uruganda, itanure, icotezo canke gushira iruhande uruhongore, imanganzine canke ikirundo c'ibintu vyo gukoresha bitera ingese, ategerezwa gukurikiza intambwe zategekanijwe n'amategeko be n'imigenzo bivyerekeye canke akubakira kuri nya ruhome ibindi bintu bisabwa n'ayo mategeko n'imigenzo kugira ntiyononere umubanyi wiwe.

***Agace ka kane : Ivyerekeye ingabanyabubasha zivuye ku masezerano***

## **Ingingo yi 121**

Birarekuriwe bene amatongo kuyashirako ingabanyabubasha zose bigombeye. Ikoreshwa n'urugero vy'ingabanyabubasha zishinzwe muri ubwo buryo, bigengwa n'amasezerano azishinga. Atayariho bikagengwa n'ingingo zikurikira.

## **Ingingo yi 122**

Umubanyi ntashobora, uwobaba-ngikanijwe atavyemeye, guca idirisha mu ruhome rubatandukanya canke umwenge uwariwo wose, mu buryo ubwaribwo bwose, naho hoba aho ashirako ibiyo bituguruka.

## **Ingingo yi 123**

Nyen'uruhome rutari urw'insangi, rukaba ruhana urubibe n'itongo ry'uwundi muntu arashobora gushiramwo amadirisha atuguruka canke imyenge itanga umuco.

## **Ingingo yi 124**

Uwufise itongo wese ategerezwa kwubaka ibisenge ku buryo amazi y'imvura atembera kw'itongo ryiwe canke ku nzira y'abahita ; ntashobora gutuma atembera kw'itongo ry'umubanyi.

## **Ingingo yi 125**

Umuntu afise itongo ritagira umuhora kandi ntirishike ku nzira y'abahita, arashobora gusaba inzira ku matongo y'ababanyi biwe ; iyo nzira itegerezwa guherera ku ruhande rutuma urugendo ruba rugufi kuva kuri nya tongo gushika ku nzira y'abahita.

***Agace ka gatanu : Ivyerekeye ishingwa ry'ingabanyabubasha***

## **Ingingo yi 126**

Ingabanyabubasha zamaho kandi ziboneka zegukira umuntu hakurikijwe amasezerano canke iyo harangiye ikiringo c'imyaka 30 azikoresha.



### **Ingingo yi 127**

Ingabanyabubasha zamaho kandi zitagaragara n'ingabanyabubasha zitamaho zigaragara canke zitagaragara, ntizibaho zidashinzwe n'amasezerano, naho umuntu yoba azimaranye imyaka n'iyindi, ntibituma zemezwa.

### **Ingingo yi 128**

Ingingo yashinzwe na nyene urugo, ifatwa ko ari amasezerano yerekeye ingabanyabubasha zamaho kandi zigaragara.

Iba ingingo yashinzwe na nyene urugo, iyo amatongo abiri yigeze kuba ay'umwe kandi akaba ariwe yashinze iyo ngabanyabubasha.

### **Ingingo yi 129**

Iyo nyen'amatongo abiri afise ingabanyabubasha igaragara agurishije rimwe, ariko mu masezerano ntihagire icerekeye ingabanyabubasha gitege-kanywa, iyo ngabanyabubasha iraba-ndanya kuri iryo tongo ryagurishijwe canke ku neza yiritagurishijwe.

### **Ingingo yi 130**

Amasezerano ashinga ingabanya-bubasha ntagishobora kuyasubirira atari urwandiko rwa nyene itongo yiyemerera ko ririko ingabanyabubasha.

### **Ingingo yi 131**

Iyo hategekanyijwe ingabanya-bubasha bica vyumvikana ko hatanzwe n'ibikenewe vyose kugira ishobore gukoreshwa. Gurtyo, ingabanyabubasha yo kuvoma amazi mw'itongo ry'uwundi, bijanye n'ububasha bwo kuricamwo.

***Agace ka gatandatu : Ivyerekeye ububasha bwa nyene itongo rikoresha ingabanyabubasha***

### **Ingingo yi 132**

Uwufise ingabanyabubasha afise uburenganzira bwo kwubaka ibikenewe vyose kugira ayikoreshe yongere ayigumane.

Iyo yubatse, akoresha uburyo bwiwe ntakoresha ubwa nyene itongo ririko ingabanyabubasha kiretse amasezerano ashinga iyo ngabanyabubasha abitege-kanya ukundi.

### **Ingingo yi 133**

No mu gihe nyen'itongo ririko ingabanyabubasha ategerejwe, bivuye mu masezerano, kwubaka ibikenewe kugira ingabanyabubasha ikoreshwe canke igumeho

akoresheje uburyo bwiwe, ashobora kuvyikurako mu guhebera iryo tongo uwufise irikoresha ingabanya-bubasha.

### **Ingingo yi 134**

Iyo itongo rikoresha ingabanya-bubasha rigabuwe, igice kimwe kimwe kigumana ingabanyabubasha, ariko ntiyunyura uko itongo iriko rimeze.

Ni nk'iyi hategekanijwe ububasha bwo kurengana, abasangiye itongo bategerezwa gukoresha inzira imwe.

### **Ingingo yi 135**

Nyene itongo ririko ingabanya-bubasha nta na kimwe ashobora gukora cogabanura canke cobangamira gusumba ikoreshwa ryayo. Ntashobora nko guhindura uko aho ikoreshwa hameze, kuyimurira ahandi atari aho yagenewe kuva kera.

Ariko iyo aho ingabanyabubasha yagenewe kuva kera hatuma nyen'itongo iriko atakaza vyinshi canke iyo bimubuza ibikorwa vyo gusanura bimuzanira akarusho, ashobora guha nyene itongo rindi urundi ruhande ayikoresherezamwo rumeze neza, uwo nawe ntashobora kurwanka.

### **Ingingo yi 136**

Uwufise uburenganzira ku ngabanyabubasha nawe ntashobora kuyikoresha uko bidategekanijwe mu masezerano, ntaco anashobora guhindura, haba kw'itongo ririko ingabanyabubasha canke kuriyikoresha cononera gusumba iryo rya mbere.

### ***Agace k'indwi : Ivyerekeye ukurangira kw'ingabanyabubasha***

### **Ingingo yi 137**

Ingabanyabubasha ihagarara iyo itongo iriko rimeze nabi cane gushika aho itagishobora gukoreshwa. Iranaguka igihe ibintu bisubiye mu buryo, igasubira gukoreshwa kiretse iyo haciye igihe cotuma hibazwa ko iyo ngabanyabubasha yarangiye kubera ikiringo gishingwa n'amategeko.

### **Ingingo yi 138**

Ingabanyabubasha iyo ariyo yose irangira iyo itongo iriko ni iryo uwuyi-koresha vyegukiye umuntu umwe.

### **Ingingo yi 139**

Ingabanyabubasha irangira iyo itigeze ikoreshwa mu kiringo c'imyaka mirongo itatu.

Ico kiringo gitangura guharurwa ku musu iyo ngabanyabubasha iretse gukoreshwa, iyo ari ingabanya-bubasha zitamaho canke kuva ku musu hagize urwandiko rubitegekanya ukundi, iyo ari ingabanyabubasha zamaho.

#### **Ingingo yi 140**

Iyo itongo rikoresha ingabanya-bubasha risangiwe n'abantu benshi batararigabura umwe muri bo akiyikoresha bibuza abandi ko ikiringo ryobegukiriye gitangura guharurwa.

#### **Ingingo yi 141**

Iyo muri bene gusangira itongo ritaragaburwa harimwo umwe bitasho-botse ko ikiringo categekanijwe n'amategeko c'uko atagishobora gukoresha ingabanyabubasha gitangura guharurwa ntigiheza ngo giharurwe no kubandi.

### **IGICE CA GATANDATU : IVYEREKEYE INGWATI KU BITIMUKA**

#### ***Agace ka mbere : Ingingo ngenderwako***

#### **Ingingo yi 142**

Ingwati ku kitimuka ni ububasha buboneka bufiswe ku kitimuka kigenewe kwishura ibitegerezwa. Igice cose c'ikitimuka gifatirwa kwishura uwo mwenda wose kandi igice ico arico cose c'uwo mwenda cishingwa n'ico kitimuka cose.

#### **Ingingo yi 143**

Ibintu bitimuka bishobora kugwa-tirizwa : ni ibitimuka kamere, ni ibitimuka kubera vyafatanijwe navyo uwutanga ingwati aba yegukira, afitiye ububasha canke intizo itarenza imyaka 99 canke afitiye ububasha bwo kwifashisha.

#### **Ingingo yi 144**

Umwenda wishinzwe n'ingwati ku kitimuka ni uwuriho muri ico gihe, uwuzobaho harinze gushika ikintu cumvikanywe mu masezerano canke uwoba mu gihe amabwirizwa abitegekanya.

#### **Ingingo yi 145**

Indishi iyo ariyo yose ihabwa nyene ikitimuka catanzweko ingwati kubera kitakiriho canke cononekaye itegerezwa gusubira mu kibanza c'ico kitimuka cari caragwatirijwe.

Ariko iyo nyene ikitimuka yarishwe, uwumurisha ata buryarya yagize, ivyo bikaba inyuma y'igenekerezo isanganya ryabereyeke canke ico kitimuka cononekariyeko, bene kuronka ingwati kuri ico kitimuka itegekanijwe n'amate-geko kandi itanditswe k'urutonde rw'izindi ngwati ntibashobora guhakana uko kurihwa.

Uburyo ubwo aribwo bwose, uwuhe-raniwe amenyesha uwutegerezwa gutanga indishi ko afise ububasha ku kitimuka catanzweko ingwati kuba ari ukugifatisha.

Iyo mu masezerano yerekeye kuriha inkurikizi z'impanuka zishikira ikitimuka, indishi igenewe canke itegerezwa gusubiramwo neza ikitimuka cakingiwe, uwishinze kuriha inkurikizi z'impanuka ashobora kuriha nyene ikitimuka canke intumwa yiwe, ariko niwe ategerezwa gucungera ikoreshwa ryayo kandi niwe abazwa akamaro kayo kubaronse ingwati kuri ico kitimuka bashobora guseruka igihe ububasha bagifiseko bugeramiwe.

### **Ingingo yi 146**

Ivyakoreshejwe n'umwe mu baheraniwe mu kugurisha ikitimuka catanzweko ingwati ngo biyishure birasubizwa nyene kubiriha imbere y'abandi bose bari ku rutonde rw'abishuza.

### ***Agace ka kabiri : Ivyerekeye ingwati ku bitimuka zishingwa n'amabwirizwa***

### **Ingingo yi 147**

Ingwati zo ku bitimuka zishingwa n'amabwirizwa ni izi, nazo zikaba zisumbasumbana ku rutonde rukurikira :

1° ingwati yo kwishuza ivyakoreshejwe mu kubungabunga ikitimuka cari kibangamiwe n'ugusenyuka, caba cose canke igice caco;

2° ingwati yo kwishinga imyenda y'amakori Leta iheraniwe.

### **Ingingo yi 148**

Ingwati ku kitimuka itegekanijwe ku numero ya mbere y'ingingo yi 147 yishinga ukwishura ivyakoreshejwe vyaboneka ko biri n'akamaro mu gihe vyakorwa.

Mbere iza imbere y'izindi zandiki-shijwe imbere yayo, ariko ntawushobora kuyitwaza ku bandi baronse ico kitimuka canke bagifiseko ingwati ata buryarya bwagiyemwo kandi ubwo bubasha bwabo bwabonetse inyuma y'uko ivyakoreshejwe kugira iyo ngwati ntisenyuke canke ngo ihure n'isanganya bikoreshwa, kiretse iyo mu gihe batari bwaronke ubwo bubasha iyo ngwati tuvuze ku numero ya mbere iba yaramaze kwandikishwa.

### **Ingingo yi 149**

Leta irashobora kwandikisha ingwati ku kitimuka bivuye k'umwenda ufitiwe ikigega ca Leta utegekanijwe ku numero ya kabiri y'ingingo yi 147 y'iri bwirizwa, ku nzandiko zemeza ibitimuka vyose vy'uwuheranye ikori vyanditswe mu gitabu candikwamwo bene amatongo.

Leta itegerezwa, kugira ntibibe impfagusa, kwandikisha iyo ngwati kuva aho iryo kori ryategerezwa gutangirwako, itevye ntirenze igenekerezo rya 31 kigarama ry'umwaka ukurikira uwo ryari gutangirwako.

Gushika kuri iryo genekerezo nyene, Leta irafise kuri ivyo bitimuka bihejejwe kuvugwa, ingwati ishobora kwitwaza kandi itanditswe ku bandi baheraniwe batagira ingwati n'imwe b'uwo aheranye ikori. Iryo genekerezo rirenze ingwati y'ikigega ca Leta irababera intambanyi iyo Leta yayandikishije canke yatanguye kwishuza imbere yuko bitwara muri Sentare.

Ingwati y'ikigega ca Leta ija ku rutonde kw'igenekerezo rya mbere Nzero ry'umwaka umwe n'uwo ikori ryate-gerezwa gutangirwako canke umwaka ryerekeye.

**Agace ka gatatu : Iyerekeye ingwati ku bitimuka zishingwa biciye ku masezerano**

**Ingingo yi 150**

Kireste igihe ari ibwirizwa rishiraho ingwati ku kitimuka ngo yishinge umwenda, ingwati ntishobora gushingwa hatabaye amasezerano abitomora, kiretse ibitegekanijwe mu ngingo ya 15 y'iki gitabu.

**Ingingo yi 151**

Nta masezerano y'ingwati ku kitimuka yemerwa kiretse :

1° iyo uwiyejeje gutanga ingwati ari nyene ikitimuka muri ico gihe canke akaba afise ububasha bwo kuyitanga, canke ico gihe akaba afise ububasha bwo kuzoshobora kuyitanga kandi arekuwe n'amategeko gutanga ibintu k'ubwiwe.

2° iyo kwiyejeje kuyitanga kugaragazwa mu rwandiko rwemejwe n'ababifitiye ububasha canke biciye mu rubanza rwacitse ubutagisubirwamwo.

3° Iyo urwandiko ruyishinga rutomora :

- a) Umwenda utumye iyo ngwati itangwa.
- b) Urugero rw'amafaranga iyo ngwati itangiwe.
- c) Ikitimuka canke ububasha ku kitimuka bitanzweko ingwati.
- d) Uwuyitanze, uwuheraniwe, n'uwuheranye.

**Ingingo yi 152**

Amafaranga iyo ngwati itangiwe ategerezwa guharurwa mu marundi. Iyo naho igitigiri c'umwenda gihindagurika, bene kugira amasezerano bategerezwa gutanga igitigiri ntabanduka cerekana urugero ntarengwako gwishinzwe n'iyi ngwati.

Iyo umwenda atari uw'amafaranga bene kugira amasezerano bategerezwa kuwutegekanya mu mafaranga kubera mu kwishura hashobora gutangwa ama-faranga.

### **Ingingo yi 153**

Urwandiko rwerekana bene kugira amasezerano, be n'ikitimuka kivugwa, rutegerezwa kubitomora neza ata gukekeranya.

### **Ingingo yi 154**

Ingingo yo mu masezerano itege-kanya ko umwenda watangiwe ingwati ushobora kurihwa n'uwo ariwe wese abifitiye urwandiko, iremerwa no mu gihe uwo mwenda ukomoka ku matati.

### **Ingingo yi 155**

Ikindi cemewe, ni ingingo yo mu masezerano ishingira ko mu gihe amasezerano atakurikijwe, uwuheraniwe afise ingwati azoronka ububasha, iyo ari uwa mbere ku rutonde rw'abayandi-tsweko, bwo gusaba ko hagurishwa icagwatirijwe mu buryo bwo kugurisha mu mwumvikano.

### **Ingingo yi 156**

Ingingo y'amasezerano iyo ariyo yose yoha uburenganzira uwuheraniwe bwo kwiyegurira ikitimuka kigwatirijwe mu gihe atarishwe ntaco imaze.

### **Ingingo yi 157**

Kiretse iyo vyumvikanywe ukundi, amasezerano yose ari ay'ubuguzi, y'ukuguza, yo kugaba, canke yo kugabura ikitimuka yitwa ko arimwo umwumvikano w'abagize ayo masezerano yo gutanga ingwati kuri ico kitimuka kugira yishinge ibitegerezwa kurangurwa hakurikijwe ayo masezerano.

Ayo masezerano atanditswe yo gutanga ingwati, kugira ashobore kwemerwa yisunga ingingo zose zategakanijwe mu gushiraho amasezerano yanditswe yerekeye ingwati.

### **Agace ka kane : Iyerekeye itangwa ry'ingwati ku kitimuka**

### **Ingingo yi 158**

Kiretse ibitegekaniye n'ingingo yi 148 n'iyi 149 z'iki gitabu, nta ngwati ku kitimuka n'imwe ibaho iyo itanditswe ku rwandiko rwemeza nyene ikitimuka canke ku rwandiko rwemeza ububasha bufiswe ku kitimuka.

### **Ingingo yi 159**

Iyo ingwati ku kitimuka itanzwe ku gice caco, ntishobora kwandikwa mu gitabu cabigenewe hatabonetse urwandiko rwemeza nyene ikitimuka, narwo nyene ruhuriranye na nya gice.

### **Ingingo yi 160**

Ingwati ku kitimuka itanditswe nyene kuyitanga akiriho, irashobora kwandikwa mu mezi ane kuva umusi wo ku mutorana ugeze.

Ariko uwuheraniwe ntaba agisho-boye kuyandikisha kuva igihe ikitimuka kiriko iyo ngwati camaze gushikirizwa uwundi muntu n'uwagitoranye canke yakirazwe hakurikijwe amategeko.

### **Ingingo yi 161**

Kiretse ibitegekanijwe ukundi n'iki gitabu urutonde rw'ingwati ku bitimuka rushingwa hakurikijwe ingene izo ngwati zagiye zirakurikirana mu kwandikwa ku rwandiko rwemeza bene amatongo.

Niko bigenda n'iyo ari ingwati yatanzwe kugira yishinge umwenda woshobora kubaho canke igitigiri c'amafaranga kiguma gihindagurika kandi hatisunzwe ihindagurika ry'uwo mwenda.

Abaheraniwe banditswe umusi umwe bagira uburenganzira bumwe kuri iyo ngwati yaba uwanditswe mu gitondo canke ku mugoroba. Naho uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zitanga ububasha ku matongo yoba yabita-ndukanije.

### **Ingingo yi 162**

Hadakurikijwe ibitegekanijwe n'ingingo yi 161 kandi ikaba yanditswe mu kiringo c'iminsi 3 kuva aho ico kitimuka gihinduriwe nyene co, ingwati itegekanijwe mu ngingo yi 157 iza imbere y'izindi zose nyene ikitimuka yagitanze naho zoba zanditswe imbere y'iyo, kandi irabera intambamyi abandi bantu baronse ico kitimuka.

### **Agace ka gatanu : Iyerekeye inkurikizi z'ingwati ku bitimuka**

AGAHIMBA KA MBERE : INKURIKIZI ZISANZWE

### **Ingingo yi 163**

Ingwati ku bitimuka itandukira ibitimuka bigenewe kutazokwimurwa n'ivyiyongereye ku kitimuka cagwa-tirijwe, iratandukira kandi ku bitimuka bifatanye n'isi mu gihe ivyo bitimuka vyegukira nyene ikitimuka biriko ariko hatirengangijwe ibitegekanijwe mu ngingo yi 159 y'iki gitabu.

### **Ingingo yi 164**

Ingwati ku kitimuka itandukira kandi ibitimuka bibangikanye nyenevyo yofatanya n'ikitimuka cagwatirijwe kugira bigire ikitimuka rudende canditswe uko nyene mu bitabu vyemeza bene amatongo.

Iyo ivyo bitimuka bibangikanye vyagwatirijwe nyenevyo ntarekuriwe kubigira ikitimuka kimwe atari iyo vyose vyatanzweko ingwati k'uwuheraniwe umwe canke abaheraniwe benshi banditswe bose bavyemeye kandi k'urutonde bemeranije bakaba barutu-nganije muri ayo matongo yabo.

Muri ico gihe izo ngwati zose zitandukira ico kitimuka, umwumvikano w'abaheraniwe ugaragazwa n'ababifitiye ububasha.

### **Ingingo yi 165**

Ingwati ku kitimuka iratandukira ivyimbura bibonetse, amafaranga avuye mu gukotesha inzu n'imirima ategerezwa gutarwa bahereye ku gihe ikitimuka gifashwe canke iy'igurishwa ryabaye hisunzwe ingingo y'amasezerano yo kugurisha bitarinze guca mu mburano kuba ingingo yo kugurisha y'umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu ifashwe.

Ariko ivyarishwe imbere canke amafaranga avuye mu gukotesha ikitimuka canke imirima, ategerezwa gutangwa imbere yo gufatisha ikitimuka canke y'umutahe wo kwishuza, birabera intambanyi uwuheraniwe afise ingwati kuri ico kitimuka.

### **Ingingo yi 166**

Uwuheraniwe afise ingwati ku kitimuka, ingurane yatanze ikaba yanditswe ko izotanga inyungu canke amafaranga asubizwa ku gihe, afise ububasha bwo kuja ku rutonde rw'abaheraniwe mu kibanza kimwe nico umutahe.

### **Ingingo ya 167**

Uwuheraniwe uwariwe wese afise ingwati ku kitimuka, arashobora gufata imperekeza zaco zabaye ibitimuka kubera arico vyagenewe. Mu gihe zungurujwe atavyemeye agumana ingwati kurizo mugabo agategerezwa kuba yabisavye mu kiringo c'iminsi mirongo itatu kuva vyungurujwe; arafise n'ubwo bubasha bwo gufata imperekeza zabaye ibitimuka kubera zafatanijwe n'ikitimuka mu gihe iyo ngwati itandukira no kurizo.

Iyo muri ico kiringo atacigeze gisabwa, ico uwuheraniwe afise ingwati ku kitimuka aba agishobora kuronka ni ububasha afise ku giciro kitarishwe c'imperekeza zungurujwe, umwenda utegerezwa kwishugwa rero ukaba ungana n'ico giciro.

Iyo abaheraniwe bitwaye ari benshi, ico kiguzi kigaburwa hakurikijwe ingene basumbasumbana.



Uburyo ubwo aribwo bwose uwuheraniwe amenyesha uwakiriye izo mperekeza ko hari ico arondera kuri ico kiguzi kuba ari gufatisha ikiguzi mu minwe y'uwazitanze.

### **Ingingo yi 168**

Ikoteshwa ry'ibitimuka vyamaze gutangwako ingwati ryabaye ata buryarya birimwo rirubahirizwa, ariko iyo ryagizwe ku kiringo kirenga imyaka itanu ryubahirizwa gusa k'umwanya usigaye kuri ico kiringo c'imyaka itanu.

### **Ingingo yi 169**

Iyo ibitimuka vyatanzwe kw'ingwati biciye ku masezerano bitakiriho canke vyononekaye, ku buryo uwuheraniwe abona ko ingwati yaronse itagikwiye, uwo arafise ububasha bwo gusaba uwumu-heraniye kwongereza ingwati, atari aho naho aca amusaba kuriha umwenda ubwo nyene.

AGAHIMBA KA KABIRI : INKURI-KIZI ZIDASANZWE K'UWUFISE IKITIMUKA  
C'UWUNDI CAGWATI-RIJWE

### **Ingingo yi 170**

Abaheraniwe bafise ingwati ku kitimuka baragikurikirana mu minwe y'uwo ariwe wese kigiyeko kugira baje ku rutonde rw'abandi kandi barihwe hakurikijwe urukurikirane rw'iyoyenda yabo canke urukurikirane rw'ingene bagiye bariyandikisha.

Uwufise ikitimuka c'abandi mu minwe yiwe, afise umwanya wo kuriha ungana n'uwahawe nyene gutanga ingwati.

### **Ingingo yi 171**

Iyo uwufise ico kitimuka c'abandi mu minwe yiwe atarishe inyungu n'imitahe igeze kurihwa kandi ariyo yatangiwe ingwati uko ingana kwose, uwuheraniwe yaronse ingwati afise ububasha bwo gusaba igurishwa ryayo haciye amezi abiri uwuheranye n'uwufise ico kitimuka baronse imitahe ibishuza umwenda ugeze kurihwa.

### **Ingingo yi 172**

Uwufise ikitimuka c'uwundi acononye bivuye kuri we canke k'urwa-ngara rwiwe ivyo bikononera abaheraniwe bakironse ko ingwati biratuma bamwi-twarira kugira ngo atange indishi.

Uwufise ikitimuka c'uwundi ntashobora gusaba gusubizwa ivyo yakoresheje mu kugishi-rako akarusho birengeye akarusho caronse.

### **Ingingo yi 173**

Iyo uwarafise ikitimuka c'uwundi muntu mu minwe yiwe agisubije nyeneco, aca asubira kuronka ingabanyabubasha hamwe n'ubundi bubasha ku bitimuka yarafiseko.

### **Ingingo yi 174**

Uwufise ikitimuka c'uwundi cagwatirijwe, akaba yararishe umwenda wo kuri co canke yaragisohowemwo, arashobora kwitwarira nyene guhabwa umwenda.

***Agace ka gatandatu : Ivyerekeye ihanahanwa ry'imyenda ryishinzwe n'ingwati ku bitimuka***

### **Ingingo yi 175**

Iyo umwenda ufise ingwati uvuye mu minwe ukaja mu yindi kandi vyemewe n'uwuheranye, abatari muri ayo masezerano ntaco barondera ku wawuronse.

Inyuranywa ry'ingwati isanzwe canke guhererekana umwenda ufise ingwati ku kitimuka ntibishobora kubera intambamyi abatari muri ayo masezerano, kiretse hari urwandiko rwemejwe n'ababifitiye ububasha, urubanza rwaciwe ubutagisubirwamwo canke vyaranditswe ku rwandiko rwemeza bene amatongo.

Ariko ihanahanwa canke inyura-nywa ry'umwenda ufise ingwati ku bitimuka bibera intambamyi uheranye kuva ku musi amenyeshajwe urwandiko rw'uwojwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo rwerekana uko guhanahana canke kunyuranya ingwati.

### **Ingingo yi 176**

Ifatishwa ry'umwenda ufise ingwati ku kitimuka ntiribera intambamyi abo kiterekeye iyo uyo mwenda utanditswe ku rwandiko rwemeza bene amatongo.

### **Ingingo yi 177**

Hatakurikijwe ingingo yi 175 y'iki gitabu, uguhanahana n'inyuranywa y'imyenda ifise ingwati ku kitimuka iriko ingingo y'amasezerano ivuga ko ifitiwe uwariwe wese bigirwa mu kwandika iruhande rw'inyuma y'urwo rwandiko uwahebewe uwo mwenda, aho bigiriwe n'igenekerezo z'urwo rwandiko be n'igikumu ca nyene gutanga uyo mwenda.

Hategetswe ko uwabironse wese abimenyeshya ujejwe kwandika n'ugu-shingura inzandiko zemeza bene amatongo, akanamenyeshya n'aho yorondererwa. Kuva aho abimenyeshereje ababijwe, nta kintu na kimwe cerekeye ico kitimuka gisubira gukorwa kuri co uyo yakironse ko ingwati atatumweko.

### **Ingingo yi 178**

Inkurikizi z'ukwegurira uwundi muntu igiheranywe gifatiye ku matati, gihanahanwa mu gutera igikumu ku ruhande rw'inyuma y'urwandiko ruvuyere-keye, bitunganywa n'amategeko agega ivy'amatati.

Ariko uwuheranye umwenda nk'uyo ntashobora kubera intambamyi umuntu wegukiye ubwanyuma atafise imvo kubw'amategeko agenga abadandaza zishobora kubera intambamyi uwitwaye urwandiko rumutegeka kuha amafaranga uwundi muntu ku rugero no ku musi ugenywe canke zibera intambamyi uwitwaje urwandiko rwerekana ko nyene kurutanga yiyemeje kumuha amafaranga canke kuyaha uwo ajenye.

### **Ingingo yi 179**

Abafise inzandiko zo kurihwa zashinzwe canke zatanzwe hakurikijwe amasezerano y'ugutanga umwenda baronka ingwati ihwanye n'umwenda usigaye kurihwa.

Naho hoba umwumvikano kuri izo nzandiko, uwuheraniwe agumana imbere y'abo biterekeye, ububasha bwo kwikora kuri iyo ngwati. Ariko uwufise izo nzandiko arashobora, iyo habaye ifatishwa ryamenyeshejwe ujejwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo na nyene kurihwa, kurindiriza inkurikizi z'inzandiko zikura ko ingwati canke izindi igihe zoba zimurenganya.

Urwo rwandiko rw'uguhagarikisha rutegerezwa kwerekana aho yatoye ko bamuronderera ku murwa w'akarere iryo tongo ririmwo.

Urwo rwandiko rw'uguhagarikisha rugira inkurikizi mu gihe c'umwaka gusa iyo bidasubiye gusabwa ko rwobandanya ; bishobora gukurwaho n'umutahe ubimenyesha gusa.

### **Ingingo yi 180**

Uwo wese afise ikitimuka canditswe ku ingwati ihagarariye umwenda w'amafaranga kandi azwi igitigiri, arashobora kurengutswa imbere ya Sentare ibijwe n'uwo wese yahawe umwenda naho ubutigu bwo kwishura butaba buragera kugira ngo yemeze ko uyo mwenda akiwuharanye, igihe naho yoba agiheranye igice, akavuga igitigiri c'ayo agiheranye.

Uwuheranye araheza akerekana ivyemeza ko yahejeje kuriha canke ko agisigayeko igice, ataraho naho, aca yitwa ko agiheranye.

### **Ingingo yi 181**

Igihe uwuheraniwe afise ingwati ku kitimuka apfuye, uwitwa ko amusubiriye mu bubasha yarafise kuri uyo mwenda ni uwamutoranye canke uwo yaraze uwo mwenda wimuriwe ku rwandiko rwemeza bene amatongo.

Iyo umusi w'ukuriha ugeze iryo yimurwa ritaraba, uwuheranye arashobora kwikurako umwenda mu gushikiriza mu kigege ca Leta ivyo aheranye ataco arinze gusabwa.

Muri ico gihe, iyimuka ry'umwenda ntirishobora kuba bitavuye ku ngingo y'Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu y'aho ikitimuka kiri.

Iyo ngingo ifatwa gusa hisunzwe ibisabwa, haciye ikiringo no mu buryo bitegekanijwe n'ingingo zerekeye uguhanahana ibitimuka.

### **Ingingo yi 182**

Iyo abatoranye canke abarazwe ari babiri canke benshi, Umukuru wa Sentare ashinga ingingo yemeza ko umwenda uzokwimurirwa kw'izina rya bose badatandukanijwe kiretse iyo bonyene bumvikanye ingene bazowugabura.

Uyo mwumvikano utegerezwa kugirirwa imbere yiwe canke bikabo-nekera mu rwandiko rwemejwe n'uwubi-fitiye ububasha. Iyo ngingo irerekana neza ico umwe umwe mu batoranye canke mu barazwe yegukira mu mwenda wa mbere.

### **Agace k'indwi : *Ivyerekeye irangira ry'ingwati ku kitimuka***

### **Ingingo yi 183**

Ingwati ku kitimuka irangira kubera ibi bikurikira :

1° Irangira ry'icategerezwa gukorwa na nyene guherana ;

2° Iyo uheraniwe ahevye ingwati ;

3° Izimangana ry'ikitimuka cose catanzwe ko ingwati, kiretse hakurikijwe ingingo yi 145 y'iki gitabu ;

4° Imvo zategekanijwe n'ingingo yi 184 y'iki gitabu ;

5° Uburyo bwo gufuta butegekanijwe n'ingingo yi 185 ;

6° Iyo igihe c'ukwandikisha ingwati carenze.

### **Ingingo yi 184**

Iyo hagurishijwe ikitimuka cafashwe na Sentare canke hakurikijwe ingingo y'amasezerano ivuga ko igurishwa ryaco ritazorinda guca mu manza, no mu gihe ikitimuka gitwawe na Leta ku neza ya bose, imyenda yari ihagarariwe n'ingwati kuri co irihwa ku kiguzi caco.

Ikiguzi caco hamwe n'igicro c'ibiheranywe vyose birashikirizwa muri uko kwezi ikitimuka cagiye mu minwe y'uwundi muntu, uwujwe kwakira n'ugushingura inzandiko zitanga ububasha ku matongo, nawe akabimenyeshya abaheraniwe banditse ivyo yashikirijwe n'uburyo yabironse kandi akabarungikira muri ico gihe urutonde rw'imyenda yari ihagarariwe n'ingwati.

### **Ingingo yi 185**

Mu gihe habaye igurishwa ata gahato, iguzwa canke igabwa ry'ikitimuka, uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo aca akuraho atawurinze kubisaba ingwati zicanditseko :

1° Iyo muri uyo mwaka cimuriwe k'uwundi, uwakironse ashikirije ikiguzi ico kitimuka mu minwe y'uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo akanamusaba kubimenyeshya abaheraniwe bose bandi-tswe agaca atanga iyimuriro ry'urupapuro rwagizwe igihe hashikirizwa ikitimuka be n'impfunyapfunyo y'urwandiko rwemeza nyene itongo.

2° Iyo mu mezi ane akurikira uko kubimenyeshwa ata n'umwe mu baheraniwe bafise ingwati yasavye uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo ko ikitimuka cogurishwa icamunara.

### **Ingingo yi 186**

Ukubimenyeshya no gufatisha bitegekanijwe mu ngingo zi 184 ni 185 z'iki gitabu bigirwa hakoreshejwe umutahe.

### **Ingingo yi 187**

Iyo hashitse ibitegekanijwe n'ingingo yi 185, uwuheraniwe afise ingwati ku kitimuka asavye ko kigurishwa icamunara, uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo arategura muri ayo mezi ingingo zigenga iryo gurishwa akongera akarigirisha mu mezi atatu. Iyo igicro gitanzwe kidakwiye ikitimuka ntawugitsindira bica bifatwa nk'uko atawuheraniwe n'umwe yari yasavye iryo gurishwa. Igicro c'ivyako-reshejwe kija ku gatwe k'wasavye iryo gurishwa.

***Agace k'umunani : Ivyerekeye iyandikwa ry'ingwati ku kitimuka***

AGAHIMBA KA MBERE : IVYERE-KEYE IYANDIKWA

### **Ingingo yi 188**

Uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo yandika ingwati ku kitimuka :

1° Hatanzwe urwandiko rw'uwuheraniwe rwemeza ko uwo mwenda uriho ;

2° hatanzwe n'umukozi wa Leta abijejwe impfunyapfunyo y'urwandiko yemejwe ko ibiriko aribimwe n'ibiri ku rutonde rw'amakori yishinzwe n'ingwati canke urwandiko rwemeza ko ikori risabwa riheranywe ;

3° hatanzwe urwandiko rw'amaseze-rano canke iyimuriro ryarwo bituma ingwati yandikwa, kiretse iyo uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo asanganywe urwo rwandiko mugabo ivyo ari vyo vyose hategerezwa gutangwa iyimuriro ryemejwe ry'ayo masezerano.

4° Hatanzwe iyimuriro ry'umutahe wo gufata ikitimuka canke iyimuriro ry'ingingo y'Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu iyo ivyo vya mbere bitasho-botse.

### **Ingingo yi 189**

Kuyerekeye iyandikwa rituma ingwati iba uwuheraniwe arerekana atomoye neza ku ruhande rwo hepfo rwiryo yimuriro ryemejwe ryayo masezerano igitigiri c'amafaranga iyandikwa ry'ingwati ryasabiwe.

Kugira iyandikwa ritume ingwati iba harasabwa kandi ko herekanwa urwandiko nyene ikitimuka yahawe catanzwe ko ingwati.

Iryo yandikwa rishigwa ku rwandiko rwemeza nyene ikitimuka yahawe no ku rwandiko rushinguwe n'abajejwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo.

Isabwa ry'iyandikwa ry'ingwati ryose rigirwa biciye mu nzandiko canke bikemezwa n'uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo kiretse ibitegekanijwe n'ingingo yi 162 y'iki gitabu aho uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo yandika ingwati atawurinze kubisaba.

### **Ingingo yi 190**

Uwo wese aheraniwe afise ingwati ku kitimuka ategerezwa gutora ko aho azorondererwa ari ku murwa w'akarere k'amatongo ahandi ho inzandiko zose zimumenyesha ivyerekeye iyandikwa ry'ikitimuka bizoshobora kugirwa biciye mu kuzimanika aho uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo akorera hamwe no guzitangariza mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

Uwanditsweko ingwati ku kitimuka canke uwumuserukira arashobora guhindura aho arondererwa yitoreye, ariko agategerezwa kuhamenyesha ku murwa w'akarere k'amatongo.

Uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza benamatongo aca yandika aho uwanditsweko ingwati ku kitimuka azorondererwa ku rwandiko rwemeza bene amatongo.

## **Ingingo yi 191**

Ukwandikisha ingwati bitegeka-nijwe n'ingingo za 148 na 149 z'iki gitabu zirerekana igitigiri c'amafaranga yatangiwe ingwati n'ico yatangiwe, urwandiko rutegekanijwe n'ingingo yi 148 rurerekana kandi amazina, amatazirano, umurimo naho uwuheraniwe aba mu kuri.

## **Ingingo yi 192**

Iyandikwa ry'ingwati ku bitimuka bitegekanijwe n'ingingo zi 151 ni 157 n'izitegekanijwe n'ingingo zi 175, 176, 181 ni 182 z'iki gitabu zirimwo :

1° igenekerezo ry'urwandiko rutumye iryo yandikwa riba ;

2° ubwoko bw'urwo rwandiko, uwurutanze, yaba uwo mu butungane canke uwo muntwaro ;

3° amazina, amatazirano, umurimo n'aho bene amasezerano baba ;

4° iyo izo ngwati ku bitimuka ari zitegekanywa n'ingingo zi 151 ni 157, urwo rwandiko rwerekana kandi ubwoko bw'amasezerano n'ingingo nkuru nkuru ziyagize, bikenewe n'ingingo z'amaseze-rano zitegekanywa n'ingingo yi 154 na 155, ingene ibitegerezwa bizokorwa n'ivyumvikanywe ku nyungu.

## **Ingingo yi 193**

Uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo amaze kwandika ingwati aca aha uwabisavye urwandiko rwemeza ko iyandikwa ryabaye.

Urwo rwandiko rurerekana igenekerezo iryo yandikwa ryabereyeko n'urwandiko rwemeza nyene ikitimuka iyo ngwati yanditseko.

Igihe iyandikwa ribaye habanje kwerekana amasezerano canke ingingo ya Sentare, icemeza ko ingwati yabaye vyandikwa musu y'urwandiko rw'amasezerano canke y'iyimuriro ryayo rwemejwe n'ababifitiye ububasha bushikirijwe uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo.

Urwandiko rw'amasezerano canke iyimuriro ryarwo bisubizwa nyene gusaba ko ingwati yandikwa. Iyimuriro ryemejwe n'ababijejwe ribikwa aho uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo akorera.

Ariko, iyo iyandikwa ry'ingwati rigizwe hakurikijwe amasezerano asa n'ayemeza ko ingwati itanzwe na nyene ikitimuka, uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo araha nyene gutanga ingwati urwandiko rwemeza ko yanditswe.

## AGAHIMBA KA KABIRI : IVYEREKEYE INKURIKIZI ZITURUKA KW'IYANDIKWA RY'INGWATI KU BITIMUKA

### **Ingingo yi 194**

Iyandikwa ry'ingwati ku kitimuka ntiryemeza ko umwenda wishinzwe uriho kandi ntiriwukurako amahinyu.

Ni nk'uko iyandikwa ryerekeye guhanahana uwo mwenda ridakuraho amahinyu y'urwandiko rwatumye iryo hanahana riba.

### **Ingingo yi 195**

Iyandikwa rigumizaho ingwati ku kitimuka mu kiringo c'imyaka cumi n'itanu. Ntaco riba rikimaze iyo imbere y'uko ico kiringo kirangira uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo atanditse ku rwandiko rwemeza nyene itongo ko iyandikwa ryanditswe ukundi gusha bisabwe n'uwuheraniwe.

Iyandikwa rishasha ryose ribaye inyuma y'imyaka cumi n'itanu rifatwa y'uko ari irya mbere. Gusubira kwandikisha ingwati ku kitimuka ntigushoboka iyo kuva iryo yandikwa rirengeje igihe, ikitimuka kimaze kwandikwa k'uwundi muntu.

### **Ingingo yi 196**

Iyo hari kimwe canke vyinshi mu bitegerezwa kwandikwa bisabwe n'iki gitabu c'amabwirizwa cibagiwe ntibituma iryo yandikwa riba impfagusa, iyo ivyibagiwe bishobora gusubirirwa n'ibindi vyanditswe ku rwandiko rwemeza nyene ikitimuka.

Ukwo kuba impfagusa gusabwa gusa n'abatari mu masezerano uko kwibagira kwononeye.

***Agace k'icenda : Ivyerekeye ihanagurwa n'igabanywa biraba iyandikwa ry'ingwati ku bitimuka***

### **Ingingo yi 197**

Iyandikwa ry'ingwati ku bitimuka rirahanagurwa ryose canke igice iyo uwuheraniwe abifitiye ubushobozi avyemeye canke bivuye ku rubanza rwaciwe ubutagisubirwamwo.

Iryo hanagurwa rirandikwa ku rwandiko rwemeza nyene ikitimuka.

### **Ingingo yi 198**

Abasaba ihanagurwa canke igabanywa ry'iyandikwa ry'ingwati ku bitimuka, bategerezwa gushikana aho uwujewe gushingura inzandiko zemeza bene amatongo akorera iyimuriro ry'urwandiko ryemejwe n'uwubipfitiye ububasha ryerekana ko bavyemeye. Impfunyapfunyo y'urwo rwandiko irakwiye iyo uwujewe kwandika amabanga no kuyemeza yarutanze, yemeje ko muri rwo atacabanje gusabwa canke atacabangiriwe.



Ariko iyo umwenda ari uwushobora kwishurwa n’uwo ariwe wese, ukuvyemera gushobora kugaragarira ku rwandiko rusanze rw’amasezerano rwagizwe n’uwawuronse ubwanyuma, inyuma y’uko uwujewe gushingura inzandiko zemeza bene amatongo abanje kubona ivyemezo ko uwatanze uwo mwenda nawe wamushikiriye inyuma y’urukwirikirane rubandanya rwo kuwuhana.

Urwandiko ruvuga ko umwenda ushobora kwishurwa n’uwo ariwe wese ruja hamwe n’urwandiko rwo kurekura ingwati, rugaca ruguma ahashingugwa inzandiko zemeza bene amatongo.

Uwujewe kuzishingura aca arungikira uwuheranye urwandiko rumumenyesha ko yazironse.

### **Ingingo yi 199**

Kiretse abigaragaje ukundi, uwufitiwe umwenda yemeye ko haba ihanagurwa ryose canke ry’igice c’ingwati ku kitimuka ntibivuga ko ahevy ububasha bwatumye iryo hanagurwa riba.

### **Ingingo ya 200**

Ihanagurwa riturutse ku rubanza rigirwa iyo herekanywe iyimuriro ry’urubanza rwacitse ubutagisubirwamwo.

### **Ingingo ya 201**

Ihanagurwa ry’iyandikwa ry’ingwati ku bitimuka ritegerezwa gushingwa n’amasentare mu gihe iyandikwa ryagizwe hatisunzwe amabwirizwa canke urwa-ndiko rutanga ubwo bubasha, mu gihe ububasha ku ngwati yo ku kitimuka bwaheze canke mu gihe umwenda ufise ingwati wabaye impfagusa canke warangiye.

### **Ingingo ya 202**

Imanza ziturutse kw’iyandikwa ry’ingwati ku kitimuka kubafitiwe imyenda zishingwa n’imitahe ya Sentare iriko amazina yabo canke ikarungikwa aho baheruka kwemeza ko ariho bazohora baronderwa handitswe ku rwandiko rwemeza bene amatongo.

**Agace k’icumi : Ivyerekeye inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w’ishirahamwe zishinzwe n’ingwati ku kitimuka**

### **Ingingo ya 203**

Amashirahamwe asanzwe canke ay’ubudandanji beneyo bagiramwo uruhara rugereranye n’imitahe yabo, yashinzwe hisunzwe amabwirizwa y’Uburundi, arashobora gutanga ingwati ku kitimuka kugira yishinge umwenda afise canke azoronka biciye mu buryo bw’inzandiko zemeza imyenda k’umutaha w’ishirahamwe.

Kugira ivyo bishoboke ishirahamwe rirerekana ingene uwo mwenda wotangwa mu buryo butegekanijwe n'ingingo yi 151 y'iki gitabu. Izina ry'uwuheraniwe risubirirwa n'inzandiko zerekana umwenda wishinzwe.

#### **Ingingo ya 204**

Iyandikwa ry'ingwati rigirwa mu buryo busanzwe ku neza y'umurwi w'abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutahe w'ishirahamwe canke bazozironka. Ariko ingingo zerekeye aho bazorondererwa ntizikurikizwa.

Urwandiko rutomora neza ingene izo nzandiko zitangwa be n'impfunyapfunyo y'urwandiko rwemeza nyene ikitimuka carwatirijwe bitangwa inyuma y'iyandiki-shwa ry'ingwati, bitangazwa mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

Ingwati ica ifata ikibanza mu rutonde rw'izanditswe kw'igenekerezo yandiki-weko hatarabwe igihe izo nzandiko zemeza umwenda ku mutahe w'ishiraha-mwe zatangiweko.

#### **Ingingo ya 205**

Iyandikwa ry'ingwati ritegerezwa gusubira kugirwa hasigaye amezi cumi n'umunani ngo ikiringo categekanijwe n'ingingo yi 196 kirangire, bisabwe n'abajewe gutunganya ishirahamwe kandi bakavyemanga. Uko kwandikisha kudasu-biye kugirwa n'ishirahamwe, uwo ariwe wese afise urwandiko rwemeza umwenda ku mutahe w'ishirahamwe arafise ububasha bwo kubigira, mugabo atege-rezwa kumenyesha aho azorondererwa nkuko bitegekanijwe n'ingingo yi 190 y'iki gitabu.

#### **Ingingo ya 206**

Inzandiko zemeza imyenda ku mutahe w'ishirahamwe yishinzwe n'ingwati ku kitimuka, zifise ikiranga urwandiko rushinga ingwati ku bitimuka zikerekana kandi igenekerezo iyo ngwati ku kitimuka yandikiweko, ikibanza ku rutonde iriko n'ingingo ziri mu karongo gakurikira.

Ishirahamwe riheranye ryatanze bene izo nzandiko zigenewe iyishurwa ry'umwenda wose canke igice cawo, kandi uwufise izo nzandiko akaba atigeze aza kwishuza mu myaka ukurikira isango ryo kurihwa, riremewe gushikiriza amafaranga riheranye mu kigega ca Leta.

Iryo shirahamwe ribisavye, Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu waho rifise icicar aragenya uwuserukira abaheraniwe bafise bene izo nzandiko.

#### **Ingingo ya 207**

Iyandikwa rirahanagurwa canke rikagabanywa iyo uwuserukira abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutahe w'ishirahamwe baronderako uguhana-gurwa canke ukugabanywa avyemeye.

Iyo Ishirahamwe rimaze kwandikisha ingwati ku kitimuka rihevyeye gusaba umwenda wishinzwe n'iyongwati, uguhaganurwa kw'uko kwandikisha kuba hakurikijwe ingingo y'Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu w'aho iryo shirahamwe rifise icicaro.

Urwandiko rusaba ihanagurwa ruba ruri kumwe n'urwandiko rwemejwe n'ababifitiye ububasha bugizwe n'abaserukira ishishahamwe rwemeza ko ata rwandiko rwemeza umwenda na rumwe rwatanzwe.

Iyo ngingo ishingwa haheze amezi ane, ugusaba ihanagurwa ry'iyandikwa gutangajwe mu kinyama-kuru canke mu binyamakuru vyo mu Gihugu kibure vyo mu makungu vyagenywe n'Umukuru wa Sentare.

### **Ingingo ya 208**

Bisabwe n'umwe mu baheraniye abikurikirana kuruta abandi, Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu iri aho iryo shirahamwe rifise icicaro, amaze kuvyihweza aragenda uwuserukira abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe. Iryo genwa ritangazwa mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

Uwuserukira abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe, afata ingingo mfatakibanza ku neza y'abaheraniye. Ahagararira uwo murwi kuri vyose gukurako ingwati no kwimura mw'itongo.

Uwuserukira abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe abwirizwa gushikiriza mu kigenga ca Leta, iminsi itarenga munani amafaranga yatoywe hakurikijwe ivyakozwe.

Amafaraanga atanzwe muri ubwo buryo yegukira abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe, azoshobora kubikurwa ku ruhusha rwanditswe kw'izina rya kanaka canke urwandiko rwatanzwe n'uwuserukira abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe, kandi zikaba ziriko icemeza ko Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu yabibonye.

Nta ruhusha na rumwe rushobora gutangwa n'abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe, hatabonetse urwandiko rwemeza umwenda. Uwuserukira abafise inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe arerekana kuri nya rwandiko amafaraanga yatangiye uruhusha.

### **Ingingo ya 209**

Ingwati iri ku kitimuka kiri mu Burundi kandi ihagarariye inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe zatanzwe n'ishishahamwe ryashinzwe hakurikijwe ibwirizwa ryo mu kindi gihugu ishingwa kandi ikandikwa, igatangazwa, ikagabanywa canke igahanagurwa mu buryo bwategekanyijwe n'iki gitabu.

Ariko iyo ishishahamwe ryashinzwe hakurikijwe ibwirizwa ritegekanywa inama y'abaheraniye bafise inzandiko zemeza umwenda ku mutaha w'ishishahamwe, uwujijwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo ntashobora kwandika

ingwati ku kitimuka, kuyihanagura canke kuyigabanya atisunze ingingo zafunditswe n'ayo ma nama.

***Agace ka cumi na rimwe : Ingingo zidasanzwe***

**Ingingo ya 210**

Amasezerano ashinga canke ashiraho ihanahana ry'ingwati ku kitimuka canke urwandiko rwerekana ukwemezwa kw'ihanagurwa ryagiriwe mu mahanga ntibishobora kugira inkurikizi kiretse ukwemerwa kwayo kugaragajwe n'uwashinzwe kwemeza ko amasezerano ajanye n'amategeko abifitiye ububasha.

**Ingingo ya 211**

Uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo ntashobora kwandika canke guhanagura ingwati ku kitimuka kiretse iyo ivyanditswe ku rupapuro rw'igitabu c'inzandiko zemeza bene amatongo rwerekeye ico kitimuka rutabibera intambanyi.

**Ingingo ya 212**

Igihe cose uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo aronse urwandiko rwemeza nyene itongo rwahawe nyeneryo nta kindi ashobora gushira kurirwo atari ivyanditswe mu gitabu c'inzandiko zemeza bene amatongo.

Ategerezwa kandi, igihe cose abisabwe na nyene itongo, kwemeza ko ibiri ku rwandiko rwemeza nyene itongo rwahawe nyeneryo ari bimwe n'ibiri mu gitabu c'inzandiko zemeza bene amatongo.

**Ingingo ya 213**

Uburyo bw'iyandikwa n'ihana-gurwa n'ico cose congerwa ku nzandiko zemeza bene amatongo hamwe n'ubwo impfunyapfunyo yazo. Itunganywa n'itegeko rishinzwe n'umushikiranganji mu mabanga ajejwe harimwo ivyo kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo.

## **IKIGABANE CA GATATU : IBIGENGA AMATONGO AGANZWA N'IGIHUGU**

### **IGICE CA MBERE : IVYEREKEYE AMATONGO YA LETA**

***Agace ka mbere : Ivyerekeye amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose***

#### **Ingingo ya 214**

Amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose agizwe n'amatongo ya Leta akoreshwa ku neza ya bose kubera kamere kayo n'ayakoreshwa ku neza ya bose kubera ko Leta yabishatse uko.

#### **Ingingo ya 215**

Amatongo ya Leta akoreshwa ku neza ya bose kubera kamere kayo agizwe:

1° Amayira, inzuzi n'amayira yazo n'ayandi mazi atemba ashobora gusozwamwo amato canke ashobora gukoreshwa mu gutwara ibireremba kuva mw'isoko gushika aho rwisesera canke rusohokera imbibe z'igihugu harimwo n'impande zazo zidasozwamwo canke zidakoresha mu gutwara ibireremba hamwe n'amazinga, utuzinga, isesero, bisanzwe canke vyaduka muri izo nzira z'inzuzi.

2° Inyenga n'amazi y'ibiyaga n'amatangi y'amazi akoreshwa mu gusozwa ubwato canke mu gutwara ibireremba harimwo kandi n'ibice vyavyo bidakoreshwa muri ubwo buryo.

3° Inkombe canke inkengera z'inzuzi n'ibidengeri vy'amazi gushika k'uburebure bushingwa n'amategeko, kuva ku rugero rurerure rw'aho amazi ashika mu gihe inzuzi zuzuye.

#### **Ingingo ya 216**

Inzuzi n'ibidengeri vy'amazi vyitwa ko bishobora gusozwako amato, ibitebo canke utwato tw'ubwoko bwose, bishobora gukoreshwa mu gutwara abantu canke ibintu.

Inzuzi n'ibidengeri vy'amazi vyitwa ko bishobora kurerembwako, ibishobora gukoreshwa mu gutwara ibiti bibohanijwe n'ibindi bikwegana canke bireremba.

#### **Ingingo ya 217**

Ntivyitwa ko ari ukuzura gushika ku gihe ku gihe, ugusesa kudasanzwe kw'inzuzi n'ihindagurika kenshi mu mwaka vy'urugero rw'amazi y'ibiyaga, urugero rurerure rwayo rusanze rushikwako n'irwo rufatirwako.

## **Ingingo ya 218**

Amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose kubera kamere kayo abaho gurtyo ata numwe abitungye, Intwari ikabifata uko.

Uburyo ikoresha mu kuyemeza canke mbere ntihabe iyemezwa riciye mu nzandiko, ntankurikizi bigira.

## **Ingingo ya 219**

Amatongo ya Leta akoresha ku neza ya bose kuko vyategekanijwe gurtyo agizwe n'amatongo n'amazu vyagenewe gukoreshwa na bose canke vyagenewe ubuzi bufitiye akamaro bose.

## **Ingingo ya 220**

Amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose kubera kamere kayo canke kuko vyategekanijwe gurtyo ntashobora gutangwa, ntawuyegukira kubera ibihe ayakoresheje vyongeye ntatwawe n'ingingo ya Sentare.

Isi igize ayo matongo ntishobora gutangwa, nta n'uwushobora kuyagira ko uburenganzira atari ubwerekeye ingabanyabubasha.

Ntishobora kuja mu minwe y'umuntu ngo ayikoreshe ibintu bimugirira akamaro vyotuma ayigira ko ububasha, nta bantu basanzwe bashobora kuyiburana kugira ngo bayigarurire.

## **Ingingo ya 221**

Ariko ukudatangwa kw'amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose ntikubuzwa ikoresha rya bose risanzwe ry'ayo matongo ritarengeye ububasha bwo kuyakoresha bushobora kwemerwa na bose bivuye kuri kamere kayo canke kuvyo yegenewe.

Ntibubuzwa kandi ikoresha ryayo n'abantu bamwe bamwe mu bihe bitegekanijwe n'ingingo zidasanzwe.

## **Ingingo ya 222**

Hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 221 y'iki gitabu, ivyemerwa kuko bijanye n'amategeko ni nk'ibi :

1°) Gukoresha ata kurenza urugero ububasha bw'umuntu wese kukaba ku nkengera y'amayira abantu bose bacamwo, nk'ububasha bw'ukuhashika, kuhagira igituro, ivyo vyose ariko atakurenga ku mategeko yashinzwe n'ababifitiye ububasha.

2°) Gukorera ku matongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose bifatiye ku masezerano kubera kamere kaho, nk'aho kuronderera n'ugucukura ibiri mu gataka nk'ubutare canke ibitoro, gukoresha amazi n'amayira y'inzuzi n'ay'ibiyaga, ukuroba, hamwe n'amasezerano yerekeye ibikorwa vya Leta.

3°) Kuhakorera mu gihe gito, bikaba birekuwe hakurikijwe amategeko n'ababifitiye ububasha.

### **Ingingo ya 223**

Kuronka uburenganzira bwo gukoresha igihe gito amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose gutangwa nko :

1° Kuronka uburenganzira bw'igituro kugira ukorere ivyawe mw'ibarabara rya Leta canke igipande icarico cose c'itongo rya Leta ryagenewe gukoreshwa ku neza ya bose.

2° Kuronka uburenganzira bwo guca ibarabara mw'itongo rya Leta ryagenewe gukoreshwa ku neza ya bose kugira ngo ushikire inzira aho bose barekuriwe guca.

3° Kuronka uburenganzira bwo gukoresha igihe gito itongo rya Leta ryagenewe gukoreshwa ku neza ya bose no kuhimba mwo ivyokworohereza iringanizwa ry'igikorwa cagenewe ineza ya bose.

4° Kuronka itongo ryagenewe ingenzi kugira ngo hatezwe imbere amashirahamwe y'ingenzi ku neza ya bose.

Ubwo burenganzira duhejeje kuvuga ari ubwo igihe gito kandi bushobora kuvanwaho hatanzwe indishi iyo uwaburonse yagize agahombo kadasanzwe mu gutanga ubwo burenganzira igihe icarico cose.

### **Ingingo ya 224**

Nta numwe ashobora gutera ibintu ku nkengera canke ku nkombe z'inzuzi, z'ibidengeri vy'amazi n'ivy'amabarabara, ngo anahakorere ibikorwa vy'ugucukura canke igikorwa icari co cose atafise uruhusha rw'uwubifitiye ububasha.

### **Ingingo ya 225**

Umuntu canke ishirahamwe akoresheje amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa na bose bayahawe hakuri-kijwe amategeko n'abategetsu babijewe kugira batunganye canke bafashe mu mirimo y'ubuzi bufitiye akamaro bose kandi ntibarenze ibikorwa bashinzwe, ntibifatwa nk'uko ari ukwikorera kuko muri icyo gihe uyakoresha yitwa nk'uko yoba ariko akora ivya Leta.

### **Ingingo ya 226**

Hatakurikijwe ingingo ishingira ko amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose atashobora gutangwa, Leta ishobora guha amatongo amakomine, amashirahamwe yashinzwe na Leta n'amashirahamwe Leta ariyo ifisemwo umutahe munini, iyo ayo matongo aca aja mu matongo yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose.

### **Ingingo ya 227**

Itongo rya Leta ryagenewe gukoreshwa ku neza ya bose haba kubera kamere karyo canke kubera Leta yabishatse uko, rishobora kuva mu murwi ryarimwo canke ntiribe rigikoreshwa ku neza ya bose.

### **Ingingo ya 228**

Gukurwa kw'itongo mu murwi w'amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose kubera kamere karyo bibaho gurtyo ata n'umwe abitumye, intwaro ikabifata uko.

Uburyo ikoresha mu kuvyemeza canke mbere ntihabe iyemezwa zivuye mu nyandiko nta nkurikizi bigira.

### **Ingingo ya 229**

Ikurwa ry'isi riri mu matongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose kubera Leta yabishatse uko, biba iyo itagikoreshwa na bose canke mu murimo ufiteye akamaro bose bishinzwe n'uwubi-fitiye ububasha.

Ikurwa ry'isi mu matongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose kubera Leta yabishatse uko, rirashobora gufatwa ko ryabaye ata ngingo yanditswe yafashwe n'intwaro igihe ibimenyetso bitabanduka kandi vyigaragaza vyerekana neza kw'iyi si itakigenewe gukoreshwa na bose canke itakigenewe mu imirimo ifiteye akamaro bose.

### **Ingingo ya 230**

Amatongo canke amazi ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose kubera kamere kayo canke kubera Leta yabishatse uko akuwe muri iyo mirwi ntibituma aja mu matongo yiganzira.

### ***Agace ka kabiri : Ivyerekeye amatongo yiganziwe na Leta***

### **Ingingo ya 231**

Amatongo yiganziwe na Leta agizwe n'amatongo n'amazi yayo yose bitari mu matongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose.

Mu gihe Leta itarabigenere canke ngo isubire kubigenere imirimo ifiteye akamaro bose canke gukoreshwa na bose, ibigize amatongo yiganziwe na Leta ni nk'ibi :

1° Amatongo ata muntu n'umwe ayabamwo kandi atawuyiyitirira ;

2° Amatongo ya Leta yari yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose atakibigenewe canke yakuwe muri uwo murwi ;

3° Amatongo Leta yiguriye canke yagabiwe ;



- 4° Amatongo Leta yasohoyemwo beneyo kubera imigambi ikenewe ku neza ya bose ;
- 5° Amatongo yasubiye mu minwe ya Leta kubera ikiringo categekanijwe n'amategeko kugira ngo ayegukire gishitse ;
- 6° Amatongo yanyazwe ;
- 7° Amazi y'inzuzi n'inzira n'iyindi migezi idakoreshwa mu gusoza no kubireremba ;
- 8° Amashamba n'amatongo atigeze arimwa.

### **Ingingo ya 232**

Mw'itunganywa ry'amatongo yiganzira, Leta yisunga ibitegekwa n'amabwirizwa canke amasezerano asanzwe iyo adateye kubiri n'ingingo ziyerekeye ziri muri iki gitabu n'ayandi mabwirizwa adasanzwe.

### **Ingingo ya 233**

Hatirengagijwe ibisabwa hamwe n'ibibuzwa bishinzwe n'iki gitabu, ububasha bujanye n'ikoreshwa ry'amatongo yiganziwe na Leta burashobora gutangwa no kwegukira uwundi haciye igihe gitegekanijwe n'amategeko ariko ntibushobora gufatwa bivuye ku ngingo ya Sentare.

### **Ingingo ya 234**

Amatongo yiganziwe na Leta arashobora kugurishwa, kugabwa, gukotesha, gutizwa canke gushigwako ingabanyabubasha.

### **Ingingo ya 235**

Ingabire canke iragi vyerekeye amatongo ahawe Leta vyemezwa kw'izina ryayo n'Umushikirananyi afise uburimi canke iterambere ry'ibisagara mu mabanga ajejwe bivuye y'uko iryo tongo riri mu gisagara canke ritari mu gisagara.

### **Ingingo ya 236**

Mu gihe ivyavuye muri iyo ngabire canke muri iryo ragi bitakwiye ngo ivyategetswe n'uwaguze canke yagavye bikorwe vyose, igabanywa canke ihindurwa ry'ivyategetswe bishobora kugirwa n'uwo mutegetsi nyene iyo nyene kugaba canke nyene kuraga canke ababatorana bavyemeye.

### **Ingingo ya 237**

Harashobora kandi gutegekwa gusubiza ingabire canke iragi y'ivyavuye mu ngabire canke mw'iragi co kimwe n'inzandiko ziyerekeye bibitswa mw'ibanki nkuru y'Igihugu aho vyama birindiriyeye nyene kugaba canke abamutorana.

Ibitasubiweko bishobora gutangwa haheze ikiringo c'umwaka iyo ari ibintu vyimurwa canke c'imyaka itatu iyo ari ibitimuka, ivyavuye muri iryo tangwa bishigwa ahashizwe ivyambere.

Amafaranga yashinguwe muri ubwo buryo atasabwe na nyene kuraga canke nyene kugaba canke ababatorana hagaca ikiringo c'imyaka cumi aca yegukira Leta.

**IGICE CA KABIRI : IVYEREKEYE AMATONGO Y'AMAKOMINE,  
Y'AMASHIRAHAMWE YASHINZWE NA LETA N'AY'AMASHIRAHAMWE LETA  
ARIYO IFISE-MWO UMUTAHE MUNINI**

**Ingingo ya 238**

Amatongo y'amakomine, y'amashirahamwe yashinzwe na Leta, n'ay'amashirahamwe Leta ariyo ifise mwo umutahe munini agizwe n'amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa na bose n'ayo Leta yiganzira nkuko bishingwa n'ingingo ziri muri iki gice.

**Ingingo ya 239**

Amatongo ya Komine agizwe mu ruhande rumwe n'amatongo yiguriye canke yagabiwe n'abandi bantu, mu rundi ruhande agizwe n'amatongo yaguze canke yagabiwe na Leta.

**Ingingo ya 240**

Amatongo ya Komine yagenewe gukoreshwa na bose canke aranguri-rwamwo imirimo ifitiye akamaro ababa muri Komine bose niyo agize muri Komine amatongo yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose.

Ayandi matongo n'ayo Komine yiganzira.

**Ingingo ya 241**

Amatongo y'amashirahamwe yashinzwe na Leta n'ay'amashirahamwe Leta ari yo ifisemwo umutahe munini agizwe ku ruhande rumwe n'amatongo ishishirahamwe ryaguze canke ryagabiwe n'abandi bantu, ku rundi ruhande agizwe n'ayo iry shirahamwe ryaguze canke ryagabiwe na Leta canke na Komine.

**Ingingo ya 242**

Amatongo y'ishirahamwe ryashinzwe na Leta canke y'ishirahamwe Leta ariyo ifisemwo umutahe munini akaba yagenewe kurangura imirimo iryo shirahamwe ryashinzwe niyo agize amatongo yagenewe gukoresha ku neza ya bose.

Ayandi matongo n'ayo iryo shirahamwe ryiganzira.

Iyo ishira hamwe ryashinzwe na Leta canke Leta ariyo ifisemwo umutahe munini ivyo yishinze ar'ukurondera amatongo rica risubira rikagurisha, ayo matongo aca aja mu yo ryiganzira.

### **Ingingo ya 243**

Hatiregagijwe ibitegegekanijwe bidasanze biri muri iki gice, ingingo zisungwa mu mategeko agenga amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose canke amatongo yiganzirwe na Leta niyo akurikizwa ku matongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose canke ay'amakomine, ay'amashirahamwe yashinzwe na Leta n'amashirahamwe Leta ariyo ifisemwo umutahe munini.

Ariko ububasha ku matongo bwemerewe izo nzego butegerezwa kugaragazwa mu rwandiko rwemeza bene amatongo nk'uko bitegekanijwe n'amategeko.

### **Ingingo ya 244**

Amatongo aganzwa n'ikomine, n'ishirahamwe ryashinzwe na Leta canke ishira hamwe Leta ariyo ifisemwo umutahe munini, acungerwa kandi akoreshwa nk'ibintu vy'umuntu yiganzira, hatiregagijwe ingingo ziyarekeye ziyagenga.

Kiretse amatongo avugwa mu karongo ka nyuma k'ingingo ya 242 y'iki gitabu, amatongo yaronse bivuye ku ngabire ya Leta canke y'ikomine, ntashobora gutangwa canke kugabanywako ububasha bitemewe na nyene kuyatanga.

### **Ingingo ya 245**

Amatongo ishira hamwe ryashinzwe na Leta canke ishira hamwe Leta ifisemwo umutahe munini yahawe na Leta canke na Komine, n'amatongo Komine yahawe na Leta agumana akaranga k'amatongo ya Leta akoreshwa ku neza ya bose canke yiganzira bivuye ku murwi nyene kuyatanga yayavanyemwo.

Iyo itongo ryashizwe mu matongo yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose ritanzwe atagisabwe, nyene kurironka ntashobora kurikura muri uyo murwi nyene kuritanga atabimurekuriye.

### **Ingingo ya 246**

Leta canke Komine irafise ububasha bwo gusubira ku matongo yatanze akoreshwa ku neza ya bose canke y'abigenga ariko ibanje gusubiza, iyo bikenewe, uwarihawe amahera yarikoreshejeko n'ikiguzi caryo iyo yarironse abanje gutanga amahera.

Ubwo bubasha bwo gusubira kw'itingo ryatanze bugirwa mu buryo bumwe muri ubu bukwirikira :

1° Igihe ico arico cose bivuye ku kamaro bifitiye bose.

2° Iyo itongo ryatanzwe ritakoze ico ryagenewe ritagishobora gufatwa nk'iriri mu murwi w'amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa n'uwayahawe ku neza ya bose.

3° Iyo ishirahamwe ryarihawe risambutse kiretse iyo ryanjije canke ryasukiranjwe n'irindi shirahamwe.

4° Iyo uwarihawe atakurikije ico ryagenewe canke uburyo butegekanijwe n'amasezerano yarironkeyeko.

5° Ku yindi mvo yose ishobora kuba yarategekanijwe n'amasezerano yo kuritanga.

### **Ingingo ya 247**

Itongo rironswe n'ikomine, ishirahamwe ryashinzwe na Leta canke ishirahamwe Leta ariyo ifisemwo umutahe munini ritanzwe n'abandi hakoreshejwe amafranga atazosubizwa yatanzwe na Leta canke Komine rifatwa nk'itongo ryagabanywe.

Ico gihe ububasha bwo kurisubirako butegekanijwe mu ngingo ya 246 y'ikigitabu burashobora gukoreshwa iyo amafranga ari ayasubizwa n'uwariironse mugabo ntawe yarasubijwe mu mezi atatu inyuma y'ikiringo categekanijwe ariko hagategerezwa gusubizwa amafranga uwariironse yaramaze gutanga.

### **IGICE CA GATATU : IVYEREKEYE ITANGWA N'ITIZWA RY'AMATONGO AGANZWA NA LETA**

***Agace ka mbere : Ingingo ngenderwako***

### **Ingingo ya 248**

Iki gice gitomora amategeko agenga itangwa n'itizwa vy'ububasha bujanye n'ikoreshwa vy'amatongo yiganziwe na Leta. Ariko, ibiterekewe n'izo ngingo ni ibi bikurikira :

1° Itangwa canke itizwa Leta igiriye amakomine n'izo Leta canke amakomine bigiriye amashirahamwe yashinzwe na Leta n'ayo Leta ifisemwo umutahe munini.

2° Itizwa ridasanze rigengwa n'amategeko avyerekeye nk'ivyerekeye ubushakashatsi canke icukura ry'ubutare n'ibitoro, ivyerekeye ugukwiragiza amazi canke umuyagankuba, ivyerekeye ububasha bwo gukoresha amazi n'amayira y'ibiyaga n'inzuzi, n'ivyerekeye uburovyi canke uruhigi.

## **Ingingo ya 249**

Itangwa n'itizwa n'amasezerano ategukanya ko Leta itanze itongo muyo yiganzira atagisabwe canke hasabwe amafaranga canke ikindi kintu.

Itangwa hasabwe amafaranga canke ikindi kintu rishobora kuba mu buryo bwo kugura bisanzwe canke mu buryo bwo kuguza. Iryo tangwa rituma uwurironse yegukira itongo kiretse iyo amasezerano yo gutanga abaye impfagusa canke yasambuwe na beneyo.

Itizwa riha uwurironse itongo ububasha bwo kurikoresha igihe cagenywe atari ubwo kurimwegurira. Hashobora gutangwa gusa muri ubwo buryo, intizo y'itongo mu kiringo kitarenza imyaka 99, kwifashisha itongo, kurikoresha no kuribamwo.

Hatirengagijwe ingingo zitege-kanijwe muri iki gice, itangwa n'itizwa n'amasezerano arimwo Leta kandi agaca yisunga amategeko agenga ivya Leta.

## **Ingingo ya 250**

Ibitegerezwa kurangurwa bidasanze vyerekeye amasezerano ayo ariyo yose bitomorwa igihe c'ipfundikwa ryayo, bigashirwa muri nya masezerano nyene canke mu gitabu c'ibitegekanijwe bidasanze vyerekeye ayo masezerano biyaherekeje.

## **Ingingo ya 251**

Ishingwa ry'amasezerano ayo ariyo yose yo gutanga canke yo gutiza amatongo aganzwa na Leta rirashobora kubangira kugira itegurwa canke irangurwa ry'umugambi wo gutunganya amatongo mu karere itongo ryerekewe n'ayo masezerano rihereyemwo rigende neza.

Ibitegetswe n'umugambi wo gutunganya amatongo bitegerezwa kwubahirizwa mu gihe co gushinga amasezerano no mw'ishirwa mu ngiro ryayo.

## **Ingingo ya 252**

Ibisabwa, ibitegekwa canke ibindi bishingwa n'amabwirizwa canke amategeko bikoresha mu vyerekeye amasezerano yo gutanga canke gutiza, vyitwa ko bizwi kandi vyemewe n'ubarokose itongo.

Vyama vyitwa ko bishobora gusambura amasezerano iyo adakurikijwe n'aho ivyo bitoba vyaratomowe muri ayo masezerano, kiretse hariho ingingo yo mu mabwirizwa ibitegekanya ukundi canke ibigabanya.

**Agace ka kabiri : Abafise ububasha bwo gutanga no gutiza amatongo aganzwa na Leta**

**Ingingo ya 253**

Amatongo aganzwa na Leta avugwa muri aka gace ari mu mirwi ikurikira :

- 1° *umurwi wa mbere* : itongo ritari mu gisagara rifise uburinganire buri musu canke bungana na hegitari zine ;
- 2° *Umurwi wa kabiri* : Itongo ritari iryo mu gisagara rifise uburinganire burenga hegitari zine ariko ntizirenze hegitari mirongo itanu ;
- 3° *umurwi wa gatatu* : Itongo ryo mu gisagara rifise uburinganire buri musu canke bugana na hegitari cumi ;
- 4° *umurwi wa kane* : Itongo ritari iryo mu gisagara rifise uburinganire burenga hegitari mirongo itanu ;
- 5° *umurwi wa gatanu* : Itongo ryo mu gisagara rifise uburinganire burenga hegitari cumi.

**Ingingo ya 254**

Abafise ububasha bwo gutanga canke gutiza amatongo ya Leta yagenewe gukoreshwa ku neza ya bose n'aba bakurikira :

- Umukuru w'Intara ku matongo y'umurwi wa mbere ;
- Umushikiranjanji afise uburimyari mu mabanga ajejwe ku matongo y'umurwi wa kabiri ;
- Umushikiranjanji afise iterambere ry'ibisagara mu mabanga ajejwe ku matongo y'umurwi wa gatatu.

Itangwa canke itizwa ry'amatongo ari mu murwi wa kane n'uwa gatanu ritegerezwa, kugira ntiribe impfagusa, kubanza kwemezwa n'itegeko ry'Umu-kuru w'Igihugu abisabwe n'Umushi-kiranganji abifitiye ububasha kandi herekanywe integuro y'amasezerano adashobora guhindurwa mu gihe co gutera igikumu.

**Agace ka gatatu : Ingene itangwa n'itizwa ry'amatongo ya Leta bitunganijwe**

AGAHIMBA KA MBERE : KUBISABA

**Ingingo ya 255**

Uwo wese yipfuzaga guhabwa canke gutizwa itongo riri mu matongo Leta yiganzira arungika urwandiko rubisaba ku bategetsi babijwe nk'uko bitegekanywe mu ngingo ya 254 y'iki gitabu, abicishije k'uwurongoye Komine.

## **Ingingo ya 256**

Urwandiko rubisaba ruradondora nyene gusaba itongo uwariwe canke iyo ari ishirahamwe ingene ryitwa, icicaro caryo canke aho rirangurira ibikorwa vyaryo bikuru bikuru mu Burundi.

Urwo rwandiko ruratomora kandi n'imiburiburi mu mpfunyapfunyo aho iryo tongo riherereye, ububasha uwurisaba ashaka kurigirako, n'uburyo ashaka kurironka, kwaba kurigura, kurigabigwa, kurikotesha canke kuritizwa.

Rurerekana kandi ico uwusaba iryo tongo yiyemeje kurikoresha n'imigambi ategukanya kurirangurirako.

## **Ingingo ya 257**

Urwandiko rwo gusaba itongo Leta yiganzira rutegerezwa kandi kuba ruri kumwe n'inzandiko zikurikira :

a) Urwandiko rwemeza ibiranga vyose nyene kurisaba canke iyo ari ishirahamwe amategeko arishinga ari kumwe n'iyimu-riro ryemejwe ry'itegeko nshikiranganji riyemeza canke riyemerera gukorera mu Burundi ; rirerekana bikenewe n'abarise-rukira bemejwe n'amategeko ;

b) Urwandiko rwerekana mu mpfunya-pfunyo uko itongo rimeze nk'uburinganire bwaryo, aho riherereye ufatiye ku bimenyetso bikuru bikuru bizwi, nk'amabarabara, inzuzi, ibibanza birangurirwamwo imirimo ya Leta canke ubudandaji, amatongo ahegereye yandi-tswe, amazina ya banyenamatongo ahana imbibe n'iryo tongo risabwe canke ahereranye naryo, kandi bikenewe inomeru yaryo k'urutonde rw'ishushanyo ry'amatongo ari muri ako karere ;

c) Urwandiko rw'uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo rwemeza ko iryo tongo ritara-ndikwa k'uwundi canke atawuriko ararisaba ngo rimwegukire yisunze imigenzo canke urwandiko rwerekana ko ariwe arekuriwe kurikoresha.

## **Ingingo ya 258**

Urwandiko rwo gusaba itongo Leta yiganzira n'inzandiko bigendana, bitangwa mu nzandiko zibiri zisa, urwa mbere rugenerwa ababijejwe babifitiye ububasha, urwa kabiri rurungikirwa uwurongoye Komine w'aho itongo riri.

Harashikirizwa kandi mu nzandiko zibiri zisa urundi rwandiko rwose rwo gusaba itongo rushikirijwe mu nyuma.

## AGAHIMBA KA KABIRI : UKWIHWEZA INZANDIKO Z'UGUSABA ITONGO

### Ingingo ya 259

Kuva hashikirijwe canke hakiriwe urwandiko rwo gusaba itongo, uwasabwe itongo aca yihweza ko afise ububasha aravye itongo, risabwa uko ringana n'aho riherereye.

Iyo bibonetse ko itongo ryasabwe uwutari we, uwasabwe itongo aca arungikira uwubifitiye ububasha inzandiko zose z'uko gusaba abanje kugira urutonde rwazo, akabimenyesha kandi uwasavye itongo.

### Ingingo ya 260

Iyo inzandiko zo gusaba itongo zikwiye, uwufise ububasha bwo gutanga itongo aca ashinga ingingo, amaze kwumviriza ibishikirijwe n'Inama Mpanuzwajambo ya Komine, iyo ari itongo riri mu gisagara.

Iyo ari itongo ritari mu gisagara, uwufise ububasha bwo gutanga itongo aha canke ararungikira nyene gusaba itongo urwandiko rumwe muzu gusaba, akongera akarungikira iyimuriro z'inzandiko zose Umukuru wa Komine w'aho itongo riri.

Kuva aronse izo nzandiko, uwurongoye ikomine aca :

- a) Atangaza mu kumanika kw'ikomine urwandiko rumwe muzu gusaba itongo ;
- b) Aramenyesha nyene kurungika izo nzandiko ko yazironse, agatomora neza indagano y'umusi wa mbere wo kubitangaza ;
- c) Arongera akagira itohozwa ryo kumenya ko itongo atawuryiyitirira nkuko bivurwa mu ngingo ya 262 y'iki gitabu, iyo ari itongo ritari mu gisagara.

### Ingingo ya 261

Kugira umuntu wese abikeneye amenye ko hari itongo rya Leta ryasabwe kandi aronke ububasha bwo kurifatisha bikenewe mu gihe c'itohozwa ry'uko ritagira nyeneryo canke uwuryiyitirira, bitangazwa mu kumanikwa kw'ikomine mu kiringo c'ukwezi ku buryo izo nzandiko bose bazisoma bitabagoye kandi zigakingirwa ivyozonona.

Urwo rwandiko rwo gusaba itongo rumanitse kw'ikomine rwandikwako ko birekuwe gufatisha iryo tongo mu gihe c'itohozwa hakerekanwa n'ikiringo rizomara.

### Ingingo ya 262

Itohozwa ryo kumenya kw'itongo ritari mu minwe y'uwundi canke atawuryiyitira ritangura ku musi wa mbere urwandiko rwo gusaba iryo tongo rumanikiwe, rikarangira haciye amezi abiri atarenga. Itohozwa riba kugira biboneke ko itongo risabwa gutangwa canke gutizwa ritagira nyene ryo canke atawuryiyitira, bishitse naho, hakamenyekana ubwoko, urugero n'ifatiro ry'ububasha abandi boba bafise kuri iryo tongo.



Kubera ivyo, Umukuru wa Komine ategerezwa kugira ibi bikurikira :

- a) Guhinyuza ari kuri nya tongo imbibe zaryo ;
- b) Kwandika iyo bikenewe abantu bose baribako canke bafise ico barikorera ico arico cose n'ubwoko, urugero n'ifatiro ry'ububasha barifiseko ;
- c) Kwerekana ingene aho hantu hameze n'ukugira urutonde rw'ibiriho vyose nk'ishamba, igitara, imirima, inyubakwa, inzuzi, isoko n'inzira z'imigenderanire ;
- d) Kwandika abafatishije canke ivyashikirijwe.

### **Ingingo ya 263**

Iyo itohozwa ry'uko itongo ritagira nyeneryo canke uwuryiyitirira rirangiye, uwurongoye Komine aragira icegeranyo kivyerekeye kirimwo ibintu vyose vyabonywe canke vyumviswe muri iryo tohozwa akabishira mu mpfunyapfunyo, akanagira ico avuze kw'isabwa rya nya tongo amaze kwumva icyumviro c'Inama Mpanuzwajambo ya Komine.

### **Ingingo ya 264**

Mu gihe kitarenze ukwezi uherye kw'igenekerezo itohozwa ry'uko itongo ritagira nyeneryo canke uwuryiyitirira vyasozerewe, uwurongoye Komine aca arungikira uwubijewe inzandiko zose zo gusaba itongo, yagize urutonde rw'ibirimo vyose, uwo nawe akemeza ko yabironse. Urwandiko rugira kabiri rw'inzandiko zagizwe canke zaronswe mw'itohozwa ry'uko itongo ritagira nyeneryo canke uwuryiyitirira, ruca rushirwa mu bushinguro bw'inzandiko za Komine.

### **AGAHIMBA KA GATATU : ISHINGWA RY'INGINGO**

### **Ingingo ya 265**

Uwubijewe afise ikiringo c'ukwezi kumwe kuva umusi aronkeyeko inzandiko zose z'ukusaba itongo zivuye muri Komine kugira ashinge ingingo.

Ariko, arashobora, iyo abona ko ataronse insiguro zikwiye, gutegeka ko haba irindi tohozwa riyongera ku vyabaye canke kwitura ku bahinga, ivyo vyose bikagirwa mu kiringo kitarenze ukwezi kumwe.

### **Ingingo ya 266**

Uwubijewe aratanga nya tongo canke akaritiza iyo yasanze mu vy'ukuri riri mu matongo yiganzirwa na Leta kandi ko umugambi wo kurikoramwo watanzwe n'uburyo nyene kurisaba afise, biboneka ko vyifashe.

### **Ingingo ya 267**

Iyo itohozwa ry'uko itongo ryasabwe ritagira nyene ryo canke uwuryiyitirira ryerekanye ko hariho abandi basanzwe barifise ko ububasha, uwubijejwe arashobora kwanka uko gusaba, canke kuvyemera iyo ubwo bubasha abandi bishimikije ata shingiro bufise.

Muri ico gihe, amasezerano yo gutanga canke gutiza nya tongo yemezwa habanje gushingwa ingingo irimwo imvo zihakana ibisabwa n'abo bandi ; abo nabo barashobora kuyitwarira muri Sentare ibifitiye ububasha.

### **Ingingo ya 268**

Kuba hariho ingabanyabubasha gusa kw'itongo risabwa ntibibuza ko ritangwa canke ritizwa.

Ariko, amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo ategerezwa gutegekanya indishi y'abatswe ingabanya-bubasha igitangwa n'abayaronse iyo hari agahombo gakomeye bahagirira kubera itangwa ry'iryo tongo.

Mu gihe atari uko naho, izo ngabanyabubasha zirandikwa mu masezerano kandi zigategerezwa kwubahirizwa n'uwuronse iryo tongo.

### **Ingingo ya 269**

Uwubijejwe aramenyesha iyo ngingo uwasavye iryo tongo n'abarifatira.

Umuntu wese yibaza ko yare-nganijwe n'iyi ngingo mu bubasha yarafise kuri iryo tongo arashobora, mu kiringo c'amezi atandatu kuva ayimenye-shejwe, gutaka Sentare ibifitiye ububasha kugira ngo yihweze kandi yubahirize ububasha bwiwe kandi bikenewe ihanagure iyo ngingo.

Ihanagurwa rigirwa igihe cose iyo ngingo yarenze ku bubasha umuntu afise kw'itongo bugaragajwe mu rwandiko rwemeza nyen'itongo.

### **Ingingo ya 270**

Hihwejwe uko ibintu bimeze, ingingo ya Sentare ku bisabwa n'uwitwaye nkuko bitegekanijwe mu ngingo ya 269 y'iri bwirizwa irashobora :

- a) Guhakana ivyo vyose abitwara basaba ;
- b) Kwemeza y'uko itongo riburanwa ritari mu matongo yiganziwe na Leta kandi igahanagura ingingo yitwariwe ;
- c) Kwemeza ko iryo tongo riri mu matongo yiganziwe na Leta n'uko kandi ririko ingabanyabubasha z'abandi bantu, igaca ikurikiza ibitegekanijwe n'akarongo ka kabiri k'ingingo ya 268 y'iki gitabu.

## **Ingingo ya 271**

Ingingo yo gutanga itongo ishinzwe n'uwubijewe, ititwariwe mu gihe categekanijwe n'amategeko ica iba ntabanduka kandi igakurikizwa.

Mu gihe ingingo yo gutanga itongo yitwariwe, uwubijewe ntashobora kugira amasezerano yo gutanga canke gutiza iryo tongo atabonye ingingo ya Sentare itakivuguruzwa ibimurekurira kandi hisunzwe yo nyene.

## **Ingingo ya 272**

Amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo aratomora ubwa mbere amazina, amatazirano n'amabanga uwubijewe ashinzwe, ahandi naho amazina, amatazirano n'aho uwurihawe canke uwuritijwe aba canke bikenewe, iyo ari ishirahamwe, uko ryitwa n'aho rikorera.

Ayo masezerano arerekana igene-kerezo iryo tongo ryasabiweko, aho itohozwa ry'uko itongo ryasabwe ritagira nyeneryo canke uwuryiyitirira ryata-nguriye n'aho ryozerewe, ahandi naho bikenewe, itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ritanga uruhusha rwategekanijwe mu ngingo ya 255 y'iri bwirizwa canke ingingo ntabanduka ya Sentare ifatiye ku kwitwara gutegekanijwe mu ngingo ya 270 y'iri bwirizwa.

Ayo masezerano arerekana kandi mu ncamake ingene iryo tongo rimeze n'uburinganire bwaryo.

Ayo masezerano aratomora n'ububasha bwa nyene guhabwa canke gutizwa itongo, ikiringo ashobora kumara iyo bitegekanijwe, ko rizogurwa canke rizotangwa atagisabwe n'ingene amafaranga azotangwa.

## **AGAHIMBA KA KANE : IYANDIKWA N'AMAFARANGA ATANGWA**

## **Ingingo ya 273**

Ububasha ku matongo yatanzwe canke yatijwe butegerezwa kwandikishwa na nyene kuburuka kandi ku mafaranga yiwe hakurikijwe ibisabwa n'uburyo butegekanijwe n'iki gitabu.

Uko kwandikisha kugirwa herekanywe amasezerano y'ugutanga canke y'ugutiza itongo, iyimuriro ryayo ryemejwe n'uwubifitiye ububasha, naryo rigashikirizwa uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo.

## **Ingingo ya 274**

Nyene gusaba itongo niwe atanga amafaranga yerekeye kwiga ivyo yasavye na cane cane ayerekeye itohozwa ryagizwe ry'uko itongo ritagira nyeneryo canke atawuryiyitirira, ayerekeye gupima iryo tongo no gushinga akarimbi karyo, kugira amasezerano no kwandikisha iryo tongo.

Iyo uwasavye itongo abihevye canke bakarimwima, ariha gusa amafaranga ahuye n'ivyakozwe koko.

**Agace ka kane : Inkurikizi z'ugutanga n'ugutiza amatongo**

AGAHIMBA KA MBERE : IVYO LETA ITEGEREJWE

**Ingingo ya 275**

Leta itegerezwa kurangurira uwahawe canke uwatijwe itongo ibisanzwe bikurikizwa mu masezerano ayo ari yo yose, n'ibitegekanywa n'iki gitabu hamwe n'ibiri mu masezerano yo gutanga canke gutiza amatongo.

Ni nk'ugutegerezwa kurimushikiriza n'uku-rimwubahirizwamwo.

Ariko Leta ntaco yishinga ku matongo yatanzwe canke yatijwe kuvyerekeye akamaro kayo mu vy'uburimi, ukudandaza canke kuyabamwo.

Leta kandi ntiyishinga ko iryo tongo rizoguma rikora ico ryatangiwe canke ico ryatirijwe kuko gishobora guhinduka biturutse ku neza ya bose hakurikijwe ingingo zerekeye imigambi y'iringanizwa ry'amatongo y'igihugu.

**Ingingo ya 276**

Uburinganire bw'itongo buvugwa mu masezerano yo gutanga canke yo gutiza itongo ntibufatwa nka nkama kiretse iyo ubwo buringanire bwemejwe n'ingingo ntabanduka ya Sentare canke n'urwandiko rwemeza nyen'itongo rwari ruhasanzwe.

Ariko, igiciro, amafaranga arihwa mu gukotesha canke ivyo vyose uwahawe canke uwatijwe itongo ategerezwa gutanga biraduzwa canke bikagabanywa iyo uburinganire buri hagati y'ubwukuri n'uburi mu masezerano bungana canke buruta icicumi c'uburi mu masezerano.

AGAHIMBA KA KABIRI : IVYO UWAHAWA CANKE YATIJWE ITONGO ATEGEREJWE

**Ingingo ya 277**

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu masezerano yo gutanga canke gutiza itongo, uwahawe canke uwatijwe itongo ategerezwa kurangura ibi bikurikira :

1° kwerekana imbibe z'itongo ryatanzwe canke ryatijwe ;

2° kuja muri iryo tongo n'ukurikorera iyo uwarihawe canke iyo ububasha uwaritijwe arifiseko bubimutegeka ;

3° kudahindura ico itongo ryagenewe n'ama-sezerano ;

4° gutangira ku gihe ivyumvikanywe mu masezerano.

### **Ingingo ya 278**

Uwatijwe itongo niwe ategerezwa kwama arikorera kandi akarikoresha ico ryagenewe mu gihe cose akiritijwe.

Uwaronse canke uwatijwe itongo aguma kandi yisunga amategeko agabanya ububasha arifiseko ku neza ya bose.

### **Ingingo ya 279**

Uwahawe itongo canke uwaritijwe ategerezwa, mu kiringo c'amezi abiri atarenga kuva itangwa canke itizwa ryanditswe, kwerekana neza kandi biboneka iyo bitari bwagirwe imbibe z'itongo ryatanzwe canke ryatijwe.

Imbibe zerekanywe muri ubwo buryo zitegerezwa guhurirana n'iziri mu cegeranyo c'ugupima n'ugushinga akarimbi giherekeza urwandiko rw'amase-zerano yo gutanga canke gutiza itongo.

### **Ingingo ya 280**

Ivyo bikorwa birangurwa bisabwe n'uwahawe canke uwatijwe, bikagirwa ku mafaranga yiwe, vyose bikisunga ingingo zerekeye gupima no gushinga akarimbi k'amatongo.

### **Ingingo ya 281**

Iyo uwahawe canke uwatijwe itongo yagabishijwe ko ategerezwa gushinga akarimbi, hagaca ikiringo c'ukwezi atabikoze, ubijejwe avyitumye canke abisabwe n'uwo wese abikeneye, arashobora gushinga canke gushingisha akarimbi, amafaranga agatangwa na nyene guhabwa canke gutizwa itongo yagavye.

### **Ingingo ya 282**

Mu kiringo kitarenga amezi 12 kuva itangwa canke itizwa ry'itongo ryanditswe, uwarihawe canke uwaritijwe, ategerezwa kurijamwo kandi ategerezwa kurikorera iyo yarihawe canke iyo ububasha uwaritijwe arifiseko bubimute-geka.

Ategerezwa kandi kubandanya kurikorera adahengshanya.

### **Ingingo ya 283**

Uwahawe itongo canke uwaritijwe arashobora gutuma uwundi kumurangurira ibitegerejwe vyose canke bimwe bimwe.

Ariko ntashobora kwidohora mu vyo ategerejwe canke ngo ntafatwe n'ibihano bitegekanijwe.

Ategerezwa kwita ku rutare kugira ngo uwo yatumye arangurane ubwira imigambi iri mu masezerano kandi aguma ariwe abibazwa imbere ya Leta.

#### **Ingingo ya 284**

Uwahawe itongo canke uwaritijwe ntashobora kuriranguriramwo uwundi mugambi utategekekanijwe mu mase-zerano, kiretse abirekuriwe n'ababijwe canke iyo imigambi y'iringanizwa ry'amatongo yahindutse.

#### **Ingingo ya 285**

Uruhusha rwo guhindura umugambi uri mu masezerano rutangwa n'amasezerano yunganira aya mbere. Iyo itongo ryatanzwe canke ryatijwe riri mu mirwi ya 4 canke ya 5, uruhusha rutangwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu bishikirijwe n'umushikiranganji abijwe.

#### **Ingingo ya 286**

Iyo bigaragara ko mu kurangura imigambi yategekanijwe mu masezerano bizotuma itongo rihindura gukora ico ryahora rikora, ntibikenewe ko nyene kurihabwa arinda gusaba uruhusha rwavyo.

#### **Ingingo ya 287**

Uwahawe itongo canke uwaritijwe ategerezwa gutanga ku bihe vyategekanijwe igiciro canke ivyo vyose ategerezwa gutanga nk'uko bitomoye mu masezerano, canke bisubiye guharurwa hakurikijwe ingingo z'amabwirizwa canke z'amasezerano zibitegekanya. Abashi-kiranganji bafise uburimiye be n'ibisagara muvuyo bajejwe umwe wese mu bimuraba barashinga n'ingingo amahera itongo rizotangwako canke rizotizwako.

#### **Ingingo ya 288**

Ukutubahiriza ibitegetswe n'ingingo ya 287 y'iki gitabu bica bituma amasezerano yo gutanga canke gutiza amatongo aca asambuka, ayo matongo aba ayo mu gisagara canke ayatari mu gisagara.

Nyene guhabwa canke gutizwa itongo niwe ategerezwa gushikana mu kigega ca Leta amafaranga ayifitiye; si Leta irinda kuza kuyamwishuza; ayo mafaranga ategerezwa kurihwa kandi agashikirizwa ku musu utegekanijwe atarinze kwibutswa.

Atarishwe yose kuri uwo musu, ubijwe aca agabisha gusa nyene guhabwa canke gutizwa itongo yagavye, ata gusubira kumwibutsa; ayo mafaranga aca atangura guharurwako inyungu zitumwe n'ugucererwa kuriha kuva uwo musu nyene.

## AGAHIMBA KA GATATU : INGENE AMATONGO YATANZWE CANKE YATIJWE AHANAHANWA

### **Ingingo ya 289**

Ububasha ku matongo yatanzwe na Leta burashobora guhanahanwa n'abariho canke bitumwe n'urupfu, hatanzwe ikintu canke atakitanzwe, hakurikijwe ibisabwa n'uburyo bitegekanijwe n'amategeko asanzwe.

### **Ingingo ya 290**

Ihanahanwa ry'ububasha kw'itongo ryatijwe ribaye hagati y'abakiriho ritegerezwa guca mu masezerano atewe ko igikumu n'uwarihorana n'uwurironse kandi bikemezwa n'uwubijewe.

Iyo iryo hanahanwa riturutse ku rupfu, abatorana canke abarazwe bategerezwa kwubahiriza ibisabwa bitomoye mu masezerano yo gutiza itongo.

Muri ubwo buryo bubiri, uwuronse itongo aca asubira mu kibanza w'uwarihorana, ari mu bubasha yarasanganywe, ari mu vyo yategerezwa kurangura kandi uko gutiza itongo guherana n'ikiringo cari categekanijwe n'amasezerano ya mbere.

### **Ingingo ya 291**

Gushika amasezerano arangire, ivya te-gerejwe vyose biturutse mu gutanga canke mu gutiza itongo bitegerezwa kwubahirizwa n'uwo wese yagabiwe, yarazwe n'uwarihorana canke uwamu-toranye, barisangira canke barigabura.

### ***Agace ka gatanu : Ibihano***

## AGAHIMBA KA MBERE : IBIHANO BIKURU BIKURU

### **Ingingo ya 292**

Kiretse ibitegekanijwe ukundi n'iki gitabu, ingingo zisanzwe zikurikijwe ku vyerekeye impfagusa z'amasezerano, isamburwa n'iha garikwa ryayo nk'uko biri mu gitabu c'amabwirizwa agenga ivy'amatati, zirakurikizwa mu vyerekeye itangwa n'itizwa ry'amatongo.

### **Ingingo ya 293**

Ukuba impfagusa bihana amahinyu atosekaza ipfundikwa ry'amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo kandi ajanye n'ukurenga ku bisabwa nyamukuru canke uburyo ntabanduka bujanye n'itegurwa ry'amasezerano.

## **Ingingo ya 294**

Isamburwa ry'amasezerano yo gutanga itongo canke ihagarikwa ry'amasezerano yo gutiza itongo rishobora gushika iyo habaye ikosa rikomeye mw'ikurikizwa ryayo.

Ikosa rikomeye rimenyekana hihwejwe akamaro mu vy'ubutunzi nyene guhabwa itongo canke nyene kuritizwa yarondera canke hisunzwe ineza ya bose iharanirwa n'ubutegetsu.

Ukutubahiriza ibitegetswe vyere-keye kuja mw'itongo, kurikorera, kurigumiza mu co ryagenewe canke kuriha amafaranga ategetswe n'amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo, vyama ari ikosa rikomeye.

Nico kimwe n'ukudasubiza amafa-ranga uwahawe canke uwatijwe itongo yarihiwe na Leta mu kuricishiriza imbibe iyo we atabigize kubera ubugaba bwiwe.

Ikosa rikomeye ry'uwahawe canke uwatijwe itongo rituma haba ubwo nyene isamburwa canke ihagarikwa ry'amase-zerano kandi inkurikizi zikajya ku gatwe kiwe.

## **Ingingo ya 295**

Isamburwa ry'amasezerano yo gutanga canke ihagarikwa ry'amasezerano yo gutiza itongo riraba kandi :

- a) Bivuye ku bituma bitegekanijwe mu masezerano, nk'iyi igihe co gutiza itongo kirangiye ;
- b) Iyo ishirahamwe ryahawe canke ryatijwe itongo risambutse igihe co gutiza itongo kitarahera ;
- c) Hagize ikintu gishitse giturumbuka, kidashobora gutorerwa inyishu kandi kitavuye ku basezeranye gituma amase-zerano adashobora gukurikizwa ;
- d) Bivuye ku gituma icari co cose gishemeye gitanzwe n'umwe mu basezeranye.

## **Ingingo ya 296**

Ukuba impfa gusa, isamburwa canke ihagarikwa ry'amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo bisabwe n'umwe mu basezeranye bitegerezwa kuba inyuma y'igabishwa rimenyeshajwe n'imiburiburi hasigaye ukwezi, ritomora ibituma ingingo izofatwa kandi risaba, bikenewe, uwo basezeranye kwubahiriza ivyo ategerejwe n'amasezerano.

## **Ingingo ya 297**

Uwahawe canke uwatijwe itongo arashobora kumenyesha uwubijwe ico abivuzeko canke ingene abona vyogenda, nawe akavyihweza kandi agashobora, iyo abonye bifise ishingiro, guheba gufata ingingo yari yimirije, canke bitabaye uko, akayifata inyuma y'ikiringo co kugabisha.



Iyo ahevyeye gufata ingingo, ivyifuzo vyashikirijwe n'uwahawe canke uwatijwe itongo bishirwa mu masezerano yunganira ayo gutanga canke gutiza itongo.

Iyo uwahawe canke uwatijwe itongo atubahirije mu kiringo gitege-kanijwe ivyo yiyemeje muri ubwo buryo, ivyerekeye isamburwa canke ihagarikwa ry'amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo rirashobora kubandanya adasubiye kugabishwa.

### **Ingingo ya 298**

Ukuba impfagusa, isamburwa canke ihagarikwa ry'amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo bishobora gushika :

- iyo habaye umwumvikano hagati y'aba sezeranye ;
- iyo habaye ingingo ntabanduka ya Sentare ;
- canke iyo habaye ingingo yafashwe n'uwubijwe kandi itangwa canke itizwa ry'amatongo ari we abikurikiza.

### **Ingingo ya 299**

Ariko Leta ntishobora guhitamwo gukurikiza ku nguvu ingingo yayo itabanje kubitegeka bikanka uwahawe canke uwatijwe itongo ; ntishobora kandi kubimuhatirako bitabaye nkenerwa mw'ikurikizwa ry'iyongero.

Uko gutegeka ntigushobora kuba hatabanje guhera iminsi 15 inyuma y'ikiringo gitegekanijwe mu ngingo ya 305 kandi gutegerezwa kwerekana kw'iyongero ngingo idakurikijwe neza mu kiringo kitari musu y'ukwezi, izoca ikurikizwa ku nguvu ku mafaranga ya nyene guhabwa canke gutizwa itongo kandi akemera n'ibizomushikira.

### **Ingingo ya 300**

Ingingo iyariyoyose y'uwubijwe ivuga ko amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo ari impfagusa, iyasambura canke iyahagarika, imenyeshwa bidatevye uwahawe canke uwatijwe itongo, imenyeshwa kandi iyo bikenewe uwundi muntu ari mw'itongo ryatanzwe canke ryatijwe, iranamenyeshwa kandi uwujwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo.

Uko kumenyeshya kurabuza uwahawe canke uwatijwe itongo guha uwundi muntu ububasha arifiseko kandi kurabuza uwujwe kwandika n'ugushi-ngura inzandiko zemeza bene amatongo ihanahanwa iryari ryo ryose ry'ubwo bubasha.

Ibibujijwe mu karongo ka 2 k'iyongero ngingo ntibihava hatabonetse ingingo ntabanduka ya Sentare ihakanira gusaba ko amasezerano aba impfagusa, asamburwa canke ahagarikwa canke ihanagura ingingo yategerezwa gukurikizwa ishira ho igihano nk'ico canke kandi herekanywe ingingo y'uwubijwe ikuraho iyambere.

### **Ingingo ya 301**

Iyo uwubijwe abonye ko amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo ari mpfa gusa canke ashinze ko asamburwa canke ahagarikwa, arashobora gutegeka kandi ko

uwahawe canke uwatijwe itongo azomuriha amafaranga ku musu wose acerewe mu gukurikiza ingingo yiwe.

### **Ingingo ya 302**

Ingingo itegeka ishirwa mu ngiro ry'ivyemejwe, bitagenze uko, hakarihwa amafaranga ategetswe ku musu ucerewe, itegerezwa kuvuga neza ayo ku musu uko angana, nayo akaba ari ica 365 c'igicro itongo ryatanzweko canke ryatijweko, aharuwe hakurikijwe igicro kiba kiriho ku musu ingingo ifatwa.

Ikiringo gifatirwako kugira ngo kudashirwa mu ngiro y'ivyemejwe gutume hatangura kurihwa amafaranga, kingana n'ukwezi guhera ku musu ingingo imenyeshewe.

### **Ingingo ya 303**

Iyo ivyemeranijwe ata na kimwe gikurikijwe canke hakurikijwe igice, uwubijewe arashobora guca ubwo nyene arihisha icarimwe amafaranga yorishwe ku musu wose ucerewe, bigaca bikurikizwa ubwo nyene.

### **Ingingo ya 304**

Uko kurihisha ni igihano cikwiye gihimiriza uwishuzwa kitabuza, bishitse, ko hatangwa indishi z'akababaro n'ibindi bihano vyiyongerako bitegekanijwe n'iki gitabu.

Iyo bigaragaye ko mu vyemeranijwe ataranguwe canke haranguwe igice biturutse ku caduka kitashobora gutorerwa inyishu, uko kurihisha kurashobora guhebwa.

### **Ingingo ya 305**

Ukuba impfagusa, isamburwa canke ihagarikwa vy'amasezerano yo gutanga canke yo gutiza itongo bituma itongo ryatanzwe canke ryatijwe risubira mu murwi w'amatongo Leta yiganzira.

Iyandikwa ry'isubizwa ry'itongo mu murwi w'amatongo Leta yiganzira ntirishobora kugirwa n'uwujwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo kiretse iyo :

- a) Habonetse urwandiko rwemeza umwumvikano w'abasezeranye canke ingingo ya Sentare yemeza kuba impfagusa canke ishingira isamburwa canke ihagarikwa ry'amasezerano ;
- b) Ikiringo co kwungururiza ingingo ishingira igihano carangiye ;
- c) Habonetse ingingo ntabanduka ya Sentare ihakana ukwunguruza iyo kwabaye.

### **Ingingo ya 306**

Iyo kuba impfagusa, isamburwa canke ihagarikwa ry'amasezerano vyemejwe canke vyashinzwe biturutse ku makosa yagira uwahawe canke uwatijwe itongo wenyene, amafaranga yategerezwa kwishura aguma mu kigega ca Leta iyo yaramaze gutangwa canke akishuzwa buno nyene igihe atari bwatangwe.

### **Ingingo ya 307**

Uwubijewe arashobora kandi gutegeka ko itongo ryatanzwe canke ryatijwe risubizwa ryose kandi nkuko ryari riri, nko mu gukuraho ico cose carishizweko, caryubatsweko, cariteweko canke caririmweko, amafaranga y'ukubikurako agatangwa n'uwarihawe canke uwaritijwe.

Leta irashobora gusubiza canke gusubirisha itongo uko ryari rimeze mu kibanza c'uwarihawe canke uwaritijwe yagavye.

### **Ingingo ya 308**

Iyo Leta itategetse ko itongo risubizwa ryose kandi uko ryari rimeze, ivyarishizweko, ivyaryubatsweko, ivyariteweko canke ivyaririmweko canke ibindi bitimuka kubera kamere kavyo canke kubera ko bifatanye n'isi bikuweho bitotesha agaciro itongo canke bitobera intambamyi itangwa canke itizwa ryo hanyuma birashobora gutwarwa n'uwahawe canke uwatijwe itongo.

Uwahawe canke uwatijwe itongo arashobora igihe cose gutwara ibitimuka kubera ico vyagenewe, n'ibintu vyimuka.

### **Ingingo ya 309**

Mu gihe hashitse ivyategekaniye mu ngingo za 307 na 308, Leta nta nshumbusho n'imwe iha uwahawe canke uwatijwe itongo ku vyerekeye igiciro c'amatungo yasizwe kw'itongo ryasubijwe naho nyene yoba yongereza agaciro k'iryo tongo, ntimushumbusha kandi ku vyo yategerezwa gukuraho vyataye agaciro.

### **Ingingo ya 310**

Mu gihe isamburwa canke ihagarikwa ry'amasezerano ritavuye kw'ikosa ry'uwahawe canke uwatijwe itongo, igiciro c'itongo ryatanzwe gisubizwa uwahawe itongo hakurikijwe ibiciro bisanzwe biriho ku musu w'isamburwa ry'amasezerano, kandi ivyategerezwa gutangwa vyari vyaratanzwe igihe kitarashika n'uwatijwe itongo, arabisubizwa hagereraniye ikiringo kiri hagati y'umusi w'ihagarikwa ry'amasezerano n'umusi wanyuma w'ikiringo vyatangiye.

Leta itegerezwa kandi gushumbusha inkurikizi zavuye kw'isubiza ry'itongo mu murwi rw'ayo yiganzira ; nk'ugusubira kuvyarishizweko, ivyaryubatsweko, ivyariteweko n'ivyaririmweko vyahebwe n'uwahawe canke uwatijwe itongo. Urugero rw'iyi nshumbusho n'uko yomera bitomorwa n'umwumvikano w'abasezeranye, canke ubuze, bigatomorwa n'urubanza, hisunzwe igiciro c'ibintu vy'akamaro vyakoreshejwe kw'itongo

ry'uwarihawe canke uwaritijwe, n'akarusho iryo tongo ryatanzwe canke ryatijwe ryaharonkeye.

### **Ingingo ya 311**

Amasezerano abaye impfagusa, asambuwe canke ahagaritswe ku gituma ico arico cose, uwahawe canke uwatijwe itongo ritari mu gisagara ryagenewe kurimwa ririko ibiterwa bigeze canke vyimirije kwimburwa arashobora kubi-twara.

AGAHIMBA KA KABIRI : IVYEREKEYE IBINDI BIHANO

### **Ingingo ya 312**

Iyo Leta itegerejwe kurangura ibikorwa vy'ugusubiza itongo ryatanzwe canke ryatijwe uko ryari riri mu kibanza c'uwarihawe canke uwaritijwe yagavye, irashobora kubigira yonyene ikoresheje abakozi bayo canke ikabicisha ku wundi muntu, bikenewe ikabicisha mw'ihiga-nwa, amafaranga bitwaye n'inkurikizi zose bikaja ku gatwe kuwagavye.

Uko biba kwose, uwahawe canke uwatijwe itongo yagavye ategerezwa gusubiza Leta amafaranga yakoreshejwe muri ubwo buryo yongeweko icicumi cayo gitanzweko igihano.

### **Ingingo ya 313**

Iyo ari yo yaranguye ibikorwa ikoresheje abakozi bayo, igicro cavyo gishingwa mu mwumvikano canke, bidashobotse, kigashingwa n'umuhinga agenywe na Sentare.

Iyo ibikorwa vyaranguwe n'uwundi muntu, igicro cavyo gifatwa ko ari ico carishwe na Leta.

Ivyo birihwa n'amafaranga y'igihano yongerwako bitegerezwa kurihwa Leta mu misi 30 guhera aho uwahawe itongo canke uwatijwe itongo agabishirijwe, ico gihe kirenze aca yongerwako inyungu y'uko yatevye nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 312.

### **Ingingo ya 314**

Iyo uwahawe itongo canke uwaritijwe ahinduye ico itongo ryari ryagenewe arenze ku mabwirizwa canke ku masezerano, uwubijejwe, kiretse yemeje munyuma ukwo guhindura, ashobora :

- a) Gushinga ko amasezerano yo gutanga itongo asambuwe canke gusaba ko amasezerano yo gutanga itongo ahanagurwa canke ko ayo gutiza itongo ahagarikwa ;
- b) Gutegeka ko uwakosheje asubiza itongo ryatanzwe kibure ryatijwe uko ryari riri akoresheje uburyo bwiwe ;

c) Kumufatira ivyo bihano vyompi.

### **Ingingo ya 315**

Muri ubwo buryo bubiri butegekanijwe n'ingingo ya 314 uwakoshereje Leta ategerezwa kuyiraha amafaranga y'igihano :

a) Igihe ari itongo, igitigiri kingana incuro kabiri ayo yatanze mu gihe Leta imwemereye guhindura umugambi yari arifitiye ;

b) Mu gihe ari itongo ryatijwe, incuro kabiri y'ayarenze kuyo yahora atanga ku mwaka mu gihe hakurikijwe ico ryari ryagenewe n'ayo ategerezwa gutanga ahinduye ico rigenewe, agaharurwa hakurikijwe ibiciro vy'igihe ahinduye vy'ukuri ico rigenewe.

Mu gihe uguhindura ico itongo ryagenewe vyemewe munyuma ,amafa-ranga y'igihano avugwa mu karongo ka kabiri k'iyi ngingo atangirwa rimwe n'ayiyongera ku giciro canke ayategerezwa gutangwa ku gihe.

### **Ingingo ya 316**

Igihe hatarishwe yose canke harishwe igice ku bihe vyategekanijwe mu masezerano, harishwe canke uwatijwe ategerezwa gutanga ku matongo atarishwe inyungu ingana n'ayo yarishe kw'itongo atevye kuriha ikori ry'agataka.

Iyo nyungu iharurwa hakurikijwe igihe yatevye ku kwezi ku kwezi, ukwezi kudakwiye kugafatwa nk'ugushitse.

### **Ingingo ya 317**

Ugutanga inyungu y'ugucererwa ntiku-buza ko ibindi bihano bikuru bifatwa, n'ivyo bihano nyene ntibibuza gutanga inyungu.

## **AGAHIMBA KA GATATU : KWITWARIRA IBIHANO**

### **Ingingo ya 318**

Ingingo yose igeze gukurikizwa ifashwe n'uwubijwe yononera uwahawe canke uwatijwe itongo ashobora kuyitwarira imbere ya Sentare ibifitiye ububasha mu mezi atandatu kuva ayimenyeshejwe.

### **Ingingo ya 319**

Bisabwe n'uwahawe canke uwatijwe itongo, Sentare yashikirijwe urubanza ishobora gutegeka Leta kubangira ikurikizwa ry'ingingo yafashwe gushika hacitse urubanza ntabanduka iyo biboneka ko ikurikizwa ry'ingingo yitwariwe bafatiye kuvyashikirijwe vyotera agahombo gakomeye ku buryo uwitwaye atoba agishoboye gushumbushwa.

Sentare irashobora gutegeka ko ingingo yayo ihagarika ikurikizwa ry'ingingo ya Leta ivanwaho bivuye ku kugene urubanza ruriko rurihwezwa canke hariho ibituma bishasha.

Ibangerirwa ry'ikurikizwa ryategerezwa kuba n'ivanwaho ryaryo bishingwa n'urubanza rw'intangamarara ruca rukurikizwa naho rwoba rwungu-rujwe.

**Agace ka gatandatu : Iyerekeye ububasha bwo gusubira ku matongo yatanzwe**

**Ingingo ya 320**

Itongo ryose ryatijwe na Leta ishobora kurisubirako mu gihe rikenewe kugira harangurwe umugambi ufiteye akamaro bose.

Ugusubizwa mu matongo ya Leta kw'itongo riri mu murwi wa kane n'iriri mu murwi wa gatanu gushingwa n'itegeko ry'umukuru w'Igihugu bishikirijwe n'Umushikiranganji abijejwe.

**Ingingo ya 321**

Ingingo isubiza Leta itongo ryatijwe itegerezwa guteguza uwaritijwe canke uwuribamwo imbere y'amezi atandatu.

**Ingingo ya 322**

Umuzibukiro ujanye n'isubizwa ry'itongo ungana n'amafaranga yatangerirwa itongo ku mwaka hongeweko amafaranga y'ivyongeweko vy'akamaro n'uwaritijwe, nk'ivyashizweko, ivyuba-tseko, ivyateweko n'imirima yerera igihe kirenza umwaka.

Ivyongeweko vy'akamaro bisubi-zwa bingana n'igiciro c'ibintu uwatijwe itongo ahevyeye biharuwe ku musu igihe c'iteguza kirangiye biciye mu mwumvikano, bidashobotse, bigashingwa na Sentare ibifiteye ububasha. Ivyongeweko vy'akamaro bijanye n'ico itongo ryari ryagenewe n'umugambi wo kurikoresha ryaringanijwe mu masezerano ni vyo vyonyene birihwa.

**Agace k'indwi : Iyerekeye amatongo ahabwa n'ayatizwa amashirahamwe amwe amwe atagisabwe**

**Ingingo ya 323**

Hisunzwe ibitegakanijwe n'iki gitabu, uwubijejwe ashobora guha canke gutiza atagitanzwe amatongo ya Leta amashirahamwe yitaho ubumenyi, ayitaho ineza y'abantu, ayerekeye amadini, ayitaho imibano canke akaranga k'igihugu canke ayandi mashirahamwe ku matongo yiganzira atari mu gisagara canke ari mu gisagara kugira ngo arangure imigambi yayo ijanye n'ineza ya bose.

**Ingingo ya 324**

Uburinganire bw'ayo matongo atanzwe canke atijwe bubwirizwa kuba bukwiranye n'ibizohakorera.

Amasezerano yo gutanga canke gutiza itongo abwirizwa gutegekanya uburyo bwo kurikorera mu ndagano zitegekanijwe hakurikijwe ivyahagenewe, bitagenze ukwo Leta irarisubirako.

### **Ingingo ya 325**

Amatongo atazoba yakorewe nk'uko bitegekanijwe mu ngingo z'iki gitabu, Leta izoca iyasubirako.

Amatongo kandi yatanzwe akamara ikiringo c'imyaka itanu ikurikirana atabari muriryo atagituma c'ukuri camenyeshajwe ababijejwe nayo nyene Leta irayasubirako.

Uko kuyakwa kumenyeshwa mu rwandiko uwubijejwe arungikira abaserukira ayo mashirahamwe bakemeza ko baruronse.

Hashobora gushingwa urubanza kubera izo ngingo muri Sentare ibifitiye ububasha mu kiringo kitarenga amezi atadantu kuva iyo ngingo imenyeshajwe abo vyega. Iyo ngingo irashobora kw'itwarirwa muri Sentare ibifitiye ububasha mu mezi atandatu aharuwe kuva umusi uwo yerekeye abimenyesherejweko.

### **Ingingo ya 326**

Amatongo yatanzwe canke yatijwe amashirahamwe aguma arangurirwamwo ibikorwa vy'amashirahamwe yayahawe, ntashobora gutangwa, gukotesha canke ngo agabanyweko ububasha hatabanje kuboneka uruhusha rwanditse rutanzwe n'ubaritanzwe canke yaritije.

### **Ingingo ya 327**

Iyo itongo ryatanzwe canke ryatijwe rikeneze kuranguriramwo ibiraba ineza ya bose, uwubijejwe ashobora kuryaka uwarihawe iyo ari itongo ryatanzwe canke akarisubirako iy'ari iryatijwe yabimenye-sheje mw'ikete uwarirungikiwe yemera ko yarironse, hacye amezi atandatu (6) abimenyeshajwe. Muri ico gihe Leta irariha uwarihawe igiciro caryo hongeweko igiciro c'ivyakoreshejwe bifise akamaro, uwatijwe nawe ahakura indishi ingana n'amafaranga itongo rikoteshejweko canke amafaranga ategerezwa gutangwa ku mwaka hakurikijwe ibiciro vy'igihe itongo ryasubirwako hamwe n'igiciro c'ivyahu-batswe n'ic'ivyahatewe.

Igiciro c'ivyaharungurirwe, vy'ingi rakamaro, c'ivyahubatswemwo, n'ivyahatewemwo baracumvikanako, bitabaye uko bigashingwa n'umuhinga.

Ivyemeza ko iryo tongo rikeneze kuranguriramwo ibiraba ineza ya bose bigaragazwa n'urwandiko rutangwa n'umushikiranganji mu mabanga ajejwe harimwo ivyo bikorwa.

## Ingingo ya 328

Urwandiko rwose rwo gusaba guhabwa canke gutizwa itongo atagi-tanzwe rurungitswe n'ishirahamwe ryitaho ineza y'abantu, ivy'amadini, imibano canke imico kama canke ishirahamwe rifitiye akamaro bose ritegerezwa kwerekana ibi :

1° Izina ry'iryo shirahamwe hamwe n'itegeko nshikiranganji riryemeza ;

2° Amazina n'amatazirano y'uwuserukira canke abaserukira ishirahamwe n'itegeko nshiki-ranganji rigena uwo canke abo bariserukira, canke

3° Amazina n'amatazirano y'abashinzwe gutunganya amashirahamwe ya Leta yashinzwe ku neza ya bose bafise uburenganzira bwo gusaba no gutera igikumu ku masezerano yo gutanga canke gutiza amatongo hamwe n'icemeza ko vyanditswe mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

4° Umugambi ishirahamwe rya Leta canke iryigenga risaba riyemeje kurangurira mur'iryo tongo hamwe n'ikirangamisi co kuritunganya.

5° Iyo ari itongo riri mu yandi yapimwe, inomero yaryo kugicapo c'amatongo apimye y'aho hantu.

6° Iyo itongo ritari muyapimwe :

a) kuba hari igicapo cerekana ingene itongo rimeze, uburebure bw'imbibe zavyo ibindi bipimo vyafashije mu guharura uburinganire bw'itongo, ivyofasha mu kurimenya ufatiye ku kugene isi imeze, inyubakwa canke ibindi vyahakorewe bitimuka, inzuzi, amabara-bara canke inzira vyoba bica mw'itongo.

b) agacapo kerekana uko itongo rimeze ufatiye kubimenyetso bizwi kandi biri ku makaratasi yemewe na Leta nk'aharangurirwa imirimo ya Leta n'ubuguriro.



## **IKIGABANE CA KANE : IVYEREKEYE AMATEGEKO AGENGA AMATONGO AFISE BENEYO**

### **IGICE CA MBERE. INGINGO NGENDERWAKO**

#### **Ingingo ya 329**

Ububasha bwose umuntu wese canke ishira hamwe ryigenga bafise ku matongo atayari aya Leta buremerwa kandi bukakingirwa n'amabwirizwa iyo :

1° Buboneka mu rwandiko rwemeza bene amatongo biturutse kw'itangwa ry'amatongo ya Leta mw'ihanahanwa kubakiriho canke bivuye k'urupfu canke yamaze kuryegurirwa kubera igihe kihaciye categekanijwe cashitse.

2° Iyo abafise ubwo bubasha bavyemerewe hisunzwe imigenzo y'Igihugu canke urwandiko rubemerera kuhaba bahawe n'uwubijewe canke bwoba butarashirwa mu rwandiko rwemeza bene amatongo.

Ububasha bwemewe muri ubwo buryo bushobora gushirwa mu rwandiko rwemeza bene amatongo hatirengagijwe ububasha bw'abandi bantu kandi habanje guhinyuzwa ko uwubisaba abufise koko naho bugera.

#### **Ingingo ya 330**

Amatongo afatwa ko afise beneyo hakurikijwe imigenzo y'Igihugu n'amatongo atar'ayo mubigaragara akorerwa koko.

#### **Ingingo ya 331**

Amatongo yemewe ko akorerwa, ni ayarimwo imirima canke inyubakwa izarizo zose, ayateguriwe indimo canke ayamaze kwimburwamwo co kimwe n'uburagiho bwiharijwe na benebwo canke abasangiye urwuri.

Imyaba ni iya nyene kuyigazura, si iya nyenitongo rihashokera. Ayandi matongo yose ni aya Leta.

#### **Ingingo ya 332**

Amatongo asibijwe kurimwa afatwa nk'ayakorewe koko.

Amatongo arazwa mugukurakuranya ibihe vyo kurima n'ukuyaruhurira ni yo yonyene afatwa nk'amatongo akorewe koko.

#### **Ingingo ya 333**

Zitwa inzandiko zituma umuntu aba mw'itongo ku buryo bwemewe n'ama-tegeko inzandiko zitanzwe n'uwubijewe ziha uwuzironse ububasha bw'ukwiga-nzira itongo.

Muri uwo murwi ntihazamwo inzandiko zitanga ububasha bugabanijwe n'ibisabwa canke n'ibibuzwa buba ubw'igihe gito, bushobora gutangwa canke bugahanagurwa n'ingingo isanzwe ya Leta.

## **IGICE CA KABIRI. IVYEREKEYE UKWANDIKA UBUBASHA KU MATONGO**

### ***Agace ka mbere : Ingingo ngenderwako***

#### **Ingingo ya 334**

Hatirengagijwe ububasha bufiswe ku matongo nkuko imigenzo y'igihugu ibitegekanya, canke urwandiko rwemeza ko kuba mw'itongo biciye mu mategeko, ububasha ku matongo ntibwemerwa n'amategeko kiretse buri mu rwandiko rwemeza bene amatongo rwatanzwe n'uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo.

Hatirengagijwe ivyo nyene ubu-basha ku bitimuka bifatanye n'isi nta kindi kibwemeza atari urwandiko rwemeza bene amatongo rwatanzwe hishimikijwe urundi rwandiko rwemejwe n'ababifitiye ububasha.

#### **Ingingo ya 335**

Hatirengagijwe kandi ibitegeka-nijwe n'ingingo ya 334 y'iki gitabu, ihanahana ry'amatongo ku bakiriho canke rivuye ku rupfu, ntirishobora kugirwa hadatanzwe urwandiko rwemeza nyene itongo rushikirijwe n'uwo yarironse.

Hatirengagijwe kandi vyo nyene, nta kintu na kimwe kigabanya ububasha kw'itongo kitanditse ku rwandiko rwemeza bene amatongo, kiretse ingabanyabubasha zitegekanijwe n'ama-bwirizwa.

#### **Ingingo ya 336**

Uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza ben'amatongo yandika ububasha ku matongo iyo ico gikorwa gisanzwe gitegekanijwe n'amategeko canke naho atoba ari itegeko, iyo bisabwe n'umuntu ashaka ko ububasha kw'itongo ryiwe bukingirwa n'amategeko.

Ariko ntashobora gushoka yandika iryo tongo mu gitabu atabanje guhinyuza ku ubwo bubasha bushingiye ku mabwirizwa n'aho bugera.

#### **Ingingo ya 337**

Urwandiko rwemeza ben'amatongo rugizwe n'inzandiko zibiri zisa, ruriko igenekerezo, ikimangu n'igikumu c'uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo. Urwandiko rumwe rubikwa mu gitabu c'inzandiko zemeza bene amatongo, urundi ruhabwa nyene itongo ryanditswe.

Urwandiko rwemeza ben'amatongo ruri mwo :

- 1° Ibiranga uwufise ububasha kw'itongo bwanditswe ;
- 2° Aho itongo riherereye, ingene rimeze, uburinganire, igicapo c'ico kitimuka ;
- 3° Imizigo iri ku bitimuka havuyemwo ingabanyabubasha zitegekanijwe n'ama bwirizwa.

Urwandiko ruhawe uwarurondeye ruba rurimwo kandi inomero y'urupapuro rw'igitabu cemeza bene amatongo handitswemwo urwandiko rwemeza bene amatongo.

### **Ingingo ya 338**

Icongweko cose ku rwandiko rwemeza bene amatongo kijanye n'umuzigo uja kw'itongo gitegerezwa kuba kiriko igenekerezo, ikimangu, n'igikumu c'uwujeje kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo.

### **Ingingo ya 339**

Nta kintu na kimwe gishobora guhinyuza ubabasha ku matongo kiretse iyo habaye ubusuma bwagizwe na nyene kurironka canke iyo urwandiko rwagizwe hisunzwe amasezerano arimwo amahinyu ashobora gutuma aba impfagusa canke iyo ingingo ya Sentare yemeza uwushikirijwe itongo yaronswe ku rwenge, ivyo bigatuma itongo risubizwa, bikenewe hakongerwako n'indishi.

Ibituma amasezerano asambuka bitanga uburenganzira bwo gusaba indishi gusa, kiretse iryo tongo rikiri mu minwe y'uwarironse, muri ico gihe rica risubizwa hongeweke indishi bikenewe.

### **Ingingo ya 340**

Ihanahanwa ry'amatongo hisunzwe amasezerano ayatanga ntirishobora kugirwa ayo masezerano atemejwe n'ababifitiye ububasha.

Amasezerano y'ugutanga itongo ashobora kugirirwa imbere y'uwujeje kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo aca yemeza imbere yuko yandikwa. Uwujeje kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo abigira abanje kwaka bikenewe urwandiko rw'ukuritanga kandi yabanje kwihweza ibimuranga n'ububasha bw'abagiraniye amasezerano.

Iyo amasezerano y'ugutanga itongo yagiriwe imbere y'uwundi muntu abifitiye ububasha yemewe n'amategeko, urwandiko rw'ayo masezerano rushikirizwa uwujeje kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo uko ruri canke iyimuriro ryarwo ryemejwe n'ababijeje. Uwujeje kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo aca yihweza ko urwo rwandiko rwakurikije amategeko, bikenewe agasaba ko rwemezwa n'amategeko.

Ihanahanwa ry'amatongo biturutse ku manza zaciwe ntirishobora kuba kiretse iyo zaciwe ubutagisubirwamwo.

### **Ingingo ya 341**

Iyo ari abanyamahanga kiretse abadafise ubwenegihugu ihanahanwa ry'amatongo bivuye ku rupfu ntirishobora kugirwa hadakurikijwe ingingo y'Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu y'aho ikitimuka kiri.

Urwandiko rw'ukubisaba rw'uwaritoranye canke uwarirazwe rutegerezwa gutangazwa mu binyamakuru vyo mu gihugu canke vyo mu mahanga vyagenywe n'iyi ngingo ya Sentare.

Ingingo ya Sentare y'ugushikiriza itongo ishingwa hamaze kwihwezwa ko ingingo n'inzandiko zose zemeza ububasha bw'uwarisavye n'ingingo zose z'ugutohoza abona ko zikenewe gufatwa.

Ingingo ya Sentare yo gushikiriza itongo itegerezwa gufatwa mu mezi ane aharurwa kuva umusi inzandiko zo kubisaba zatangajwe mu binyamakuru.

### **Ingingo ya 342**

Ihanahanwa ry'ibitimuka bitagira benevyo vyandikwa kuri Leta hakurikijwe ingingo y'Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu y'aho biri.

### **Ingingo ya 343**

Ibisabwa imbere yuko ukundi gahanahana amatongo kuba nk'igihe afashwe n'ababifitiye ububasha, Sentare yemeje ko umudandaza yahomvye, igihe nyene itongo aryatswe na Leta ku neza ya bose, bishingwa n'amategeko avyerekeye.

### **Ingingo ya 344**

Kiretse iyo ukwandikisha itongo ku wundi muntu gutegetswe na Sentare n'iyi bitegekanijwe n'amabwirizwa, nta hanahana ry'amatongo rishobora kuba uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza benevyo adashikirijwe urwandiko rwemeza nyene itongo rusubirizwa. Mw'ihanahana ryose ry'amatongo, urwandiko rwahora rwemeza nyene itongo ruri mu gitabu harimwo mwene izo nzandiko rurashi-rwako ikidodo c'uko ruhanaguwe n'urwandiko rwongerwako rwerekana, mu buryo bwemewe n'amategeko, imvo zatumye ruhanagurwa, igenekerezo n'inomero y'urwandiko rushasha rwemeza nyene itongo.

### **Ingingo ya 345**

Uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo arishira kw'izina ry'uwundi muntu mu kuryandika mu gitabu cabigenewe no mu guha nyeneryo mushasha urwandiko rwemeza nyene itongo rwisunze ivyategekanijwe n'amabwirizwa. Bikenewe arongerera imizigo mishasha itegekanijwe mu masezerano y'uguhanahana

itongo ku vyari mu rwandiko rwahora rwemeza nyene itongo yaritanze vyerekeye imizigo yari kuriryo.

Urwandiko rushasha rwemeza nyene itongo rurerekana urupapuro rwo mu gitabu c'amatongo ruriko urwandiko rwemeza uwahorana iryo tongo.

### **Ingingo ya 346**

Igihe uguhanahana itongo kugizwe hakurikijwe amasezerano y'ukunyuranya, kugabura canke ayandi masezerano atuma haba magiriranire hagati ya bene amatongo, uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo arashira mu gitabu cabigenewe inzandiko nshasha zemeza bene amatongo bashasha, igitigiri cazo kikangana n'igitigiri cabo, akazibashikiriza.

Igihe hatanzwe igice c'itongo, uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo arasubiriza urwandiko rwemeza nyene itongo ritanzwe inzandiko nshasha, igitigiri cazo kikangana n'ic'ibihimba bishasha vyavuye muri iryo tongo.

Iyo itongo ryanditswe ku bantu bashasha benshi kandi ritagabuwe, uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo ategura kandi agatanga urwandiko rumwe rudende rwemeza bene ryo. Abasangiye iryo tongo bategerezwa kwumvikana kuri umwe muribo ahabwa urwandiko rusangi rwemeza beneryo nawe agategerezwa kurushikiriza abo barisangiye igihe cose barusavye. Igihe ugutora uwo muntu kugoranye, uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo niwe abiringaniza.

### **Ingingo ya 347**

Ariko, igihe amatongo rusangi ari imperekeza kandi zikoreshwa na bose ziri ku matongo atandukanye canke ku bice vy'ikitimuka biganzwa n'abantu bari kubiri, ayo matongo rusangi aramenye-shwa mu nzandiko zemeza bene amatongo.

Izo nzandiko zemeza bene amatongo zirerekana kandi ahari impome ziyatandukanya n'inzitiro kw'itongo rimwe rimwe ryose bigatomorwa ko bihari kubera ko ari rusangi canke ko ari umuzigo.

Bikenewe, uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza amatongo arandika ibitegekanijwe ku karongo ka kabiri k'iyi ngingo abonye icegeranyo cagizwe n'umuhinga muvyo gupima amatongo yemewe n'Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo ivy'inzandiko zemeza bene amatongo, ico cegeranyo kikaba giteweko igikumu nabo vyerekeye bose.

### **Ingingo ya 348**

Uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo arasigarana kandi arandika ku musu ku musu mu gitabu cabigenewe inzandiko yashikirijwe kugira ngo yimurire itongo k'uwundi muntu.

### **Ingingo ya 349**

Bisabwe mu rwandiko rushikirijwe uwujejwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo, uwufise ububasha bwo kuba nyene itongo, uwuheraniwe afise ingwati ku rwandiko rwemeza nyene itongo, uwuheraniwe afise urwandiko rumurekurira kwishuza ku nguvu za Leta, uwahorana itongo afise ububasha bwo kurisubizwa biturutse ku mvo ituma amasezerano y'uguhanahana itongo asamburwa canke aba impfagusa, uwujejwe guhagarikira igurishwa ry'amatongo y'umudandaza vyemejwe na Sentare ko yahomvye, abo bose barashobora guhagarikisha iyandikwa ry'itongo canke ikoreshwa ryaryo iyo risanzwe ryanditswe mu nzandiko zemeza bene amatongo.

Uwubisaba ategerezwa kwerekana ikimuha ububasha bw'ukuvyanka.

Uwujejwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo arongera ku rwandiko rwemeza nyene itongo ko hari abavyanse.

### **Ingingo ya 350**

Kuva igihe vyongeweko ko hari abafatiriye, iyandikwa ry'itongo rirabangira canke bikabuza ko nyene itongo aritanga mu kiringo c'amezi atandatu. Birashobora gusubira kwandikwa mu kiringo kingana n'icambere hakurikijwe ingingo y'Umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu iyo hari igituma gihambaye.

Nta na kimwe gituma itongo rihanahanwa ikiringo gitegekanijwe n'amategeko canke na Sentare kitarahera, kiretse iyo uwari yanse ko ryandikwa canke ko ritangwa arekuye canke birekuwe n'urubanza rutagisubirwamwo.

### **Ingingo ya 351**

Iyo uwari yanse ko itongo ryandikwa canke ko ritangwa arekuye, urwandiko rwabihagarika ruca rushirwako ikidodo kibihanagura n'urwandiko ruriko igenekerezo rwagiriweko, ruteweke ikimangu n'igikumu, rwerekana igituma vyahanaguwe.

Uwujejwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo arasigarana urwandiko canke urubanza rurekura ko itongo ryandikwa canke ritangwa, akavyandika mu gitabu ashiramwo ivyandikwa ku musu ku musu.

### **Ingingo ya 352**

Igihe uburinganire canke igicapo c'itongo ryanditswe bimenyekanye ko atari ivy'ukuri, canke hari ikibuze muri vyo kandi ikosorwa ryavyo rikaba ataco rihindura mu bubasha ku matongo y'ababanyi yanditswe, nyene itongo arashobora gusaba ko urwandiko rushasha ruryemeza rugirwa rugasubirira urwahahora.

Urwandiko rwahahora ruca ruhanagurwa mu gitabu c'inzandiko zemeza bene amatongo.

Urwandiko rushasha rwemeza bene amatongo ntaho rutandukaniye n'urwahahora atari ku vyerekeye ivyabonetse vyarimwo bitari ivy'ukuri canke ibitarimwo kandi vyategerezwa kubamwo.

Urwo rwandiko rwemeza nyene itongo rurandikwa mu gitabu cabigenewe, rugashikirizwa nyene itongo, rukerekana kandi urupapuro rw'igitabu c'amatongo rwariko urwandiko rwerekana uwahorana iryo tongo, hakandikwa kandi n'igituma rutanzwe.

Uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo arasigarana urwandiko rwahora rwerekana nyene itongo n'icegeranyo kivyerekeye akavyandika mu gitabu c'ivyo yandika ku musu ku musu.

### **Ingingo ya 353**

Iyo urwandiko rwemeza nyene itongo rutakaye canke ruzimanganye, nyene ryo arashobora gusaba urundi rushasha agategerezwa ariko gutanga ivyemezo vy'ukwo gutakara canke kuzimangana yashingiye ko. Uwubisaba ategerezwa kuvyandika kandi muri iryo kete akiyemeza ko ariwe azobazwa inkurikizi zose mbi zoshikira abandi ziturutse kw'itangwa yarwo.

Uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo arihweza ivyashikirijwe asanze bitagaragara ko uwabisavye ari we nyene itongo aca amutegeka kuzana urwandiko rumudondora.

Urwandiko rushasha rwemeza nyene itongo rutegerezwa gusa ido n'ido n'urwo yahorana nk'uko rwari mu gitabu c'inzandiko zemeza bene amatongo. Rurandikwa muri ico gitabu rugaca rushikirizwa nyene itongo vyongewe ku rupapuro rumwe n'urwandiko rwemeza nyene itongo rwari rwatanzwe hakanandikwa igituma rutanzwe n'ivyo nyene itongo yiyemeje.

Urwandiko rwa mbere rwemeza bene amatongo ruca ruhanagurwa mu gitabu cabigenewe.

### **Ingingo ya 354**

Ingingo zishingwa n'uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo zirashobora kwitwarirwa muri Sentare ibifitiye ububasha y'aho ico kitimuka kiri. Ivyo bigirwa bicishijwe mu mutahe urungikirwa uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo mu buryo butegekanijwe mw'iburanwa ry'imanza z'amatati.

### **Ingingo ya 355**

Umushikiranganji muvuyo ajejwe harimwo ivyerekeye kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo arategekanya mu ngingo ashingira igiciro c'amafaranga y'ukwandikisha n'uguhanahana ububasha ku matongo.

**Agace ka kabiri : Ivyerekeye kwandika ububasha bwo kuganza itongo bivuye ku migenzo y'igihugu canke ku rwandiko rwemeza ukuribamwo**

**Ingingo ya 356**

Ububasha bwo kuganza itongo bivuye ku migenzo y'igihugu canke ku rwandiko rwemeza ukuribamwo burashobora kwemezwa mu rwandiko rwemeza nyene itongo rutangwa n'uwu-jejwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo habanje guhinyuzwa ko ubwo bubasha buriho vy'ukuri n'uko bungana.

Uwo ariwe wese yipfuzwa kuronka bene urwo rwandiko arungikira uwujejwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo urwandiko rubisaba abicishije k'uwurongoye Komine.

Iyo itongo rifise imbibe zica mu turere tw'amatongo twinshi, uwurisaba yandikira uwujejwe kwandika n'ugushi-ngura inzandiko zemeza benamatongo yitoreye muri abo.

**Ingingo ya 357**

Ikete risaba kwandika ububasha kw'itongo riradondora neza nyene kubisaba rikanamenyeshya mu ncamake aho iryo tongo rihereye. Rirerekana kandi ryishimikije ivyemezo, ububasha bufiswe kuri iryo tongo ubwo aribwo n'aho bugarukira n'uko bwoba buganzwa bivuye ku migenzo y'igihugu canke ku ruhusha rwemejwe n'amategeko rwatanzwe n'uwubijejwe.

**Ingingo ya 358**

Ikete risaba kwandika ububasha ku matongo ritegerezwa kandi guherekezwa n'inzandiko zikurikira :

- a) Urwandiko rudondora nyene kubisaba ;
- b) Icegeranyo co gupima no gushinga uburimbi cagizwe hakurikijwe amategeko akurikizwa muri ico gihe n'umuhinga mu vyo gupima amatongo yemejwe n'umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo ivyerekeye kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo ;
- c) Urwandiko rudondora mu ncamake iryo tongo rukerekana nk'uburinganire bwaryo, aho rihereye bifatiye ku hantu hakuru hakuru hazwi nk'amabarabara, inzuzi, aharangurirwa imirimo ya Leta canke urudandazwa, amatongo bihereranye yanditswe, amazina y'abayabamwo, ay'amatongo bihana imbibe canke vyegeranye hamwe, bikenewe, n'inomero kw'ikarata y'amatongo ;
- d) Urwandiko urwarirwo rwose rwemeza canke rushigikira ivyasabwe nk'urwandiko rwemeza ko umuntu yaronse itongo canke afise uruhusha rwo kuribamwo rwatanzwe n'uwubijejwe.

Ku vy'agateganyo kandi ku matongo atari mu bisagara, icegeranyo c'ugupima no gushinga uburimbi gishobora gusubirizwa n'igicapo kigizwe na nyene gusaba kwandika



itongo kandi cemejwe n'uwurongoye Komine ariko ivyo ntibibe icemezo c'uko ivyo asaba ari vyo.

### **Ingingo ya 359**

Ikete ryo gusaba kwandika itongo n'inzandiko ziriherekeje bitangwa mu nzandiko zibiri zisa. Urwa mbere rukabikwa mu bushinguro bw'inzandiko zemeza bene amatongo, urwa kabiri rukarungikirwa uwurongoye Komine.

Urwandiko urwo arirwo rwose rujanye n'ugusaba kwandika itongo rushikirijwe canke rurungitswe mu nyuma na rwo yene rugirwa mu nzandiko zibiri zisa.

Uwasavye kwandikisha ububasha afise kw'itongo ategerezwa kandi gutanga inzandiko zitatu zisa z'iyimuriro yemejwe ziyongera ku rwandiko rwiwe rwo gusaba kwandika itongo hamwe n'icegeranyo co gupima no gushingura uburimbi zibiri muri zo zikaba zigenewe kumanikwa aho bigenewe, urwa gatatu narwo rukerekana ko yabironse.

### **Ingingo ya 360**

Ivyo vyose bikwiye, uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo arandika ukwo gusaba mu gitabu kivyerekeye agashiramwo n'inomero ku rutonde rihawe, igenekerezo abironkeye ko, ibiranga uwubisavye, aho arondererwa n'incamake yaho itongo risabwe kwandikwa rihereye.

Arategekanya kandi ko ugusaba kwandika itongo kwose imirwi ibiri y'inzandiko zikwerekeye, umurwi wa kabiri ukaba ari iyimuriro y'uwa mbere yose igashingurwa mwo ikete risaba kwandika itongo inzandiko ziriherekeza n'urwandiko urwo ari rwo rwose bijanye rurungitswe canke rushikirijwe mu nyuma.

### **Ingingo ya 361**

Inzandiko zakiriwe n'uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza benamatongo canke n'uwuro-ngoye Komine zirashirwako inomero z'ingene zikwirikirana, zikaja ku rutonde zigaca zishingurwa muri ya mirwi ibiri y'inzandiko zerekeye gusaba kwandika itongo ukwo zigenda zirashikirizwa.

Iyo uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza benama-tongo canke uwurongoye Komine bategerezwa kurungika ahandi uwo umurwi w'inzandiko z'ivyasabwe, babanza kuraba ko inzandiko zirimwo zikwiye, bakavyemeza, bakabishira ko igenekerezo, bakabitera ko igikumu bagaca babirungika.

### **Ingingo ya 362**

Ivyo vyose amaze kubigira, uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo :

a) Arashikiriza canke akarungikira uwasavye iyandikwa ry'itongo urwandiko rumwe rw'ivyasabwe hamwe n'icegera-nyo co gupima no gushinga uburimbi vyemejwe n'uwubijewe agaca ashirako igenekerezo ry'aho yabironkeye.

b) Aratangaza mu kumanika urundi rwandiko aho imirimo yo kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo irangurirwa.

c) Ararungikira uwurongoye Komine iryo tongo ririmwo urwandiko rwa nyuma muri izo hamwe n'iyimuriro ry'umurwi w'inzandiko zerekeye ivyasabwe.

### **Ingingo ya 363**

Akironka izo nzandiko zivugwa mu ngingo ya 362 uwurongoye Komine :

a) Arandika mu gitabu cabigenewe uko gusaba kwandikisha itongo akurikije uko bisanzwe bitegekanijwe ;

b) Aratangaza mu kumanika aho bigenewe iyimuriro ry'ikete ryo gusaba itongo hamwe n'icegeranyo co gupima no gushinga uburimbi ;

c) Aremeza ko yaronse umurwi w'inzandiko zose zo gusaba itongo yarungikiwe n'uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo, akerekana inomeru iryo kete ryo gusaba itongo ryanditsweko mu gitabu ca Komine cabigenewe n'igenekerezo ry'umusi wa mbere ryatanguriyeko kumanikwa.

### **Ingingo ya 364**

Kugira ngo uwubikeneye wese ashobore kumenya ko hari uwasavye kwandikisha itongo, bikenewe ashobore kuvyankisha, urwo rwandiko rwo kwandikisha rumara ukwezi rumanitswe aho uwujewe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo akorera no kuri Komine ku buryo bose barubona bitagoye kandi rugakingirwa ivyo vyose bishobora kurwonona.

Uburenganzira bwo kwanka gusaba kwandikisha itongo n'ikiringo bigiri-rwamwo biramenyeshwa abantu bose mu kuvyandika kw'ikete ryo gusaba kwandikisha rimanitswe.

Umusi wa mbere bimanikiweko urandikwa mu gitabu cabigenewe ku gipfukisho c'umurwi w'inzandiko yaru-ngikiwe no ku rwandiko rumanitswe.

### **Ingingo ya 365**

Ikiringo co kwankisha ko itongo ryandikwa kimara ukwezi kuva kw'igenekerezo ry'umusi wa mbere ikete ryo kubisaba rimanitswe.

Mur'ico kiringo cose, uwubikeneye wese arashobora gusaba kwihweza umurwi w'inzandiko zo gusaba kwandikisha itongo aho uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo akorera canke kuri komine.

Ibiranga uwasavye kuvyihweza n'igenekerezo yabigiriyeko birandikwa ku gipfukisho c'uwu murwi.

Imbere y'uko uwasavye kwihweza umurwi w'inzandiko abigira habanza kurabwa ko inzandiko zirimwo zihuye n'iziri ku rutonde rwagizwe bigasubira kugirwa ahejeje ivyo vyose bigakuriki-ranwa n'uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo canke ahandi naho uwurongoye Komine.

### **Ingingo ya 366**

Ikete ryo kwankisha rirashobora kubeshuza vyose canke bimwe bimwe mu bisabwa n'uwandikisha itongo haba mu vyerekeye ububasha arifiseko haba ivyerekeye uburinganire bwaryo canke rigasaba ko ububasha bumwe bumwe uwankisha afise kuri iryo tongo bwubahirizwa mu kubushira mu rwandiko rwemeza bene amatongo

### **Ingingo ya 367**

Ikete ryo kwankisha n'inzandiko zose ziriherekeza bigirwa mu nzandiko zine zisa zirungikirwa canke zishikirizwa uwujewe kwandika no gushingura inza-ndiko zemeza bene amatongo yasabwe kwandika iryo tongo riri mu matati.

Akironka canke agishikirizwa izo nzandiko uwujewe kwandika n'ugushi-ngura inzandiko zemeza bene amatongo :

a) Aca yandika uko kwankisha mu gitabu cabigenewe, iruhande y'urwandiko ruriko rurankishwa akerekana igenekerezo arironkeyeko, ibiranga uwubisaba n'aho arondererwa ;

b) Aca aha urutonde urwandiko rwambere kandi akarushingura mu zindi nzandiko bijanye, iyimuriro ry'ugusaba kwankisha n'inzandiko ziruherekeza akabirungikira uwurongoye Komine nawe akamumenyesha ko yabironse ;

c) Araha canke akarungikira uwankisha iyandikishwa iyimuriro ry'ikete ryiwe hariko icemeza ko yaribonye n'igeneke-rezo yarironkeyeko ;

d) Aca arungikira nyene gusaba kwandikisha kuriko kurankishwa iyimuriro rya nyuma ry'urwandiko rwo kwankisha.

### **Ingingo ya 368**

Haheze imisi cumi n'itanu kuva ikiringo co kwankisha kirangiye, uwuro-ngoye Komine arabishikiriza Inama Mpanuzwajambo ya Komine kugira igire ico ivuze kuri uko gusaba kwankisha no kubishobora kuvyankisha iyo bihari.

Arashobora iyo abona ko bikenewe, kwumviriza uwasavye kwandikisha, abankisha n'umuntu wese afise ico abiziko, arashobora kwishikira aho hantu canke agatumayo umwe canke benshi mu bagize Inama Mpanuzwajambo ya Komine.

### **Ingingo ya 369**

Iciyumviro c'Inama Mpanuzwa-jambo ya Komine gishobora gushigikira iryo yandikishwa ryose canke bimwe bimwe, ikabihakana canke ikemeza ko hariho ububasha bufiswe n'abandi butegerezwa kwubahirizwa mu kubushira mu rwandiko rwemeza nyene itongo.

Iciyumviro c'Inama Mpanuzwa-jambo ya Komine kigaragazwa mu cegeranyo c'inama kiriko igenekerezo n'igikumu w'uwurongoye Komine n'umunyamabanga wayo kikagirwa mu nzandiko za mbere n'iyimuriro yazo igizwe mu gitigiri kingana uko abankishije bangana hongeweke zibiri.

### **Ingingo ya 370**

Iciyumviro c'Inama Mpanuzwa-jambo ya Komine kimaze gutangwa ; uwurongoye Komine :

a) Aca akimenyesha uwasavye kwandi-kisha itongo n'abavyankisha iyo bahari, baba muri iyo Komine mu kubaha iyimuriro ry'icegeranyo c'ivyavuye mu nama mpanuzwajambo ya komine nabo bakemeza ko barironse ;

b) Arashingura iyimuriro ry'ico cegeranyo ahashingurwa inzandiko za Komine ;

c) Ararungikira uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo iyimuriro y'umurwi w'inza-ndiko zose akongerako urwandiko rwa mbere rw'icegeranyo nawe akemeza ko yabironse.

### **Ingingo ya 371**

Inama Mpanuzwajambo ya Komine itegerezwa gutanga icyumviro cayo mu mezi abiri akurikira irangira ry'ikiringo co kwankisha iyandikwa ry'itongo. Bitagenze uko, mu minsi mirongo itatu ikurikira, uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo ashobora gufata ko ata kibuzza kiriho akabandanya yihweza ivyo yashikirijwe.

### **Ingingo ya 372**

Igihe ukwihweza ibisabwa n'abandikisha amatongo nkuko bitegekanijwe kuva ku ngingo ya 356 gushika kuya 371 kurangiye, uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo, arashinga ingingo yo kwandika canke guhakana kwandika itongo.

Iyo ngingo itegerezwa gushingwa mu kiringo kitari musu y'iminsi cumi n'itanu kandi kitarenga amezi abiri :

- uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo amaze kuronka icyumviro c'Inama Mpanuzwa-jambo ;
- canke ikiringo kitegekanijwe mu ngingo ya 371 kirangiye atacyumviro Inama Mpanu zwajambo ya Komine catanzwe.

### **Ingingo ya 373**

Ingingo yo kwandika itongo irashobora kuba yemeza ivyasabwe vyose canke ikemeza bimwe bimwe muri vyo kandi irashobora kwemeza ko kuri nya tongo hariho imizigo ibwirizwa kwandikwa mu rwandiko rwemeza bene amatongo.

### **Ingingo ya 374**

Ingingo yo kwandika itongo canke yo guhakana kuryandika iramenyeshwa uwurongoye Komine, nyene gusaba kwandikisha itongo hamwe n'abankishije igihe bariho.

Uwusaba kwandikisha itongo n'abavyankisha bafise ikiringo c'amezi 6 kuva babimenyeshejwe kugira ngo bitwarire iyo ngingo muri sentare ibifitiye ububasha.

Igihe ukwankisha kwandikisha itongo kugizwe na Leta, Komine, Ishirahamwe rya Leta canke Ishirahamwe Leta ifisemwo umutahe munini, ico kiringo gica kiba ico amezi 12.

### **Ingingo ya 375**

Umwanditsi w'imanza wa Sentare yashikirijwe urubanza canke imanza zerekeye ingingo yashinzwe n'uwujwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo aca abimume-nyesha.

Uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo aca amurungikira umurwi w'inzandiko zasaba kwandikisha itongo, iyimuriro ry'ingingo yiwe hamwe n'ivyo yiyumvira ku mburano zashikirijwe Sentare mu gihe abifise.

### **Ingingo ya 376**

Sentare irashobora kwemeza ko imburano yashikirijwe n'ababuranyi zishemeye canke zidashemeye canke ko zishemeye mu bice bimwe bimwe, igaca itegeka ko urwandiko rwemeza bene amatongo rwari ruhasanzwe ruhanagurwa hakandikwa urundi rushasha kw'izina ry'uwatsinze. Sentare irashobora kandi kwemeza ko kw'itongo ririko riraburanwa hari abandi barifiseko ububasha kandi igategeka ko bushirwa ku rwandiko rwemeza bene amatongo.

Sentare irashobora kandi iyo nya tongo riburanirwa n'abantu benshi kandi ikaba ifise ivyemezo bikwiye yishimikije, gutegeka ko urwandiko rushasha rwemeza bene amatongo ruhabwa umwe muribo.

### **Ingingo ya 377**

Umwanditsi w'imanza wa Sentare yaciye urubanza ntabanduka aca arume-nyesha uwujwe kwandika n'ugushingura inzandiko zemeza bene amatongo.

### **Ingingo ya 378**

Ingingo yashinzwe n'uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo ititwariwe mu kiringo gitegekanijwe n'amategeko, ica iba ntabanduka kandi ica ikurikizwa.

### **Ingingo ya 379**

Hatirengagijwe ikiringo gishika itongo rigaca ryegukira uwurifise, umuntu wese bifitiye akamaro kaboneka akaba atankishije canke atashinze urubanza akerekana ko atamenye ingene urwandiko rwemeza bene amatongo rwatanzwe, arafise uburenganzira bwo kwitwara iyo rwatanzwe mu busuma.

Ariko abari bankishije ko itongo ryandikwa, rigitangura gusabwa barasho-bora guseruka mu ntahe kugira basabe ko ububasha bwabo bwemejwe mu rwandiko rwemeza bene amatongo bwubahirizwa.

Sentare yakiriye urubanza, iruca yisunze ibitegekanijwe muri aka gace.

## **IGICE CA GATATU : IVYEREKEYE UKUGABANYA N'UKWAKA UBUBASHA KU MATONGO**

### **Agace ka mbere : Ivyerekeye ukwifatira n'ukunyaga amatogo atakorewe**

### **Ingingo ya 380**

Uwarirwe wese afise ububasha kw'itongo ategerezwa kurikoreramwo ibifise akamaro uko rimeze n'ico bijanye ryagenewe.

Ugukorera itongo ibifise akamaro birangwa n'ukurikoresha mu kwamizako.

### **Ingingo ya 381**

Ugukorera itongo mu kwamizako biboneka hisunzwe imigenzo yo muri ako karere n'ingene itongo rimwe rimwe rimeze.

Ntirishobora gufatwa ko rikorewe :

a) Itongo ryose ritari mu bisagara ryagenewe indimo ritariko ibiterwa canke imirima n'imiburiburi ku gice c'uburinga-nire bwaryo.

b) Itongo ryose ritari mu bisagara ryagenewe uburagiro ritaragirwamwo koko kandi ku gihe n'ibitungwa biharisha canke hadatewemwo ubwatsi bw'ibitu-ngwa n'imiburiburi ku gice c'uburinganire bwaryo.

c) Gushinga uburimbi kw'itongo, kuhubaka uruhome canke kurizitira, ivyo vyonyene ntivyerekana ko itongo rikoreye bikwiye nk'uko ingingo ya 380 y'iki gitabu ibitegekanya.

### **Ingingo ya 382**

Ukudakorera itongo ritari mu bisagara mu kiringo c'imyaka 5 ikurikirana ata mpamvu ishemeye izwi, biraha uburenganzira uwurongoye intara, abanje guhanuza Inama Mpanuzwajambo ya Komine ibifitiye ububasha, bwo gutegeka ko iryo tongo Leta irifashe mu kiringo c'umwaka gishobora kwongere-rwako uwundi mwaka kandi rigahabwa uwundi muntu yiyemeje guca arikorera.

Uwurongoye Komine arashobora igihe ico arico cose, gufata umwonga wa kanaka, iyo nyenewo atakurikije amategeko yisungwa mu gukora mu myonga yashinzwe n'umushikiranganji mu mabanga ajejwe harimwo uburimyi, canke atari uko, n'uwurongoye intara.

Itongo rifatwa igice c'itongo kitakorewe. Nico conyene gishobora gufatwa kandi nyene itongo amaze n'imiburiburi ikiringo c'amezi atandatu agabishijwe

### **Ingingo ya 383**

Nyene itongo ryafashwe arashobora gusaba kurisubizwa.

Uko kurisubizwa kwemerwa iyo nyene kubisaba yiyemeje abicishije mu rwandiko ko iryo tongo azoba yarikoreye mu kiringo c'umwaka, canke iyo naho yarikoreye ko azokwamizako. Ingingo yo gusubiza itongo ishingwa mu buryo bumwe n'ubwo kurifata kandi bigirwa n'uwari yarifashe.

### **Ingingo ya 384**

Itongo ryose riri mu mirwi ikurikira rirashobora kunyagwa ku neza ya bose, kireste iyo hari imvo ishemeye yemewe :

1° Amatongo atari mu bisagara atakorewe mu kiringo c'imyaka icumi ikurikirana.

2° Amatongo atari mu bisagara yafashwe akaba mu myaka itanu ikurikira ingingo yo kuyafata atigeze asabwa ngo asubizwe.

3° Amatongo atari mu bisagara yafashwe hanyuma agasubizwa beneyo, ntabe yarakoreshejwe nk'uko ingingo ya 383 y'iki gitabu ibitegekanya.

4° Amatongo yo mu bisagara atakorewe mu kiringo c'imyaka itanu ikurikirana.

### **Ingingo ya 385**

Ukunyaga itongo gushingwa n'umu-shikiranganji w'uburimyi n'ubworozi canke umushikirangaji mu vyo ajejwe harimwo iterambere ry'ibisagara, bivuye ko itongo ritari

mu gisagara canke riri mu gisagara bisunze ivyashikirijwe n'Inama Mpanuzwajambo ya Komine, n'iciyumviro c'uwurongoye intara. Igice c'itongo kitakorewe nico conyene kinyagwa.

### **Ingingo ya 386**

Ingingo yo kunyaga ntifatwa hatabanje kuba igabisha ryamenyeshwe nyene itongo n'imiburiburi imbere y'amezi atandatu.

Iyo nyene itongo adashobora kuboneka, iryo gabisha rimenyeshwa uwuri mw'itongo, atawuri ho, rikama-nikwa aho Komine irangurira imirimo yayo mu kiringo c'amezi atandatu gitegekanijwe mu karongo ka mbere k'iyi ngingo.

Igabisha rirerekana ivyo iyo ngingo yimirije gufatwa ishimikiyeko n'igeneke-rezo yibonekeje ko itongo ritagitorerwa.

### **Ingingo ya 387**

Kuva akironka urwandiko rumuga-bisha, uwo vyerekeye arashobora :

- a) kwemera ingingo yo kunyaga igiye gufatwa ;
- b) canke gusaba gusubira ubwo nyene kubandanya gukorera itongo.

Ariko ubwo burenganzira ntibushobora kwemerwa iyo itongo ryari ryarigeze gufatwa.

### **Ingingo ya 388**

Ugusaba uko ariko kwose gusubi-zwa itongo ryafashwe, canke ivyo uwagabishijwe ziyemeje biturutse k'ukugabishwa imbere y'ukunyagwa, bitegerezwa gucishwa mu rwandiko kandi hakerekanwa ingene itongo rizokorerwa n'uburyo uwo vyerekeye afise kugira asubire ubwo nyene kubandanya gukorera itongo.

Urwandiko rwo gusaba, rutegerezwa gushikirizwa uwafashe itongo canke uwagabishije, imbere y'uko ikiringo c'umwaka gitegekanijwe mu ngingo ya 383 y'iki gitabu kirangira mu gihe ari ugufata itongo kwabaye ; mu mezi atatu akurikira ukugabisha iyo ari ukunyaga.

### **Ingingo ya 389**

Leta irihweza ivyasabwe canke iviyemejwe yisunze ingene akarere kameze n'ingene itongo rimwe rimwe rimeze, kandi ikavyemera iyo ibonye ko bishemeye atari uko naho ikabihakana.

Iyo ibihakanye, ingingo iratomora imvo zatumye ifatwa, kandi irerekana iviyumviro vyashikirijwe kandi ikamenyeshya uwo vyega ko ashobora kuyitwarira muri Sentare ibifitiye ububasha mu kiringo c'amezi atandatu.



### **Ingingo ya 390**

Ugufata canke ukunyaga itongo ntibitangirwa umuzibukiro.

### **Ingingo ya 391**

Ububasha mw'itongo ryafashwe canke kuvyo igabisha ryerekeye imbere y'uko rinyagwa, ntibishobora kwandikwa n'uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo mu kiringo cose co kwihweza ugufata canke ukunyaga itongo.

### **Agace ka kabiri : Iyerekeye imigambi yo kuringaniza amatongo**

### **Ingingo ya 392**

Kugirango amatongo yose ari mu gihugu akoreshwe neza kandi hakurikiranwe ibikorwa vy'iterambere bifatiye k'ubutunzi kamere, abakuru babijewe bavugwa muri aka gace barashobora gutegura umugambi werekeye igihugu cose, imigambi yerekeye intara, imigambi yerekeye uturere n'imigambi yiharijwe n'amatongo amwe amwe kandi bagashinga amategeko yerekeye ishirwa mu ngiro ry'iyi migambi.

### **Ingingo ya 393**

Imigambi yo kuringaniza amatongo y'igihugu ishobora gutegekanya :

1° ko amatongo agenerwa imigambi yiharije ;

2° uburyo bukwiye bwiharijwe bwo kuyakorera n'ubwo kuyakoresha ;

3° ko hashingwa ingingo zose zotuma amatongo akoreshwa.

### **Ingingo ya 394**

Ingingo zerekeye imigambi yo kuringaniza amatongo y'igihugu, zitegerezwa gukurikizwa n'uwariwe wese canke ishirahamwe, ryaba iryigenga canke iryo Leta ifisemwo umutahe munini, ni nk'uko na Leta itegerezwa kuzubaha cane cane mu gihe co gutanga canke gutiza amatongo yiganzira.

Ibibujijwe ku bubasha bwo guko-resha amatongo ntibituma hatangwa umu-zibukiro n'umwe, kiretse iyo uwo vyerekeye yagize agahombo kanini kadasanzwe katajanye n'ivyemewe ko abantu bose bangana mu kigoro bategerezwa kugira ku neza y'igihugu.

### **Ingingo ya 395**

Umugambi wo kuringaniza ama-tongo y'igihugu ugizwe n'ibikurikira :

1° Igicapo cerekana biciye mu mirongo ibikenewe vyose cane cane ahagenewe uturere dutandukanye tw'imirimo n'ibi tegekanijwe kuhubakwa ;

2° urwandiko rusigura mu gutomora canke mu kunganira ivyerekanwa muri ico gicapo ;

3° amategeko ashira mu ngiro uwo mugambi.

### **Ingingo ya 396**

Imigambi yo kuringaniza amatongo y'igihugu igirwa habanje kuba itohozwa ryerekeye imibano kandi hatanzwe ivyiyumviro vy'abarongoye intara n'amakomine vyerekeye.

### **Ingingo ya 397**

Kugira ntihabe intambanyi mu gushira mu ngiro rizokwirikira umugambi ngenderwako canke umugambi w'intara canke w'akarere wo kuri-nganiza amatongo uriko urategurwa, iyandikisha ry'ububasha canke ihanahana ryabwo ku mato-ngo ari mu gice uwo mugambi uzorangurirwamwo ishobora kubangira canke bikisunga ingingo zimwe zimwe mu kiringo gishinzwe co kuwutegura. Kugira horoshwe ishira mu ngiro ry'umugambi wo kuringaniza amatongo wemejwe, izo ngingo nyene zishobora gufatwa mu gihe gishinzwe co kuwurangura.

Izo ngingo zishingwa n'uwujwe kwemeza umugambi wo kuringaniza amatongo zerekeye.

### **Ingingo ya 398**

Ingingo y'uwujwe kwemera umugambi wo kuringaniza amatongo mu vyo utomora harimwo : igihe ingingo ategetse zizomara, imbibe z'uturere yerekeye, hamwe n'uburyo bushobora kwemerera abantu iyandikishwa ry'ububasha ku matongo canke guhanahana ububasha kuriyo.

### **Ingingo ya 399**

Amategeko yo gushira mu ngiro umu-gambi wo kuringaniza amatongo y'igihugu urashobora, hatirengagijwe uruhusha rugaragara kandi rwanditse rutanzwe n'uwubijwe, gutegekanya ko ata numwe ashobora :

1° Guheraheza ibikorwa vyo kwubaka biriko birarangurwa muri ico gihe, gusubira kwubaka, gusanura, guhindura ivyubatswe, kireste ibikorwa vyo gukingira no kubungabunga.

2° guhindura biboneka ingene isi imeze.

3° gutema ishamba, guca ibiti bihagaze birebire bigize ishamba ry'ibiti, ibiti vyo kw'ibarabara, ibiti vyo gushariza kiretse iyo bikenewe vyihuta canke hageze ko bicibwa nkuko bisanzwe hatirengagijwe ibitegetswe n'igitabu c'amategeko agenga amashamba.

4° gutegura mw'itongo ryose canke mu gice caryo ibanza vyo kwubakamwo.

5° igihe cose uruhusha rwo gutegura ibibanza vyo kwubakamwo rutaratangwa, gutangaza icese ko ibibanza vyabonetse, kugurisha, gutanga canke kuronka ikibanza canke ibibanza vyo kwubakamwo muri iryo tongo.

### **Ingingo ya 400**

Uwubijewe asabwe uruhusha rwo gute-gura ibibanza vyo kwubakamwo nk'uko bite-gekaniye n'ingingo ya 399, ategerejwe gushinga ingingo mu kiringo c'ukwezi kuva aronse urwandiko rubisaba, atari aho naho, uko gusaba kwitwako guhakanywe.

Uruhusha rwose rutanzwe biciye kubiri n'ibitegetswe n'umugambi w'iri-nganizwa ry'amatongo uba impfagusa.

Uruhusha rutanzwe ruba ataco rukimaze iyo rutakoreshejwe mu kiringo c'umwaka kuva rutanzwe.

Uruhusha ntirubuzwa nyene kururonda ibindi vyose bigirwa bitegetswe n'amategeko akurikizwa.

### **Ingingo ya 401**

Umugambi ngenderwako canke w'Igihugu wo kuringaniza amatongo wemezwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igi-hugu abishikirijwe n'umushi-kiranganji afise imigambi ya Leta mu mabanga ajejwe. Imigambi y'iringanizwa ry'ama-tongo y'intara, y'uturere canke amatongo asanzwe yemezwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu abishikirijwe n'umushikira-nganji w'uburimi n'ubworozi canke umushikiranganji afise iterambere ry'ibisagara mu mabanga ajejwe, bivuye ku murwi amatongo arimwo, amaze kuronka ivyiyumviro vy'abarongoye intara n'amakomine vyerekeye.

### **Ingingo ya 402**

Umugambi ngenderwako w'iringa-nizwa ry'amatongo werekeye igihugu cose, ukaba ufise intumbero yo kugena uturere tugenewe nk'ukwivuna abansi, ahagenewe amahunguro, ibisagara, uburimi, ubworozi, gutera ibiti, amabarabara, gutumatamanako amakuru, gutwara abantu n'ibintu, ibibanza vy'ingenzi, ibibanza vyo gutembereramwo hamwe n'ivyibutso vyubatswe.

Amategeko yo gushira mu ngiro umugambi ngenderwako wo kuringaniza amatongo asubirira ayandi yose ateye kubiri n'ayo yerekeye imigambi yo kuringaniza amatongo y'intara, y'akarere hamwe n'amatongo asanzwe.

### **Ingingo ya 403**

Umugambi wo kuringaniza ama-tongo mu ntara werekeye intara irangwa na kamere kayo canke ubutunzi bwayo ; imbibe z'akarere urangurirwamwo ntizitegerezwa guhura n'iz'intwaro.

Mu mugambi wo kuringaniza amatongo mu ntara hajamwo nk'ibi :

- a) ikiza imbere mu vyategekanijwe kurangurirwa mu bice bikuru bikuru vy'intara ;
- b) ibirere bigereranijwe kuranguriramwo ibikorwa bikuru bikuru ku neza y'intara nk'ibi : ibibuga vy'indege, ibivuko, amashamba akingiwe, amashule, amavu-riro, amabarabara canke gutumatumanako amakuru ;
- c) hategekanijwe kuzocishwa amaba-rabara makuru makuru n'ay'intara.

Umugambi wo kuringaniza amatongo mu ntara urashobora gushirwamwo ibisanzwe bigenewe kwerekanwa mu mugambi wo kuringaniza amatongo mu turere tumwe tumwe bibanje gutangazwa mu rwandiko.

#### **Ingingo ya 404**

Umugambi wo kuringaniza ama-tongo mu karere werekeye nk'agace k'akarere katunganijwe mu mugambi w'intara w'amatongo atari mu gisagara canke akarere k'amatongo yo mu gisagara ashobora kuba yongerejweko ayari mu karere kayakikije ategekanijwe gushirwa muyo mu gisagara.

Umugambi wo kuringaniza amatongo asanzwe werekeye agace k'umugambi w'iringanizwa ry'amatongo mu karere.

Mu mugambi wo kuringaniza amatongo y'akarere canke amatongo asanzwe hajamwo nk'ibi :

- a) aho uturere twategekanirije amazu yo kubamwo, amahinguriro, uburimyi canke ikindi cose cohakorera ;
- b) ibirere vyagereranijwe vyagenewe ibikorwa bizwi nk'ibibuga vy'indege, ibibanza vyo gutemberamwo, ibiyaya vyo kunonora imitsi n'inkino, amashamba yagenewe ibikoko n'ibibanza bigaragara, uturere tutubatswe, amashamba akingiwe, inyubakwa ndangamico, ahagenewe imirimo ya Leta, ivyibutso vyubatswe, amashule, amavuriro, amabarabara canke ugutumatumanako amakuru, uburimyi n'ubworozi ;
- c) imihora ihasanzwe y'amabarabara y'indarayi n'ayo mu mazi, aho izokwimurirwa n'ahazoca imihora mishasha ;
- d) ivyategekanijwe bikuru bikuru canke bimwe bimwe vyerekeye isuku, umutekano n'ivyo gushariza bishirwa ku mazu, ku mabarabara, ku vyubatswe n'ivyatewe ;
- e) mu gihe amatongo asubiye gutegurwamwo ibindi bibanza, imbibe z'ibibanza bishasha bikenewe hakandikwa ko izo mbibe zishobora guhinduka habonetse uruhusha rutomoye kandi rwanditse.

#### **Ingingo ya 405**

Imigambi y'iringanizwa ry'ama-tongo y'akarere n'ayasanzwe irashobora kwerekana ingene urutonde rw'ibigize iyo migambi bizokurikirana mu kurangurwa n'insiguro zerekeye isohorwa ry'abantu mu matongo ku neza ya bose n'ugutege-kanya ko ivyategetswe bimwe bimwe bishobora gutakwirikizwa habanje gutangwa uruhusha rutomoye kandi rwanditswe.

## **Ingingo ya 406**

Ivyategekanijwe mu migambi yo kuringaniza amatongo y'uturere n'ayasa-nzwe bitari mu mirongo iri ku gicapo, bishirwa mu rwandiko rubisigura ruherekeza uyo mugambi kandi bikuri-kizwa co kimwe.

### **Agace ka gatatu : Ivyerekeye gusohora abantu mu matongo ku neza ya bose**

## **Ingingo ya 407**

Ububasha bwo kwiganzira itongo bukoreshwa n'umuntu bivuye ku rwandiko rwemeza bene amatongo, k'uru-husha rwo kuba mw'itongo canke k'umugenzo w'igihugu, Leta irashobora kubumwaka ku neza ya bose, ikabuko-resha yo nyene canke ikabuha umuntu uwariwe wese, canke ishirahamwe ifisemwo umutahe munini canke ishira-hamwe ry'abikorera utwabo habanje gutangwa umuzibukiro bikwiranye. Kiretse ububasha bw'ingwati yatanzwe ku kitimuka, ubundi bubasha ku matongo bwakirwa rimwe n'ikitimuka buriko.

Itongo Leta yatse nyeneryo ku neza ya bose rishobora kuba riri mu matongo ya Komine yagenewe gukoreshwa na bose canke mu matongo yiharijwe na Komine, ishirahamwe rya Leta canke ishirahamwe Leta ifisemwo umutahe munini.

## **Ingingo ya 408**

Harashinzwe mu ntara yose urwego mpanuzwajambo mu vyerekeye gusohora abantu mu matongo yabo ku neza ya bose rurongowe n'umukuru w'intara kandi rurimwo n'abandi bantu bane akena.

## **Ingingo ya 409**

Kireste ishikirizwa ry'umugambi n'uwu bisaba igihe bikenewe, uburyo bwo gusohora umuntu mw'itongo ku neza ya bose, bugizwe kandi n'urwandiko rutangaza vy'imfatakibanza kw'itongo rikenewe ku neza ya bose. Icegeranyo c'itohoza, icyumviro c'urwego mpanuzwajambo mu vyerekeye gusohora abantu mu matongo yabo ku neza ya bose, itegeko ry'Umukuru w'Igihugu, itegeko ry'umushikiranjanji canke ingingo yo gusohora abantu ku neza ya bose.

## **Ingingo ya 410**

Urwandiko rutangaza vy'imfataki-banza kw'itongo rikenewe ku neza ya bose n'isohorwa mw'itongo ku neza ya bose bitegekwa igihe cose :

- N'Umukuru w'intara kw'itongo ritari mu gisagara rifise uburinganire buri musi canke bungana na hegitare 4 ;
- n'umushikiranjanji w'uburimi n'ubworozi kw'itongo rifise uburinganire burenga hegitare 4 kandi butarenza hegitare 50 ;
- n'umushikiranjanji afise iterambere ry'ibisagara mu mabanga ajejwe kw'itongo ryo mu gisagara rifise uburinganire butarenza hegitare 10 ;

- n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ku matongo atari ayo mu gisagara afise uburinganire burenga hegitare 50 n'amatongo yo mu gisagara afise uburinganire burenga hegitare 10.

### **Ingingo ya 411**

Urwandiko rutangaza vy'imfataki-banza kw'itongo rikenewe ku neza ya bose rugirwa atawubisavye canke bisabwe, rurerekana igiteguwe kurikorerwamwo kandi ruratomora ibiriranga naho rigarukira.

### **Ingingo ya 412**

Uwubijewe aramanika aho akorera kandi akarungikira uwurongoye Komine vyerekeye inzandiko zibiri zisa z'iyimuriro ry'itangazo ryiwe kugira abantu bose vyerekeye bashikirize ivyiyumviro vyabo ku vyerekeye ineza ya bose y'uwo mugambi no kuvyerekeye ububasha ku matongo bayafiseko, kamere kabwo n'aho bugarukira kuri ayo matongo yimirije gusohorwamwo abantu.

Uwurongoye Komine arongera akamanika aho akorera mu kiringo c'ukwezi urwo rwandiko rutangaza vy'imfatakibanza ko itongo rikenewe ku neza ya bose kandi akabimenyeshya abantu bariko bararisohorwamwo nabo bakamuha icemeza ko babibonye.

Ivyavuye mw'ito-hozwa birandikwa mu cegeranyo cemejwe n'inama mpanuzwajambo ya Komine kandi bikarungikirwa urwego mpanuzwa-jambo y'intara mu vyerekeye gusohora abantu mu matongo ku neza ya bose.

### **Ingingo ya 413**

Iyo hari abafise ububasha ku matongo yimirije gusohorwamwo beneyo ku neza ya bose, nyene itongo ategerezwa kubibamenyeshya buno nyene kugira bakurikirane ivyabo, atabigize niwe ategerezwa gutanga umuzibukiro boronse.

### **Ingingo ya 414**

Icegeranyo c'ivyatohojwe gitegere-zwa kurungikirwa urwego mpanuzwa-jambo rw'intara mu vyerekeye gusohora abantu ma matongo ku neza ya bose mu kwezi gukurikira isozerwa ry'itohoza.

Ico kiringo kirashobora kwongere-zwa imisi 30 itarenga bishinzwe n'uwubijewe abishikirijwe n'uwurongoye Komine

### **Ingingo ya 415**

Amaze kubona icegeranyo c'ivyato-hojwe, uwubijewe arashobora gutegeka isohorwa mw'itongo ku neza ya bose, muri ico gihe agatomora umuzibukiro uzo-habwa abo biraba uwo ari wo akongera agashinga igihe co kurivamwo.

Ingingo yo gusohora abantu mw'itongo ku neza ya bose iramenyeshwa abo yerekeye, ikamanikwa aho uwurongoye Komine n'aho uwashinze iyo ngingo bakorera kandi igatangazwa mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

### **Ingingo ya 416**

Mu gihe biboneka ko vyihutirwa kandi uko biba kwose umuzibukiro w'ugusohorwa mw'itongo ku neza ya bose ukaba umaze gutangwa, uwubijejwe arashobora, gutegeka y'uko uwasohowe aba arahavuye naho yoba yarashinze urubanza muri Sentare.

### **Ingingo ya 417**

Umuzibukiro ushobora kuba amafaranga canke ukugurizwa kwongera-rwako, bikenewe, amafaranga yo kugerera ahandi hashasha k'wasohowe mw'itongo ku neza ya bose.

Igihe itongo risohowemwo nyeneryo ku neza ya bose kugira rikoreshe na Leta, Komine, ishirahamwe rya Leta canke ishirahamwe Leta ifisemwo umutahe munini, Leta niyo yihweza ingene umuzibukiro womera iravye ineza ya bose n'uburyo ibintu biba bimeze.

Ariko uwasohowe mw'itongo ku neza ya bose arashobora kwaka umuzibukiro mu mafaranga, batumvi-kanye naho akitwara muri Sentare ibifitiye ububasha. Uko umeze kwose, umuzibu-kiro utegerezwa kuringanira n'agahombo uwasohowe yagize.

Umushikiranganji w'uburimi n'ubworozi canke umushikiranganji mu mabanga ajejwe harimwo ivy'iterambere ry'ibisagara arashinga mw'itegeko igiciro gikurikizwa mu vyerekeye imizibukiro ku matongo yasohowemwo abantu ku neza ya bose kugira ngo akoreshe n'amashira-hamwe yegamiye Leta.

### **Ingingo ya 418**

Igihe gusohorwa mw'itongo ku neza ya bose gutegetswe kugira rikoreshe n'umuntu canke ishirahamwe ryigenga, umuzibukiro uca mu mwumvikano w'abo biraba.

Batumvikanye, uwurondera itongo arashobora kwitwara muri Sentare ica imanza zerekeye Leta ibifitiye ububasha kugira yihweze umuzibukiro ukwiye.

Abasohorwa nabo nyene barashobora kwitwara muri Sentare ibifitiye ububasha kugira banke imvo zituma basohorwa, urugero rw'umuzibu-kiro canke ikiringo co kuva mw'itongo.

### **Ingingo ya 419**

Ku musi urubanza ruhamagawe, Sentare irumviriza ababuranyi ikagena yo nyene abahinga batatu iyo ababuranyi batabitoreye. Irashinga kandi ikiringo abo bahinga bategerezwa kuba bashikirije Sentare icegeranyo cabo.

### **Ingingo ya 420**

Abahinga barashobora kwaka umuntu uwariwe wese canke Leta, nk'uwujewe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo, ivyo vyose bakeneye kumenya kugira barangure igikorwa bashinzwe.

### **Ingingo ya 421**

Mu misi umunani ico cegeranyo gitanzwe, Umukuru wa Sentare ararengutsa ababuranyi mu ntahe y'icese hisunzwe amategeko asanzwe agenga ibihe vy'ukurenguka imbere ya Sentare.

### **Ingingo ya 422**

Ku musu wo kuburana, Sentare irumviriza ababuranyi, bikenewe, ikumviriza abahinga. Mu kwezi kumwe kutarenga, Sentare irashinga amafaranga y'umuzi-bukiro n'ayo ivyakoreshejwe, kandi iyo uwusohorwa abisavye iratomora ikiringo co kuva mw'itongo.

Sentare ntishobora gushinga ikiringo co kuva mw'itongo iyo Leta yisunze ibitegekanijwe n'ingingo ya 426 y'iki gitabu mu ngingo yayo yo gusohora umuntu mw'itongo ku neza ya bose. Urubanza ruba rurakurikizwa n'aho umuburanyi yo kwunguruza.

### **Ingingo ya 423**

Ihanahanwa ry'ububasha ku matongo rivuye kw'isohorwa mw'itongo ku neza ya bose ritegerezwa, bikenewe, kugaragazwa mu rwandiko rwemeza bene amatongo rwagizwe n'uwujwe kwandika no gushingura inzandiko zemeza bene amatongo, abanje kubona ingingo ya Sentare ibifitiye ububasha canke urwandiko rwemeza umwumvikano wabo vyega kandi habanje kurihwa umuzibukiro.

### **Ingingo ya 424**

Umuzibukiro ujanye no gusohorwa mw'itongo ku neza ya bose utegerezwa gushimikira ku giciro c'iryo tongo ushingiyeye kw'igenekerezo Sentare ibifitiye ububasha yaciriye ko urubanza. Uwo muzibukiro utegerezwa kurihwa imbere y'iyandikwa ry'iryo hanahanwa kandi mu kiringo kitarenze amezi ane kuva abo vyerekeye bavyumvikanye canke bamenyeshejwe urubanza ntabanduka ruvyekeye.

Ico kiringo kirenze, uwusohorwa arashobora gusaba Leta canke Sentare ibifitiye ububasha guhanagura ingingo yo kumusohora mw'itongo hamwe n'indishi kuvyo yahomvye iyo bikwiye.

### **Ingingo ya 425**

Ingwati ziri ku matongo Leta yafashe zirihwa ku muzibukiro kandi bigakuri-kizwa nk'uko bitegekanijwe n'ingingo ya 184 y'iki gitabu.

### **Ingingo ya 426**

Amatongo afashwe na Leta nta kindi akoreshwa n'uwayahawe atari ivyategekanijwe gusa mu rwandiko rutangaza vy'imfatakibanza ko itongo rikenewe ku neza ya bose no mu ngingo yo gusohora uwaribamwo.



Iyo amatongo yigaruriwe na Leta ku neza ya bose adakoreshejwe ico yagenewe, Leta iramenyesha abayasohowemwo ko bafise uburenganzira bwo kuyasubiramwo igaca ibitangaza mu kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi.

Iryo tangazo riramenyesha aho ayo matongo ari n'amazina y'abahora ari beneyo.

Mu kiringo kitarenze amezi atatu bimenyeshejwe canke bitangajwe, abasohowe mu matongo n'abandi bayafiseko ububasha bakeneye kuyasu-bizwa bategerezwa guca babimenyesha ; atari aho, nta bubasha baba bagifise bwo kuyasaba.

### **Ingingo ya 427**

Iyo Leta itavyemeye, abasohowe mu matongo ku neza ya bose bashobora kuyasubizwa n'ingingo ya Sentare ibifitiye ububasha :

- yisunze urwandiko rwa Leta rwemeza ko ayo matongo atakoreshejwe ku neza ya bose nk'uko vyari bitegekanijwe, n'ico yari yatangije ;
- iyo bigaragara ku uwahawe iryo tongo ku neza ya bose yarikoresheje ibindi bitandukanye n'ivyari vyategekanijwe akirironka ;
- iyo kuva nyeneryo canke waribayemwo ubwa nyuma arivuyemwo hagamuka ikiringo c'umwaka ridakoreshejwe ku neza ya bose.

### **Ingingo ya 428**

Uwasohowe mw'itongo ku neza ya bose arisubijwe arashobora, bimuvuyeko, gusubiza umuzibukiro yari yarahawe, canke itongo bari bamugurije.

### **Ingingo ya 429**

Iyo ihanahanwa rigizwe kw'izina ry'abahorana amatongo canke abayato-ranye, hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 407 gushika mu ngingo ya 430, nta mafaranga yo kwandikisha atangwa.

### **Ingingo ya 430**

Ibigizwe hadakurikijwe ibitegekani-jwe mu ngingo ya 407 gushika mu ngingo ya 429 y'iki gitabu biba impfagusa.

## **IKIGABANE CA GATANU : UGUSOZERA**

### **Ingingo ya 431**

Ukuba mw'itongo iryariryo ryose canke kurikoresha ata burenganzira na bumwe, bibaye ku mpaka, ukurenga kwose ibitegekanijwe bijanye n'imigambi yo kuringaniza amatongo y'igihugu, ni ivyaha bihanishwa ugufungwa kuva ku kwezi kumwe gushika ku mezi atandatu n'ihadabu y'amafaranga igihumbi gushika ku bihumbi icumi, canke igihano kimwe muri ivyo.

Leta canke abandi vyega, bivuye uko bimeze, barashobora kandi gutegeka canke gusaba Sentare ibifitiye ububasha gukura ivyashizweho, ivyubatswe, ivyatewe canke indimo, amafaranga akoreshejwe agatangwa n'warenze amategeko.

### **Ingingo ya 432**

Ingingo zose zahahora kandi ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirahavuye.

### **Ingingo ya 433**

Abashikiranganji mu mabanga bajewe harimwo uburimi, iterambere ry'ibisagara, kwandika no gushingura inzandiko za bene amatongo, imigambi ya Leta n'intwaro yo hagati mu gihugu, umwe wese mu bimwerekeye, bashinzwe gushira mu ngiro iri bwirizwa rikurikizwa kuva umusi ritangazwa n'Umukuru w'Igihugu.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 1 Nyakanga 1986

Yohani Batista BAGAZA, KOLONELI.

KUBW'UMUKURU W'IGIHUGU,

UMUSHIKIRANGANJI W'UBURIMYI N'UBWOROZI,

Matiyasi NTIBARIKURE

UMUSHIKIRANGANJI W'IBIKORWA VYA LETA, AMASOKO NTANGANGUVU N'UBUTARE,  
Isidori NYABOYA

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE,

Visenti NDIKUMASABO

UMUSHIKIRANGANJI WO MU BIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU ASHINZWE IMIGAMBI YA LETA,  
Matiyasi SINAMENYE

UMUSHIKIRANGANJI W'INTWARO YO HAGATI MU GIHUGU,

Karori KAZATSA

Bibonywe kandi bishizweko ikimangu ca Repubulika.

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE AJEJWE GUSHINGURA IKIMANGU,  
Visenti NDIKUMASABO